12

2012





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

# МАХ ДУГ

12

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

## НОМЫРЫ ИС:

**ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ: 75 АЗЫ**

**Фысджытæ Зинæйы тыххæй** 6

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ.* **Фæлæуу хæрз чысыл, хур!..** 12

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Айсет.** Уацау. Кæрон 16

**ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 75 АЗЫ**

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ.* **Поэзийы дзæнгæрæг.** Æмдзæвгæтæ 69

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Усбирæгъ.** Таурæгъ 76

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста.* **Æнусы сæрты акаст.** Уацхъуыд 79

**«МАХ ДУДЖЫ» равдыст** 80

**НЕ ‘ВЗАГ – НÆ ФАРН**

*НАФИ.* Æмдзæвгæтæ 91

*САТЦАТЫ Эльбрус.* **Ирон æвзаджы бынат ирайнаг æвзæгты къорды** 92

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Не ‘взаг нæ фарн у? Æви не знаг у не‘ взаг** 97

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

*ЦÆЛЛАГТЫ Муссæ.* **Адæмы знæгтæ хæлдтой ахуырадон-иртасæг институты куыст.** Уац 103

*МАМИТЫ Гига.* **Коцойты Арсены сфæлдыстады тыххæй.** Скъуыддзаг уацæй 107

**УИДÆГТÆ**

**Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ** 111

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*ÆМБАЛТЫ Цоцко.* **Æлдары чызг, кæнæ дыууæ æрдхорд æлдары. Аргъау** 118

**АРВИСТОН** 128

**«Мах дуг» 2012 азы ныммыхуыр кодта** 138

# ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНӔ: 75 АЗЫ



# ФЫСДЖЫТÆ ЗИНÆЙЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Зинæ дзуры, йæ уд, йæ цардæй куыд фидар баст у Ирыстонмæ, уый тыххæй.

Ацы æнкъарæнтæ тынг аив рауадысты æмдзæвтæ ***«Æз мæ зæрдæйы рæхыстæй»***-йы. Поэтессæ фыссы: *«Æз Ирыстонимæ баст дæн... «мæ зæрдæйы рæхыстæй», «мæ гуырдз, мæ ныхыфыстæй», «мæ уарзоны цæстытæй», «ме стыр цин æмæ ристæй», «уалдзыгон дымгæтæй», «карз хæххон зымæгæй», «нæ сахъ фыдæлты 'ндæргтæй», «дзыццайы урс дзыккутæй», «нæ къонайы фæздæгæй», «цъæх къултæй», «Иры тохдзауты ныззардæй»*.

Æмдзæвгæ ***«Мæ мысинаджы»*** Зинæ йæ зæрдæйы иууыл уаздæр æнкъарæнтæ загъта: *«Мæ фыды уæзæг, афтæ тынг дæ мысыдтæн, дæуæй хъармдæр, дæуæй рухсдæр куы ницы и»*. Æмæ, æцæгдæр, Райгуырæн бæстæ адæймагæн тых æмæ æхсар дæттæг у. Зинæйы дæр ныфс и, йæ Фыдыбæстæ та йын йæ фæллад уд ногæй кæй батавдзæн: *«кæд та мын ног тых бауадзис мæ базырты æмæ та уæд мæ хорз бæллицтæм атындзин»*...

Фæлæ Ирыстонæн ис сыхаг бæстæтæ æмæ рæстаг адæмтæ дæр. Зинæ уыдон дæр уарзы:

*Æз хæлар сыхагæн, растæн,*
*Дарын рухс цырагъ дæндагæй,*
*Дуне адæмтимæ баст дæн*
*Иры бауафгæ зæлдагæй.*

Хуыздæр нæ зæгъдзынæ...

Зинæ цырддзаст æмæ къæрцхъус у. А дунейыл цытæ цæуы, уыдонмæ кæсы, уыны сæ æмæ аразы раст хатдзæгтæ: *«Нырма рæстдзинад туджы аргъ у», «хур тавы 'мхуызон хорзы æмæ 'взæры», «нырма цæрынц, лæгсырд æмæ хæрам»*...

Сæууон æртæх рæсугъд у. Кæрдæгыл тыбар-тыбар фæкæны. Поэттæ йыл бирæ хорз æмдзæвгæтæ ныффыстой. Зинæ йæм бынтон æндæр цæстæй бакаст. Сæууон æртæх æм фæзынд мады

цæссыгау. Хуымæтæджы доны æртах цардæгас раци. Зинæ дзы федта мады цæссыг. Кæд та ныййарæг мад *«ам каст æнхъæлмæ йе ‘дзарды фæзындмæ?»* Поэтессæ сиды дымгæмæ, *«æрдзы минмырон хъæлæстæм»*, куыд фæсабыр уой – *«уадз дун-дуне цæссыджы ‘ртахæй хъуса зæрдæрæмудзæг хъарæджы ныхæстæ!»* Поэтессæ сиды хурмæ, йæ тынтæ куыннæ æркала зæххыл, куыннæ асур кæна æртæх: *«уадз фена дуне сау мады цæссыджы, йæ ныфсыты йын туджы зæй куыд ласта»*...

***Гафез***

* * *

Зинæйы æргом ныхас æмæ ныфсхаст бархъомыс бафæзмын æмбæлы канд Ирыстоны сылгоймæгтæн нæ, фæлæ нæлгоймæгтæн дæр, уымæн æмæ нæ иумæйаг хæрзтыл цин кодта, нæ иумæйаг фыдæхтыл – маст. Афтæ куынæ уа, уæд нæ Иры фарн сабыргай мæрдтæм бахæсдзысты Зинæйы хуызæн æдзард фæдонтæ.

***Айларты Измаил***

## ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆЙЫ МЫСГÆЙÆ

**Ды дæр та нæ, уастæн, сæркъулæй ныууагътай,**
**Дæ фæстаг зæгъинаг фæстаг бон нæ загътай;**
**Цы сусæг маст, сау низ дæу хордтой уæддæр,**
**Уынгæджы сахат нын кæй нæ кодтай хъæр?**

**Æфтыдтай нæ дисыл алдынбид ныхасæй,**
**Мах – райгонд дæ идзылд сæухур цæстæнгасæй.**
**Нæ Иры бæстæйы поэттæй хæрзуд,**
**Нæ кæмтты æрыгон æфсинты рæсугъд!**

**Цы дæ зыдтам, уымæй дæ сæвнæлд – бæрзонддæр,**
**Уынаффæ – тæрхоны – æппæтæй цыргъзонддæр,**
**Нывæрæн фæлгæты нæ уыди дæуæн:**
**Нæй фурдæн дымгæты æмлæгъзбарц уæвæн.**

О, скифты æфсадхон æрдынджын Зæринæ,
Сæрмæттæн сæ арцкъух бæхбазыр Хъуыдинæ,
Ныры амазонкæ, алайнаг ирон,
Дæу мысдзынæн хорзæй – кæды онг цæрон!

Дæ равг нывыл не сбадт: лыгъд амонд дæ разæй,
Хъысмæты цæфтæ дыл æруадысты карзæй,
Рæстдзинадыл тохы æвзæрстай фыдтæ,
Нæ дунейы хæлдæй зæрдæскъуыд фæдæ!

Дæ фæзынд – æнуды куы радыма уадымс,
Ды – хъахъхъæнæг Иры пырх къона, йæ намыс,
Дæ фæдис: «У махæн сæфынæй тæссаг, –
Нæ кæстæртæй ферох Къостайы æвзаг!»

Ныссыгъдтæ, бынысыгъд, дæ мидарт зынджыты,
Дыккагæн нæм де 'мдых нæ уыдзæн рæхджыты.
Сывæллоны схудтау – дæ дзырды æцæг,
Сывæллоны удау – æнаххос, сыгъдæг!

Нæ къаннæг дзыллæйы æвæллай байтаман,
Цæмæн нæ фæлыгъдтæ ды ацы тыхст заман?
Нæ Иры сагъæстæй, нæ Иры мæтæй
Дæ хъæрзын нæм хъуысдзæн, дæ хъарæг мæрдтæй!

Тæрсдзынæ: мыййаг та нæ Хуссар, нæ Цæгат
Фыдгулты ныббырстæй куы фестой хæцæнуат,
Куы ракæна тугзæй нæ зæххыл лæсæн
Æрæджыты змæсты ныггуылфы хуызæн!

Лæууæнт-иу мæрдты дæр дæ уæлхъус нæ хæхтæ,
Зынæнт дæм цъæх арвыл æнкъуысгæ æврæгътæ,
Дæ сыджыты хай дын – фæлмæн æмæ рог,
Дæ сæрмæ – дæ хъусдзæг: изæрон мæйног!

*Цæрукъаты Алыксандр*

## ЗИНÆЙÆН

...

### II

Дæ царды цас уыд сау –
маст, хъизæмар, сар, –
Сау –
ацу æмæ йæ
истæмæй сбар!
Фæлæ мын алкæддæр
уыдтæ урс,
Алкæддæр урс,
алкæддæр рухс.
Урс,
дæ райгуырды боны
митын хъæпæнтау,
Урс,
цъæх арвыл рæуæврæгъты
дидин кæлæнтау.
Урс –
цæсгомæй, цонгæй
дарæсæй, дзабырæй,
Урс –
мæстыйæ, райгондæй,
æнæнцойæ, сабырæй.
Урс –
уыдтæ æмæ дæ.
Æмæ дæм кæд сауæй
исты ма ис,
Урс –
дæу тыххæй
нæ хъынцъым, нæ рис.

### III

Дæ дидингуытæ райхæлдысты,
ракастысты
цъæх, бур, урс, æрвхуыз цæстытæй,

**Фæлæ нæ уынынц дæу,**
**æмæ аивæй фæрсынц кæрæдзи:**
**Кæд та йын исчи смаст кодта? –**
**хъуаг дам нæ уыд мæстытæй, –**
**Кæм дам?..**
**Кæд нæм, мыййаг, хæрам?..**
**Кæм дам уыдзæн? Цы фæци?**
**Æмæ иуафон куы базоной,**
**ам нал дæ,**
**нал вæййыс дæ куысты,**
**Уæд, цыма,**
**астдзысты, атæхдзысты, –**
**нæ сæ уыдзæн хъыгдарæг, –**
**Æмæ дæ ингæныл, дæ риуыл**
**ныддæлгом уыдзысты,**
**æмæ дыл кæндзысты**
**Ирд æмæ æмырæй**
**сæнтсау хъарæг.**

***Дзуццаты Хадзы-Мурат***

# РУХС ЗАРÆГ

Йæ кусæн уаты дуар-иу куы бакодта, уæд-иу ын дæгъæл æддæрдыгæй аззад, никуы йæ рафтыдта: куы – мидæмæ тындзыдта, куы-иу – кæдæмдæр тагъд кæнгæйæ – йæ куыстуатмæ æхсгæ уад бакодта æмæ дзы фæстæмæ фездæхынмæ хъавыд. Куыдфæнды ма уæд, уæддæр-иу мын уыцы рох дæгъæлы уынд мæлæты æхсызгон уыди. Æвæццæгæн, ам ис, бынаты йæ æрбаййæфтон! Абон дæр «Мах дуджы» уыцы дуармæ æнæмæнг уæлдай каст бакæнын, цыма та дæгъæл уым уыдзæн. Цал æмæ йæ цал хатты æрзылдтон хъазгæйæ, цал æмæ цал хатты айхъуыстон æхсызгонæй: «Лизавет, дуар бакæн!»

Йæ зæрдиаг худтæй бавдæлон дуне æмæ дзы цыдæр нал фаг кæны. Цыма уалдзæгыл дæр уый хуызæн ничи бацин кæндзæн æмæ йын йæ рæсугъддзинад дæр уый хуызæн ничи банкъардзæн: *«Ысхызт та зæрдæ зымæджы ныккæндæй, Цъæх уалдзæг та мын райдыдта кæлæн, Йæ сираг бæх цъæхснаг мыр-мыр ныккодта*

*Мæ рудзгуыты бын, къаххойæн кæны. Сæхи та ‘ппарынц йе рагъмæ мæ сæнттæ, Ехх, уалдзæг уды бирæтæ фæнды... Æвæццæгæн мæм рагуалдзæджы фæдтыл Æрцæуыс уымæн алы хатт дæр ды».*

Йæ хорз æмбæлтты хъарм бадт æнæ уый нæ фидыдта. Тыхст адæймагæн феххуыс кæнынмæ та уымæй рæвдздæр ничи уыди. Фæлæ-иу йæхæдæг уыцы сæрбæрзондæй куы фæцæйцыди, уыцы хъæлдзæг худт-иу куы ныккодта, уæд чи ‘нхъæл уыди, уымæн дæр цыдæр тыхстытæ кæй ис, уымæн дæр йæ зæрдæ цæуылдæрты кæй риссы... *«Мæн у, æнхъæлут, амæндты бæстæ, Æдзухдæр цыма зарын, худын, уарзын, Цæмæй зонут, уæд цал хатты æз та Мæ мæстытæ дæлгомкуыдæй ысуадзын?..»*

Æнæ аипп дуне нæй, хурыл дæр ма къæм абады, фæлæ мæн уырны иу хъуыддаг: цалынмæ зæххыл ирон дзырд цæра, цалынмæ уæлæ уыцы бæрзонд арвы бын нæ хъæстæйæ змæлæг уа, уæдмæ Хостыхъоты Зинæйы ном дæр агурæг уыдзæн.

Фын, дам, федтон, фын. Цыма, дам, бæрзонд хохы сæрæй зæлыд нæргæ хъæлæс: «Поэзия – Бог. Он – в нас!»

Хуыцау ын саккаг кодта, æрдзы сусæгтæ чи хатыдта, ахæм æнкъараг зæрдæ æмæ уыцы æнкъараг зæрдæйы зарæг самайынæн та – хъуытаз хъæлæс. Уый амонд у, уæдæ циу!.. Фæлæ йын уыцы амонд нæдæр фæллæйттæ æрхаста, нæдæр æнцойдзинад æмæ, адæймаг кæм уыди, уым фæллайын æмæ тыхсын дæр зыдта æмæ-иу уæд хатгай фырадæргæй зæххон цинтæм батæхуды кодта, иннæ адæмы хуызæн уæвын-иу æй бафæндыд æмæ бæллыди, цæмæй уымæн дæр чидæр, зын сахат кæуыл банцой кæна, ахæм фидар цæджындз басгуыха, цæмæй йын чидæр, царды тымыгътæй йæ чи аууон кæна, ахæм æнæфæцудгæ мæсыг разына. Фæлæ йæхæдæг уыди цæджындз дæр æмæ мæсыг дæр. Æндæр хъысмæтыл, æвæццæгæн, разы дæр не суыдаид: *«Царды ‘лгъыстон, цард мын загъта: – Нæу хъысмæт фæндæй... Кæд тæрсыс мæ дурадзагъдæй, Уæд поэт нæ дæ».*

Поэт уыди Хостыхъон. Фæнык фестынц домбай паддзахæдтæ, хъазæнхъул свæййынц кæддæры стыр хицæуттæ, дон фæласы æнæкæрон исбон. Аивад та æнусон у. Æмæ кæд зæры бонмæ нæ фæхæццæ Поэты фæндаг, уæддæр налхъуыт-налмастæй йæ рæбыны дзæвгар æрæвæрдта фæстагæттæн – йæ амонд кæмæн уа, уый сæ фæрсты нæ рахиздзæн. Уыйадыл йæ бирæфæразон уд фæфардæг и йе ‘нусон цæрæнтæм, фæлæ уырдыгæй дæр

уарзон уæзæгмæ хъуысы: *«Ыссу бæрзонддæр арвы цъæхыл, Ир. Ды – хуры лæппын, хуры фæдыл ахæт. Дæ ном, дæ кадæй дунетыл æрзил, Ныфс райс, нæ зæххыл чи нæма уыд, ахæм».*

Иунæг Стыр Хуыцау Иры йæ фæндиаг уадзæд!

***Косты Лизæ***

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ*

## ФÆЛÆУУ ХÆРЗ ЧЫСЫЛ, ХУР!..

* * *

**Æз мæ зæрдæйы рæхыстæй**
**Иры урссæр хæхтæм баст дæн,**
**Æз мæ гуырдз, мæ ныхыфыстæй**
**Ардæм царды бонтæм хаст дæн.**

**Æз мæ уарзоны цæстытæй**
**Баст – мыггагмæ дæр нæ Ирмæ,**
**Ме стыр цин æмæ мæ рыстæй**
**Баст дæн ацы зæххы риумæ.**

**Баст дæн уалдзыгон дымгæтæй**
**Æмæ карз хæххон зымæгæй,**
**Баст – нæ сахъ фыдæлты ‘ндæргтæй**
**Æмæ се ‘гъдæутты тызмæгæй.**

**Баст дæн райгуырæн уæзæгмæ**
**Æз Дзыццайы урс дзыккутæй,**
**Баст – нæ къонайы фæздæгæй,**
**Баст – сæныкхизæн цъæх къултæй.**

**Дуне ‘ппæт куы сыгъдис арты,**
**Уыцы туглæдæрсæн азты –**
**Иры тохдзауты ныззардæй**
**Æз Ирыстонимæ баст дæн.**

Ӕз хæлар сыхагæн, растæн
Дарын рухс цырагъ дæндагæй,
Дуне адæмтимæ баст дæн
Иры бауафгæ зæлдагæй.

## АМ КАСТ ÆНХЪÆЛМÆ

Сæууон æртæх цъæх сыфтæрыл æрæнцад,
Сæууон æртæх? Кæд, чи зоны, цæссыг у?!
Мыййаг та кæд ныййарæг мад – æнæнцой –
Ам каст æнхъæлмæ йе 'дзарды фæзындмæ...

О, дымгæ, уæд фæсабыр у, фæхъус у,
Фæхъус ут, æрдзы минмырон хъæлæстæ! –
Уадз, дун-дуне цæссыджы 'ртахæй хъуса
Зæрдæрæмудзæн хъарæджы ныхæстæ.

О, ма скæс, хур, ды дæр фæлæууу хæрз чысыл,
Дæ тынтæ ма 'ркал дургомыг бæласыл,
Уадз, фена дуне сау мады цæссыджы, –
Йæ ныфсытæ йын туджы зæй куыд ласта.

Уадз, иунæг цæссыг уалдзыгон сыфтæрыл
Цырагъау судза сæфт хъæбулы рухсæн,
Ӕмæ дзы зæххы фидæны фæлтæрæн
Фыдхæсты ном ныххуыдуг уа æнусмæ.

## МАДЫМАЙРÆММÆ

Дæумæ кувын æз де 'нæбæрæг дардмæ,
О, уыцы куывд нæ ивайы мæ уды:
«Хъæбулы маст мын ма фенын кæн царды»,
Хъæбулы маст бынтон æнахуыр дуды.

Хъæбулы 'фхæрд уæлхъæдæй мары мады...
Куынæ рисса хъæбул мæ зын, мæ хъыгтæй,
Ӕртæх-иу уæд, о, сыгъдæг Мадымайрæм,
Ӕмæ фæкæуæм араугæ цæссыгтæй.

Хъæбулæн та-иу барухс кæн ды йе ‘хсæв,
Ыссудз йæ цардæн аргъуаны цырæгътæ,
Æмæ-иу ын ысхæлар кæн ды ме ‘хсыр, –
Фæкæуæм иумæ маст цæссыгæй мах та.

* * *

Зæгъ-ма, цы дын кодтон, дунейы сæр – нæ раттæг,
Цы мын ныддаргъ кодтай зæххон царды мæ бонтæ?
Фæлтау мæ, цалынмæ æрвгъуыз базыртæй тахтæн,
Фæстæмæ айстаис ды цардмондагæй, сонтæй.

Фæлтау мæ, цалынмæ зæххы чъизи нæ федтон
Мæ уды къæсæртыл æз ме ‘ууæндаг, æзондæй,
Йе уарзты стыр ныфсæй бæрзонддæр тахтæн зæдтæй,
Фæстæмæ айстаис ды цардмондагæй, сонтæй.

Фæлтау мæ, цардайдæны цалынмæ нæ федтон
Æмгары сау цæсгом, йæ хин æфсонмæ-‘фсонты
Æмæ йæ ныфсы ныфсæй уаз бæрзондыл бадтæн, –
Фæстæмæ айстаис ды цардмондагæй, сонтæй.

## БАРÆГ

Изæрыгон фæллад хуры æфсæдтæ
Æхсæвимæ сæ кæрæдзи куы тыдтой,
Раст уыцафон уæлæуæз хохбæрзæндтыл
Сæппуадгæнгæ æдбарæг бæх ысуыдтон.

Уый тахти арвæй зæххы ‘хсæн, ызгъордта,
Уыд рог йæ сæррæтт бæрзæндтæй-бæрзæндтæм.
Мæ цæсты раз уысмæн бæрзонддæр кодта...
Æрдз иууылдæр уæд фестади цъæх сæнттæ...

Цыма уый дардта стъалытæм йæ фæндаг,
Æмæ тындзыдта, схæццæ сæм уа рухсæй...
Тылдтон æз дæр мæ сæрбæттæн йæ фæдыл:
– Гъе-гъей, барæг, дæумæ куы дзурын, хъус-ма!

Дæ дугъоныл мæн дæр уæлармæ ахæсс!
Цæй, атух мæ дæ цъæх нымæты тагъддæр!
Кæд Уастырджи дæ, гъеуæддæр мыл барвæсс!.. –
Нæ мæ хъуыста. Уый тахти дардæй дарддæр.

– Гъе-гъей, барæг, цæй айс уæд та мæ зæрдæ
Æмæ йæ ссудз дæ фæндагыл цырагъæн!.. –
Уый афардæг... Йæ бæхы къæхты зæлтæ
Цæгъдынц ныр дæр мæ уды нуæртты аргъуан.

* * *

Куы зонис ныр, Гыцци, куыд тынг фæллад дæн!
Мæ зæрдæйæн æппын æрæнцой нæй.
Дæ хъарм къух мын мæ нывæрзæны акæн
Æмæ кæд ауин иучысыл фынæй.

Ды та, кæддæрау, ме 'нцойад фæхъахъхъæн,
(Лæджы зонд у фыдæххъæстæ нырма...) –
Æрмæст-иу райсомраджы рудзынг бакæн,
Цæмæй рæууддзæф бакæла мæнмæ.

Цæмæй сæуæхсид бахуда цъæх арвæй,
Цæмæй мын зара донуылæн фæрнæй,
Дæ былтæ-иу мæ цæстыхаутыл авæр, –
Мæ фынддæс азы раздæхой цæмæй.

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# АЙСЕТ

*Уацау*[*]

**9**

Æхсæв рауарыд, дзæбæх рауарыд, уый размæйы митæй ма æрхыты ‘мæ дзыхъхъыты цы уадздзæгтæ аззад, уыдонæн сæ кой дæр нал фæзынд – йæ быны сæ бануæрста нæуæгуард мит. Æмæ райсом, куыддæр хур скасти, афтæ ныггуыпп кодтой æгас къуылдымтæ ‘мæ рæгътæ, – ссыгъдысты, сырхбын чи дардта, ахæм артæй. Арт иуран лæууын нæ фæрæзта – куыд хъуамæ фæраза арт иу ран лæууын! – Куы-иу дæлæмæ æрцæйссæста уыцы судзгæ æрхæмттæй, куы та-иу фæстæмæ фæхæрд кодта æмæ-иу сырхбын пиллонкалгæ сцæйлæгæрста рæгътæ ‘мæ къуылдымтыл.

Серæби лæууыд рудзынджы раз æмæ цин кодта – уаргæ кæй ракодта, ууыл дæр цин кодта, афтæ кæй сыгъди уыцы нæуæгуард мит – ууыл дæр. Сæхимæ Ирыбæсты никуы федта, мит афтæ судза, уый. Ам хурджындæр у йæ бæстæ, æмæ йæ мит дæр уымæн афтæ судзы, æвæццæгæн. Къæвда дæр дзы куыд стæмхатт вæййы! Уымæй дæр – фылдæр æхсæвыгон. Æхсæв рауары, бæстæ æрхуылыдз вæййы, æмæ та райсом хур сцæйтулы уыцы сыгъдæг арвыл. Мæнæ дзы, къæвдайау къæвда кæмæй фæзæгъынц, ахæм нæма федта. Сæнæфсир дæр дзы уымæн афтæ зайы.

---

* Кæрон. Райдайæн журналы ацы азы 11 номыры.

Фæззæджы, бæстæзонæн балц кæй хонынц, ахæм балцы куы ацыдысты ахуыргæнæгæй-скъоладзауæй, уæд хъæуысæр уыцы рагъы фæстæ цы фæзбынæттæ 'мæ хъæды тæгтæ и, уым цас хъæддаг сæнæфсир федтой! Дæ бон у æмæ сæнæфсирмæ ацæуай, сæхимæ мырткæмæ куыд ацæуынц, афтæ. Хъæуы цы стыр цупæлттæ скæны, хъæды ахæм цупæлттæ не скæны, йæ гага дæр лыстæгдæр вæййы, фæлæ уæддæр диссаг касти Серæбимæ – уæдæ дæ хъæды сæнæфсир зайæд! Æмæ та-иу къутæры сæрмæ сæнæфсиры цупал кæм ауыдта, уым Фузæмæ дæр фæдзырдта æмæ уырыссаг чызджытæм дæр – рацæут-ма, мæнæ диссагмæ бакæсут!

Цардыл æууæнк нæй – уый раджы фехъуыста, фæлæ йæ фæйнæрдæм никуы арабар-бабар кодта. Кæцы ран кæцырдæм ныззилдзæни адæймаджы – уымæн æппындæр ничи ницы зоны. Иу къахдзæф акæндзынæ, иунæг къахдзæф æмæ фæиртæстæ, цæргæ-цæрæнбонты цы фæндагыл хъуамæ фæцыдаис, уымæй æмæ бынтон æндæр фæндагыл бафтдзынæ. Уæдæ Серæби Лечъыбæсты балæудзæн, уый æнхъæл чи уыди! Хъуамæ уым баззадаид, кафедрæйы, ассистент уыдаид, стæй хъуамæ аспирантурæйы бынат фæзындаид, æмæ уырдæм бацыдаид, аспирантурæмæ. Фæлæ йæ раст уыцы ран – ныззылдта цард, афтæ йæ ныззылдта, æмæ ма йæ къах чердæм авæрдтаид, уый нал æмбæрста.

Фарон ацафон уыди раст. Ногаз кæй æрбацæуы, уый зынын байдыдта институты бакастыл. Уæд, студентты наукон æхсæнад кæй хонынц, уым доклад скодта ирон æвзаджы къай æмæ æнæкъай æмхъæлæсонты тыххæй. Йæ доклады йын зылангон æмæ æзыланг мырты кой дæр цы уыди æнæ ракæнгæ! Æмæ загъта бынтондæр æнæ гуырысхойæ, æзыланг мырты æзылангон мыртæ рæдыдæй кæй хонынц, уыцы хъуыды. Афтæмæй сæ æппæт грамматикæйы чингуыты дæр фыссынц афтæ – рæдыдæй. Фæсæфтуан «он» чи у, уый æппындæр ницы бар дары уыцы дзырдмæ.

Уæд сыстад уый – уæд кафедрæйы хицау нæма уыди, кафедрæйы хицау фæстæдæр сси, раст паддзахадон фæлварæнты хæд размæ. – Æмæ куы ныццæлхъытæ кæнид! Уыцы дыууæ дзырды, дам, афтæ фидауынц не 'взаджы иумæ – мæнæ, дам, цыма дыууæ фаззон хойы сты, æмæ, дам, дыууæ дзæбæх фаззон хойыл иу дам-думгæнаг ус исты дам-дум куыд ауадза, афтæ, дам, рауади нæ докладгæнæджы хъуыддаг дæр. Уым йе 'ргом аздæхта Серæбимæ.

– Наукæ, мæ хур акæнай, цъæхæй-рæгъæд митæ нæ уарзы.

Наукæйы размæ кæсын уыйас нæ хъæуы, фæстæмæ æмæ дзы фæйнæрдæм цас кæсын хъæуы. Афтæ чи нæ кæса, уымæн æнæ фæкæлгæ нæй, афтæ фæкæлдзæн æмæ йæ былтæ зæхмæ ахæсдзæн.

Тынг æм бахъарыд Серæбийы раныхас. Æмæ йæм куыд нæ бахъарыдаид! Йæ диссертаци уыцы мыртыл фыст уыди, йæ ном дæр афтæ хуынди йæ диссертацийæн: «Зылангон æмæ æзылангон мыртæ ирон æвзаджы». Фæлæ мæсты кæнын цæмæн хъуыди? Раст цæмæй нæ уыди, уый йын бацамон æмæ фæци!

Сæ курс сын иууылдæр ардæм æрвыстой, Лечъыбæстæм. Ам нæ фаг кодта уырыссаг æвзаджы ахуыргæнджытæ, æмæ афтæ баныхас кодта а бæсты рухсады министр институтимæ. Æндæр уыдон уырыссаг æвзаджы ахуыргæнджытæ нæ уыдысты, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ уыдысты. Алчи йæхи цæттæ кæнынмæ февнæлдта. Уый бадт: афæдзы дæргъы йын уый куы фæдзырдтой æгас кафедрæйы кусджытæ – ам баззайдзынæ! Нæй, сæ къухтæ тæфæрфæсгæнæджы уагъд æркодтой: йæ кой кæнын дæр ын не суагъта хицау. Уæд уый дæр фæфæнд кодта, иубон фæфæнд кодта, иннæ бон фæраст и.

Уартæ Пахрутдинты хæдзар. Дзæбæх хæдзар. Скъолайы æруайæны уыцы рæбыны. Хицæнæй лæууы. Иннæ хæдзæрттæй никæуыл ныхæст у. Йæ уæлхæдзар дæр йæхи у 'мæ йæ кæрт дæр. Йæ къултæ – фидар, карст дурæй амад. Ахуыргæнджытæй уымæй хистæр ничи у, æмæ Серæби фæхъавы, йемæ куы аныхас кæнид, хъæуы рагон хабæрттæй йын истытæ куы радзурид. Фæхъавы, фæлæ та нæ аныхас кæны. Уырыссагау æвзæр зоны æмæ куы  стыхса, уымæй йын тæрсы, цы нæ вæййы – афтæ йæ куы бамбара, уырыссагау кæй нæ зоны, уый цæмæй раргом уа, уый тыххæй йæ рафæрс-бафæрс кæны.

Айразмæ йын æнæхъæн дзидзайы хай æрбарвыста, цæхджын дзидзайы хай. Йæ бинойнаг æй æрбахаста, йæ кæлмæрзæны бынæй йæ райста, мидæмæ куы бахызт, уæд, газеты æнувыд тыхт уыди. Стæй йын, йæ цæсгом хатыркурæджы  арæзт уыд, афтæмæй цыдæртæ дзырдта. Серæби йын дзы дыууæ дзырды бамбæрста йæ ныхасæй: сæ иу «Пахрутдин» – уый, дзидза куы æрæвæрдта стъолыл, уæд загъта, æвæццæгæн дын æй, ома, Пахрутдин рарвыста, иннæ дзырд та – «куаназе», уый та куы фæцæйцыд, уæд загъта, æвæццæгæн, æнæнизæй йæ бахæр, загъта. Тынг хæрзад дзидза уыд. Дзидза цæхджын кæнынмæ тынг арæхсынц. Стæй, искуы иу мæгуыр хæдзар ма уæд, уыййеддæмæ

алчидæр исты аргæвды зымæгмæ æмæ йæ сцæхджын кæны! Мæхæмæт чи у, директор, уый дæр ма галыйас уæныг куы аргæвста, афтæмæй цæргæ дæр ам куы нæ кæны, уалæ Шодродайы куы кæны цæргæ. Хурмæ сæ куы раппары уыйæппæт дзидза уыцы стыр уæнггай-уæнггай, уæд тыргъмæ бакæсæн нал вæййы.

Мит афтæ сырхбын сыгъд нал кæны, судзгæ кæны, судзгæ та куыд нæ кæны! Фæлæ ныр фæлурсбын у йæ сыгъд. Уæддæр судзы. Æвæццæгæн, сыгъдæг у йæ мит æмæ уымæн судзы. Стæй йæ уæлдæф дæр сыгъдæг у. Рæгътæ ‘мæ къуылдымтæ сæхæдæг дæр – сыгъдæг, æмæ куыд нæ хъуамæ судзой! Сыгъдæг цы уа, уымæн æнæ судзгæ и! Йæ адæм дæр сыгъдæг сты ам, тынг сыгъдæг сты йæ адæм, раст сæ рухс кæсы. Рухс хъуаг кæй сты, уый дæр афтæ хорз уымæн зыны.

Дысон ын диссæгтæ фæдзырдта Лабазан. Цæугæ йæм хонынмæ ‘рбакодта – абон ын йæ лæппуйæн сунæт кæнынц, куывд сæм уыдзæн, æмæ йæм хонæг æрбацыд. Афтæмæй цас фæбадти! Уæд ма искæй хонæг уыйбæрц бады! Арахъхъы авг æм разынд. Уый размæ йæ Мамалау æрбахаста. Нæ йæм бавнæлдтой, цай бацымдтой, уый афтæ баззад. Лабазан ма йын гыццыл фæуагъта йæ быны, хæрз гыццыл. Мæхæмæт, дам, дæм хорз цæстæй нæ кæсы. Уый йæхæдæг дæр хатыдта. Фæлæ йæ зæрдæмæ ницы хаста. Æнæуи куысты цæуылдæр разы нæ уыдаид – æмæ афтæ куыд хъуамæ уыдаид, æмæ алцы йæ зæрдæмæ цæуа?!

Ныр ма йæм исчи акæсæд – кæд нæ хъавыди курынмæ Рукиаты! Уæд æм цы цæсгомæй бадзырдтаид исты? Стæй йæм цы хъуамæ бадзырдтаид? Науæд æй, гъа, хæсгæ дæр æркæнæд, уæд йæ разы цы цæсгомæй балæууыдаид? Пиллон арт не ссыгъдаид йæ цæсгомыл?! Уæ, бындары Мæхæмæт фæуай, уыцы ‘нæнкъуыса цыдæй кæдæмыты хъавыдтæ цæуын, кæ!

Ныр 8-«б» къласы æппæты фæстаг партæйыл бады. Йæ хуызыдзыд цъæх æмæ сау чырынтæ кæлмæрзæны хæрзтыхт скæны йæхи. Кълæстæ афтæ уазал не сты, мæнæ-мæнæ хъарм дæр не сты, фæлæ. Æмæ уæд афтæ хæрз тыхт цæмæн вæййы уыцы кæлмæрзæны? Æвæццæгæн ыл мидæгæй хъарм дарæсæй ницы и.

– Æмæ йын дæу аххос уыд, – дзуры Лабазан.

– Цы йын уыд мæн аххос?

– Цы, цы, Рукиаты кæй нал ракуырдта, уый.

– Цæмæй йын уыди мæн аххос?

– Цæмæй, цæ, ды куы нæ ныллæуыдаис, уыцы чызджытæ

скъоламæ куыд цæуой, уый тыххæй загъд-замана куы нæ систаис, уæд афонмæ уыцы чызджытæ кæрæдзи фæдыл чындзы апæр-пæр кодтаикккой. Рукиат дæр апæррæст кодтаид æмæ Мæхæмæты хъæццулы бын амидæг уыдаид.

– Гъомæ нырма гыццыл нæу Рукиат чындзы цæуынæн?!

– Чызгæй гыццыл нæй.

– Куыд нæ и чызгæй гыццыл? Уый та дын цы хуызæн ныхас у?!

– Нæй дзы 'мæ уымæн. Стæй Рукиат?! Мæнæ цъупп кæрдо чи у, зын-зырмен цыдæр æй куы хонынц, уый æдде æххæст куы нæма сбур вæййы, фæлæ мидæгæй йæ æппытæ сау куы адарынц, уæд уый куыд вæййы йæ тæккæ цæттæйыл, афтæ у Рукиат дæр, гъе!

– Комгæ йын кодта?

– Чи?

– Рукиат, æндæр чи!

– Кæмæн?

– Мæхæмæтæн, æндæр кæмæн!

– Куымдта-нæ куымдта! Уыдæттæй йæ чи фæрсы! Хистæртæ ауынаффæ кодтаикккой, стæй йæ устытæ нымæты топтыхт акодтой æмæ йæ аскъæфтой.

– Гъомæ, Мæхæмæт йæ фыды карæн куы у Рукиатæн!

– У æмæ цы?

– Куыд цы, куы?! Æндæр ницы, фæлæ сылгоймаджы, боны фæстагмæ, йæ мондæгтæ суадзыны бон дæр нæй?! Æмæ цавæр мондæгтæ хъуамæ суадза, æппындæр лæппу чи нал у, лæппуйы ныуулæфт æмæ сулæфтæй мисхалы бæрц дæр кæмæ ницуал хæццæ кæны, ахæм нæлгоймагимæ! Сылгоймаг нæлгоймагæн йæ фарсмæ цæмæннæ ис, йæ фæстæ цæмæн ис?!

Æмæ та-иу йæ разы 'рбалæууыд Рукиат. Фæйнæгмæ йæ куы ракæны, æмæ мел куы райсы йæ къухмæ, уæд æй йæ кæлмæрзæныл дзæбæх хæцæн нал вæййы, æмæ йæ дæллагхъуыр разыны, уыцы даргъ дæллагхъуыр. Серæбийы сæры амидæг кæддæр – ныр ын фæлæбур йæ кæлмæрзæнмæ æмæ йын æй уартæ къуыммæ ныддыввытт кæ. Уæдæ дзы, цыма зæронд ус у, уый тыхт цы скодта йæхи!

Фыссæн фæйнæгмæ куы сæвналы, уæд кæлмæрзæн æрбыры, кофтæйы тары цы къуыпп ныттынг и, уый сæрты ахауы æмæ къуыпп уыцы тымбылæй аззайы. Кæд æвдæмтæ фарон нæ фæци. Айсет сæ куы фæци, уæд, кæд сæ уый раздæр фæци? Фæчызг-

хуыздæр ис иннæ чызджытæй, фæлæ йæ чындздзон кар кæм и нырма! Æнæуи, æвæццæгæн, ам тагъддæр стыр кæнынц чызджытæ. Æмæ уый дæр, цымæ, бæстыгъæдæй аразгæ у? Нæ, уый цардыуагæй аразгæ у, æвæццæгæн: чындзы цæуын сæ кæд бахъæудзæн, уый нæ фæзонынц æмæ развæлгъау астыртæ вæййынц. Уæдæ гыццылтæй куыд хъуамæ цæуой чындзы!

Æмæ йæхимидæг мæсты кодта Мæхæмæтмæ.

Ныр Мæскуымæ цæуынмæ цæттæ кæны йæхи. Уый йын айразмæ, уæныг куы аргæвста, уæд загъта. Фынгыл бадтысты, уæныг чи аргæвста, уыдонимæ. Ног азы, дам, хъуамæ уым уон. Рухсады бæрнон кусджыты, дам, æмбырд кæнынц, æнæхъæн æхсæз мæйы æмгъуыдмæ. Æмæ Серæби бадис кодта – уанцон æхсæз мæйы нæу! Кæд сæрмагондæй азиаг республикæтæн кæнынц уыцы ахуыртæ? Фæсте аззадысты æмæ сын исты мадзæлттæ аразын хъæуы. Шариат кæй хонынц, уый æмæ адæмон рухсад иу æфсондзы бынмæ нæ комынц, хæцæн дæр сын нæй иу æфсондзыл размæ – сæ иу æрмтты мидæг ма баппара иннæйы!

Нæ районæй, дам, мæ хал схауди. Мæныл, дам, æрæнцадысты. Нырма, дам, никуы уыдтæн Мæскуыйы æмæ, дам, дзы хъуамæ æрзылдтытæ кæнон. Æмæ ныр, цымæ, Рукиаты куы ракуырдтаид, уæд дæр ма цыдаид Мæскуымæ? Æмæ ма куыд цыдаид уæд та? Рукиаты йемæ акодтаид? Æмæ йæ куыд акодтаид йемæ! Æмæ йæ уæдæ ам дæр куыд ныууагътаид иунæгæй? Уый хуызæн нæуæг чындз æмæ йæ иунæгæй ныууадз, уымæй дæр кæйдæр хæдзары! Уæдæ йæхæдæг мауал ацыдаид, уый зын бауырнæн у – æгæр цин кæны Мæскуымæ цæуыныл.

Уый фæстæ йын никуал скодта Мæскуымæ цæуыны кой, æмæиу Серæбимæ афтæ дæр каст – фæсмон кæны, уæд ын фынгыл цы ныхæстæ фæкодта, уыдоныл. Канд Мæскуымæ цæуыны хабарыл нæ – иннæтыл дæр. Æниу ын æндæр ахæмæй зæгъгæ дæр ницы кодта. Ахуыргæнджыты хæдзары кой ма йын кодта. Сæрды, дам, ыл дыккаг уæладзыг самайдзыстæм. Æрцæуæг ахуыргæнджытæ, дам, иууылдæр уым куыд цæрой, афтæ. Ды дæр, дам, уым цæрдзынæ, мæхæдæг дæр, дам, уым цæрдзынæн. Серæби ма йæ афтæ дæр бафарста:

– Æмæ, цымæ, фидар сты йæ къултæ? Бауромдзысты дыккаг уæладзыг?

– Бауромдзысты, – загъта æнæмæтæй Мæхæмæт. – уый хуызæн

дурын къултæ – кæд дæ фæнды – дæс уæладзыджы сыл самай! Разæй йæм цæджындзтæ суадздзыстæм, æмæ сыл тыргъ аскъæрдзыстæм кæрæй-кæронмæ, æмæ сфидаудзæни хæдзар. Кæннæуæд йæ бакастæй зæрдæ уынгæг кæны. Уалæ ма Кутаны ис фыййæуттæн ахæм бабадæнтæ! Æмæ уым фынгыл бадти, афтæмæй йæм æрцыди иу хъуыды: ныр кæд Мæскуымæ цæуынмæ йæ хъус дары, уæд æй æнæ дынджыр уæныг æргæвдгæ ничи уагъта! Æмæ йæхæдæг дзуапп ссардта йæ фарстæн уайтагъд: уалæ Шодродамæ схæсдзæн дзидза йæ бинонтæн. Сæ гуыбын сын фæриссын кæндзæн уый хуызæн куыры фыд! Ам сæ сцæхджын кæндзæн, хурмæ дæр-иу сæ раппардзæн, стæй, цæуыны къахыл куы ныллæууа, уæд сæ хæрджытыл сæвæрдзæн æмæ сæ фæуæле кæндзæн.

Йæхицæн дæр ын аназын кодтой Серæбийæн, фæлæ кусартгæнджытæ тынг бахъæлдзæг сты. Сæ агуывзæтæ-иу æрыдзаг кодтой, кæрæдзийыл-иу сæ багуымсытæ кодтой, стæй-иу «Регъгъезе» ныхъхъæр кодтой, æмæ-иу рудзгуыты æвгтæ сæ зырзырæй нал æнцадысты.

Пецы арт æрхуыссыд, æмæ Серæби хъуыды кодта – æндзара ма æви мауал æндзара? Сугтыл дæр ауæрдын хъæуы, уалæ сæ кæцæй фæхастой уыцы хæрджытæ сæ лыстæг къæхтыл! Æмæ сыл ауæрды. Нырма сын сæ лыстæджытæ ‘ндзары, æнцонархайд чи у, уыдон – йæ уæрджытыл сæ ‘рбакъæрццытæ кæны, æмæ уайтагъд сæ гуыр-гуыр ссæуы пецæй.

Æдде кæйдæр къæхтыхъæр æрбайхъуыст, æмæ бацин кодта Серæби, цыма, райсомæй нырмæ уыцы къæхтыхъæр кæд æрбайхъуысдзæн, уымæ æнхъæлмæ каст. Йе ‘ргом дуармæ фездæхта, фегом дуар æмæ дзы Умаханы худгæ цæсгом æрбазынд. Серæби дæр бахудти.

– Æмæ   дæм фысы къабаз куы нæй!

– Нæй мæм, уæллæй-биллæй! Æмæ дæм афтæмæй цы цæсгом равдисон!

– Ныр, дам, фæрсæг сонт у, фæлæ дæ куыд нæ афæрсон: исгæ йæ бакодтат искæмæй æви йæ давгæ ракодтат?

– Æвæццæгæн – исгæ, – бахудти та Умахан. – Абдулатипты рæзты æрцæуæм – æнæуи дæм фездæхинаг уыдыстæм. Абæрæг, дам, æй кæнæм, загъта Абдулманап. – Кæсæм æмæ уæртæ фыс уæнгтæ кæнынц. – Цом-ма, – бараст сæм мæ разæй Абдулманап. – Ныр Абдулатип – нуæзтдзæф. Куы ныццин кæны, уæддæр,

дам, уæм æрвитгæ кодтон. Уæд Абдулманап фысы къабаз сивæзта арынгæй…

– Уæдæ дзы ай – мах!

Кусартгæнджытæ йæм сæ цæстытæ сзылдтой фæйнæрдыгæй. Абдулатип хæрдмæ фæхауд. Цыппар къабазы дæр, дам, арвитут, кæдæм уæ фæнды, уырдæм, уæхæдæг ма ацæут. Фæлæ йæм чи хъуыста. Рафардæг стæм, – дзургæ-дзурын Умахан йæ цинелы дысыл бахæцыд, йæ сахатмæ æркасти. – Гъа, цом, бынæттæ нæм нал æрхаудзæн, – худы та Умахан.

Серæби йæ худ æмæ пъалто райста, фæсдуар зæгæлыл ауыгъд кæм вæййынц, уырдыгæй.

– Æмæ ныр пысылмон лæг хъуамæ æнæмæнг сунæтгонд уа?

– Уæдæ! Дзибайы цъупп – хепп, æмæ æнæ цъуппæй аззад дзиба.

– Диссаг у – цæмæ æрхъуыды кодтаиккой сунæт кæнын?

– Сыгъдæджы тыххæй.

Хорз уыд, æмæ Лабазантæ дард нæ цардысты. Сæ нарæг тыргъы къордтæ-къордтæй лæууыдысты лæгтæ. Сæ худтæ сæ сæртыл бæрзонд конд, се стыр худтæ – цъæхтæ, игæрхуызтæ, дзыгъуыртæ. Афтæ зынд, цыма куывдмæ не 'рцыдысты, Лабазаны лæппуйы сунæты куывдмæ, фæлæ стыр бухар худ сæрыл куыд дарын хъæуы, уый æвдисынмæ уыди се 'рцыды сæр – алæма, кæддæра чи хуыздæр ныккæнид йæ худ йæ сæрыл!

Мидæгæй хъарм дзидзайы тæф бырста, æмæ лæгтæ хъæлдзæг кæстытæ кодтой кæрæдзимæ, сæ цæсгæмттыл рухс фæлм бадт.

Тыргъы цæджындзтæй иуы цур лæууыдысты Мæхæмæт æмæ Абдулманап. Умахан æмæ сæм Серæби хæстæг балæууыдысты.

– Ассалам-алейкум! – хъæрæй раарфæ кодта Умахан.

– Уæ алейкум-салам! – Цыма заргæ бакодтой, уый хуызæн æмхъæлæсæй сæ ныхас даргъ ауагътой дыууæ лæджы. Серæби сын йæ сæрæй акуывта.

– Мæнæ уын Серæбийы ныууадздзынæн скъолайы хицауæй æмæ уын хъазтизæртæ араздзæн, – загъта Мæхæмæт, æмæ Серæби бамбæрста: Мæскуымæ цæуинаг кæй у, уыцы хабæрттæ кодта Абдулманапæн, цалынмæ сæм нæ бацыдысты Умаханимæ, уæдмæ.

Абдулманап йе стыр къух Серæбийы уæхскыл æрæвæрдта.

– Уæллæй-гъи, биллæй-гъи, тæллæг-гъи, – æз нырма дæр уыцы хъазтизæры рухсмæ рацу-бацу кæнын. Мæнæ дойны лæгæн

уазал доны къус куыд авærай йæ къухмæ, афтæ ‘хцон уыди уыцы хъазтизæр ægas хъæуы адæмæн. Куыд дзæбæх фидыдтой уыцы кафджытæ, куыд рæсугъд уыдысты! Адæймаг кафгæйæ рæсугъддæр у, уый мæ гъеныр бауырныдта нырма. Æз уартæ райсоветы ‘мбырды дæр ракодтон йæ кой уыцы дзæбæх изæрæн. Стæй мын, æвæццæгæн, æгæр дзырд фæци, фæлæ йæ мæ тæвдæй никъкъæрцц кодтон æмæ ма йын цы мæ бон уыди! – Абдулманап бахудти. – Æмæ цы загътон, уый зонут? Цы, цы, зæгъын, ахæм хъазтизæртæ цы скъолайы нæ вæййы, уыдон рухс нæ хæссынц адæммæ, уыдон рухсады кусæндæттæ не сты æмæ сæ ‘хгæнын хъæуы!

Мæхæмæт тынг зæрдиагæй ныххудти, йæ уæллаг дæндæгтæ дæр разындысты æмæ йæ бинаг дæндæгтæ дæр.

– Стæй дын цы загътой?

– Цы мын загътой! Нымдзæгъд мын кодтой. Æмæ ма ды ам уай-нæ уай, уæддæр хъуамæ ногазмæ бацæттæ кæнæм ахæм изæр. Мах, хъæусоветы кусджытæ, цал стæм, уалæй дæ фарсмæ балæудзыстæм. Æццæй, нæ, Умахан?

– Цал стæм, уалæй дæр æмæ цал не стæм, уалæй дæр, – бахудти Умахан, æмæ Серæбийæн æхсызгон уыди, кæй бахудти Умахан, уый. – Серæбийæн Гасаны патефон удæгас уæд, уыййеддæмæ уый æнæхъæн хъæу дæр ныссимын кæндзæн.

– Цин хуымæтæджы хъуыддаг нæу, нæ, Умахан. Цин куывды абадт нæу, куывды ахордтай, анызтай – уыдон зæрдæмæ ницы бар дарынц. Фæлæ цин комкоммæ зæрдæмæ цæуы æмæ уым зайы зæрдæйы. Æмæ хорз уый у, зæрдæмæ чи цæуы æмæ зæрдæйы чи зайы, уый, гъе!

Уыцы рæстæджы тыргъы ‘рбамидæг и Лабазан, йæ къухы иу сауфарс далафæндыр. Йæ фæрсты та, цыма æфсæрмы кодта æмæ стыр къахдзæф кæнын нæ фæрæзта, уыйау уади æнахуыр чызг, йæ сæрыл тæнæг кæлмæрзæн æмæ адаргæ фæззыгон пъалтогонд. Лабазан фæндыр Умаханы къухты фæсагъта æмæ ‘ртæйæ дæр дуарыл ахызтысты мидæмæ. Уайтагъд райхъуыст фæндыры тæнты тыррыкк змæлд, стæй сын цыма се ‘хсызгон зæлланг куы нæуал баййафа, уымæй тарст, уый хуызæн стахт сылгоймаджы æхсызгон хъæлæс, сæмбæлди сыл, се ‘мбуар ацыди æмæ сфидыдтой иумæ. Лæгтыл цыма фæззыгон уазал бон иу лæнкаумæ хур ныккаст, уый сабыр ныйисты. Сæ худтæ та цыма, сæ тымбыл худтæ ноджы уæлдæр схæцыдысты сæхиуыл, æмæ Серæ-

бимæ афтæ зынд, ныртæккæ æнæ ныззылдтытæгæнгæ нæй уыцы худтæн, æмæ цæмæннæ хъуамæ ныззылдтытæ кæной уыцы тымбыл худтæ уый хуызæн фæндырдзагъд æмæ зарынмæ! Стæй бамбæрста – афтæ йæ фæндыд: мидæмæ сæ куы акæниккой, куы сæ ‘рбадын кæниккой, фæлæ фынгтæ куы нæма ‘рæвæриккой, афтæмæй сæ хъусын куы бауадзиккой Умаханы цагъд æмæ уыцы чызджы зарынмæ. Фæлæ сæ нæ кодтой мидæмæ, алчи йæ лæудæй лæууыди, æмæ мидæгæй чызджы хъæлæс далафæндыры цагъды сæрмæ йæхиуыл куыд схæцыд, уымæ хъуыстой.

**10**

Уыцы фæстаг бонты Мæхæмæт ахуыргæнджыты хæдзармæ нал æфтыд. Серæбимæ-иу афтæ дæр фæкаст – кæд Нажмутдины тыххæй нал цæуы? Нажмутдинимæ сæм цы гыццыл загъд рауади – æниу афтæ гыццыл загъд дæр нæ уыди, – уым цыма уый фæуæлахиз, Нажмутдин, афтæ зынд Серæбимæ. Æмæ лæг састы бынаты кæм баззайа, йæ къах ма йæ уырдæм фæхæссы! Фæлæ уыцы райсом бараст и, мæнæ дзæнгæрæг ныццæгъддзысты, афтæ æмæ, Серæбийы стъол кæм уыди рæбынæй, уым æрлæууыд стъолы уæлхъус. Ахуыргæнджытыл йæ цæст арахæссбахæсс кодта æмæ загъта  хъæрæй:

– Æмбæлттæ! Махмæ ис ног кусæг. Уый у Гæджиты чызг, Басиат. – Мæхæмæт йæ къух æрбахизæны рæбинаг къуыммæ фæдардта, æмæ, уæд Нажмутдин  кæм бадт, уыцы къуыдыр бандонæй фестад иу чызг. Йæ уæлæ цыбырдым къæбæлдзыг кæрц, йæ уæрджыты фæтасæнтæм дæр ын дзæбæх нæ хæццæ кодта æмæ даргъ дæллаггуыр, чызгæн ма йæ фадхъултæм кæд бахъуыдаид иу уылынджы бæрц. Йæ сау дзыккутыл уæле тъæпæн тæлы тыхтæй баст уыди урс-урсид цъындабыд кæлмæрзæн.  Ахуыргæнджытæ уымæ кæсынц, уый куы бафиппайдта, уæд йæ урсцъар цæсгомыл сырх тæмæн абадт. Серæби бадис кодта – куыд нæ йын базыдта йе ‘рбацыд? Мидæмæ куы ‘рбахызт, уæд мацы загътаид, уый гæнæн куыд и! Æмæ, кæд загъта исты, уæд куыд нæ айхъуыстаид æмæ йæм куыд нæ бакастаид Серæби?! Æмæ та-иу бакасти чызгмæ – комкоммæ дæр-иу æм бакасти, аивæй дæр-иу ыл æрхаста йæ цæстытæ. Æмæ иуафон йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта: фæлæуу-ма, æмæ уыцы чызг куы у, уæд Лабазантæм чи зарыд! Лабазан æй куы ‘рбакодта йемæ, стæй фæндыр Умаханмæ куы радта æмæ æртæйæ

мидæмæ куы ахызтысты. Уый хуызæн куы у бынтондæр, уыцы чызджы хуызæн.

– Басиат уыдзæни физкабинеты хицау æмæ разамынд дæтдзæни хихъæппæрисадон къордты куыстæн. Уæ зæрдыл дарут уый, æмæ хихъæппæрисадон къордты куыстæн стыр хъомыладон нысаниуæг кæй и. Махмæ уыцы куыст, мæнæ Серæби базмæлын кодта гыццыл, уый йеддæмæ уыди раууаты уавæры. Мæн уырны, æмæ Басиат йе 'ппæт тыхтæ дæр кæй сараздзæн уыцы куыстмæ, æмæ рæхджы къордты куыст йæ къахыл кæй слæудзæн. – Уыцы ныхас куы фæци Мæхæмæт, уæд аздæхт Серæбимæ. – Ахуыргæнджыты урокты пълантæм æркастæ?

– Не 'ркастæн, – загъта Серæби.

– Æри-ма, æз сæм æркæсон, – стæй адзырдта ахуыргæнджытæм. – Рахæссут-ма уæ урокты пълантæ.

Фæлæ уæд йæ бынатæй цыдæр сонт стад фæкодта фæндзæмтæ 'мæ æхсæзæмты математикæйы ахуыргæнæг Мæхæмæтты Мæхæмæт. Йæ бинойнаг Хадижаимæ нæм, ахуыры аз куы райдыдта, уый фæстæ æрцыдысты уым Лечъы бæстæй кæцæйдæр. Хадижа æрдззонæн æмæ химийы уроктæ кодта. Иу гыццыл лæппу сын уыд, саулагъз æмæ саусæр, дыууæ азмæ æвввахс ыл цыди. Йæ ном Абдулмаджид хуынди æмæ, гыццыл лæппуйыл стыр бухархуд куыд ныккæнай, уымæй уæлдай йыл нæ бадти уыцы даргъ æмæ уæззау ном. Кæд-иу сæ дыууæмæ дæр уыди уроктæ, лæг æмæ усæн, уæд-иу Хадижа йæ хъæбысы схаста скъоламæ Абдулмаджиды æмæ-иу æй сылгоймаг ахуыргæнджытæй æвдæлон чи уыд, уымæ фæуагъта.

– Хатыр бакæн, Мæхæмæт Кадыры фырт, – загъта Мæхæмæт, – æмæ физкабинет мæнмæ лæвæрд нæу?!

– Уыди, – цыбырæй загъта директор Мæхæмæт æмæ йæ мидæггаг дзыппæй йæ хæдфысгæ ручкæ систа, æвæццæгæн, мын, ома, ныр мæ разы æвæрын райдайдзысты сæ урокты пълантæ, æмæ-иу сыл, ома, æз мæ къух бавæрдзынæн. Фæлæ йæм пълан дæттæг нæма уыд, – æвæццæгæн, уал, ома, сæ ныхас фæуа дыууæ Мæхæмæтæн.

– Цæмæн уыди? – фæрсы Мæхæмæт.

– Уыди 'мæ уымæн.

– Мæнмæ уроктæ фаг нæй, уый нæ зоныс?

– Фагыл дзырд никæимæ уыдыстæм. Фаг кæмæн кæд уыди! Фаг пехуымпар Мæхæмæтæн дæр нæ уыд. – Хуыцауæй арфæгонд.

– Цы нæ уыди фаг пехуымпар Мæхæмæтæн – Хуыцауы салам ыл æмбæлæд? – цыдæр зæрдиагæй бафарста ахуыргæнæг Мæхæмæт.

– Бирæ цыдæртæ. Теуатæ йын нæ уыди фаг, сызгъæрин ын нæ уыди фаг. – Дзургæ уырыссагау кодтой, æмæ уый диссаг касти Серæбимæ. Уæдæ дæхицæн æвзаг уа, æмæ дæ хыл искæй æвзагмæ æрхæссай! Æмæ-иу куы сæ иумæ бакаст, куы – се 'ннæмæ, чи сæ тагъддæр фæуадздзæн уырыссаг æвзаг æмæ сæ сæхи 'взагмæ чи тагъддæр ныззилдзæн!

– Мах министрадæй æрвыст стæм, æз дæр æмæ мæ бинойнаг дæр, æмæ нын куыст хъуамæ уа, цас æмбæлы, уый бæрц! – Фидарæй фидардæр кодта ахуыргæнæг Мæхæмæты хъæлæс.

– Мах иууылдæр министрадæй æрвыст стæм.

– Æрвыст стут, æмæ уын ис куыст. Махæн та нæй. Хадижайæн дæр нæ фаг кæны уроктæ, мæнæн дæр. Нырма ноджы физкабинет дæр!..

– Физкабинет уыдзæни Басиатмæ, æмæ фестæм ныхас.

– Куыд фестæм, куы?! Уыдон дын цы хуызæн митæ сты – хæрæгыл дызгъуыммæ бадæджы митæ!

Æмæ уæд ныззылди, гъе, директор Мæхæмæт сæхи æвзагмæ, æмæ дзы цалдæр дæргъæй-дæргъмæ хъуыдыйады раскъæрдта ахуыргæнæг Мæхæмæтыл, йæ хæдфысгæ ручкæйы фындз дæр ма йæм фæцарæзта иу-цалдæр хатты. Ахуыргæнæг Мæхæмæт исдуг фæчъил и – цæмæй фæчъил и – ацу 'мæ йæ базон! Фæлæ уайтагъд сæндидзыдта фæстæмæ. Æмæ ахæцыдысты – сæ къубæлттæ ныйивæзтой хылгæнæг уасджытау, сæ цæсгæмттæ ныссырх сты, афтæмæй сæ ныццарæзтой кæрæдзимæ. Иу сæ иннæмæн ныхасы бар нал лæвæрдта, æмæ диссагæн хæссинаг уыди – цас «хъ»-тæ хауди дыууæ лæджы хъæлæстæй! Хаттиу сын, цыма сæппарын дæр нал куымдтой, цыма-иу фидар ныйисты сæ хъæлæсты, æмæ иу сын, сæ хъуыры куы фæбадой, уымæй кæд нæ фæтарсти Серæби. «Хъ»-джын у солыйы æвзаг, тынг «хъ»-джын уый зыдта, фæлæ уыйбæрц «хъ»-тæ – уанцон нæу! Цыма дзырдтæн сæ тæккæ «хъ»-джынтæм хъавыдысты!

Ахуыргæнджытæ ныссабыр сты. Сылгоймæгтæ зæхмæ кастысты, лæгтæ – дыууæ Мæхæмæтмæ. Дзургæ дæр сæм ничи кодта, уромынмæ дæр сæ ничи хъавыд. Æрæджиау кæронырдæм куы акъул и сæ хыл æмæ йæ 'рлæууынмæ гыццыл йеддæмæ куы

нæуал хъуыд, уæд ахуыргæнæг Мæхæмæт фæстæмæ куы фæзилид уырыссаг æвзагмæ æмæ куы скъæрцц кæнид уырыссагау:

– Демæ кусыны бæсты искуы къахæвæрæнтæ сыгъдæг кæ – уый хуыздæр уаид лæгæн.

Æмæ ма-иу Серæби уый фæстæ дæр хъуыды кодта – уыцы цалдæр ныхасы солыйагау цæуылнæуал загъта ахуыргæнæг Мæхæмæт? Уырыссагау ма сæ цæмæн загъта, цымæ?!

Диссаг куыд нæ уыди, стыр диссаг, фæлæ уыцы ныхасмæ иннæ Мæхæмæт ницуал  загъта, мæнæ йæ цыма зонгæ кодта, сæ ныхасы кæрон æм афтæ бафæраздзæн бадзурын ахуыргæнæг Мæхæмæт, уый, æмæ йæм цæттæ уыди – хъуамæ йæ баурæдтаид. Æцæг йæ хæдфысгæ ручкæ дзæгъæлы ласт фæци йæ мидæггаг дзыппæй – урочы пълантæм ма ‘ркæса, уый йæ зæрдæ нал æрцагуырдта.

Уæдæй фæстæмæ цæуыны къахыл лæуд уыдысты Мæхæмæтты бинонтæ. Фæлæ кæдæм фæцыдаиккой – уыцы афон ма дыууæ бынаты кæм ссардтаиккой иу скъолайы. Æмæ-иу сын уроктæ куы уыд сæ дыууæйæн дæр, уæд та-иу Хадижа Абдулмаджиды скъоламæ схаста. Кæд-иу ахуыргæнджытæй æвдæлон ничи уыд, уæд-иу ын урок кæм уыди, уыцы къласы чызджытæй искæй рарвыста урокæй æмæ-иу уый  ирхæфста лæппуйы. Иухатт ын Айсеты дæр ауыдта йемæ Серæби. Ахуыргæнджыты хатæны дуар чидæр гомæй фæуагъта æмæ сæ гом дуарæй ауыдта – Айсет ын йæ къухыл хæцыд, афтæмæй фæцæйцыдысты далæ, тыргъы дæллаг кæрон цы къласи, уыцырдæм. Къласы дуармæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæд лæппу йæ къух фелвæста Айсеты къухæй, æмæ йæ гыццыл цæнгтæ чызджы зæнгтыл æрбатыхта, стæй та йæ сæр балхъывта уæрджытæм. Айсетæн  акъахдзæфгæнæн нал уыди. Уæд фæгуыбыр кодта лæппумæ, йæ цæнгтыл ын фæхæцыд æмæ йæ йæ алыварс ныззылдта, стæй йæ фелвæста йæ хъæбысмæ, афтæмæй йæ цæстытæ гом дуарыл мидæмæ фæцарæзта. Серæби уыдонмæ кæсы, уый куы федта, уæд цыдæр æмбæхст мидбылхудт фæзынд йæ цæсгомыл æмæ лæппуйы йæхимæ æрбалхъывта. Уыцы цæстыфæныкъуылд кæд нæ бакодта æхсызгон хæлбурцъ йæ зæрдæ Серæбийæн.

Мæгуыр цардысты Мæхæмæтты бинонтæ. Хадижайæн пъалто дæр нæ уыд. Иу стыр чырынтæ кæлмæрзæны-иу стыхта йæхи, афтæмæй ссыди уроктæм. Мæхæмæт-иу  йæхæдæг та йæ къуымых дасæнтæ агуывзæйыл цыргъ кодта. Уым дæр-иу сæ цыргъ

кодта, скъолайы дæр. Агуывзæ дæр-иу йемæ схаста æмæ дасæнтæ дæр, æмæ-иу æм дыууæ урочы ‘хсæн урок куы нæ уыди, уæд-иу сæ цыргъ кодта: йæ дыууæ æнгуылдзæй-иу æй мидæгæй агуывзæйы къулмæ балхъывта, афтæмæй-иу æй иуырдæм-иннæрдæм бырын кодта агуывзæйы лæгъз фарсыл. Бирæ, дам, фæцыргъдæр вæййы. Чи зоны, мæгуыры тыххæй нæ цыргъ кодта йæ дасæнтæ. – Ботлихы зын ссарæн уыди дасæнтæ-йедтæ. Махачкаламæ та чи æфтыди уырдыгæй!

**11**

Райсомæй чи ахуыр кодта, уыдоны уроктæ куы фесты, уæд Серæби директоры абæрæг кодта. Цæвиттон, ацы зылды цы ‘ртæ скъолайы уыди, – Ансалтайы скъола, Рахата æмæ Шодродайы скъолатæ, уыдон иу методикон иугондмæ хаудтой, æмæ йæ бынат Ансалтайы скъолайы уыди, разамынд дæр иугонды куыстæн уыцы скъолайы хицауад лæвæрдтой. Ныр сæм хъуамæ æмбырд уа, æмæ йын йæ боныфæткыл аныхас хъуыд æмбырдæн.

Мæхæмæт уым нæ разынд, æмæ Серæби фæфæнд кодта – хæдзармæ ныууайа. Сихор акæна æмæ фездæха. Физикæйы къордæн абон æмбырд уыдзæн, цыдæр æнахуыр темæ амынд и сæ пъланы: «Танк æмæ судзин». Цымыдисаг æм фæкасти уыцы темæ, æмæ сын хъуамæ абада се ‘мбырды, кæддæра цытæ дзурынц. Шарапутдиныл йæ зæрдæ дардта, хорз ахуыргæнæг уыд, хистæр кълæсты амыдта математикæ æмæ физикæ. Бæрзонд, хæрзхуыз лæппу-лæг. Серæбийæ – хистæр, дзæвгар хистæр, фæлæ йын бинонтæ нæ уыд, æмæ иунæгæй царди уый дæр кæйдæр хæдзары. Иухатт æм фатеры дæр уыди Серæби. Хонгæ йæ акодта. Сабаты скъолайæ иумæ рацыдысты æмæ йæм бахатыд, сом, дам, ма-иу изæрырдæм рацу, абадæм, дам, аныхæстæ, дам, кæнæм. Æмæ ацыди.

Уæларт ын сау тымбыл цугуны хъæдур фыхти. Серæби гыццыл куы абадт, уæд Шарапутдин сынтæджы бынæй асыкк раласта – асыкк дæргъæй-дæргъмæ хæтæл макъаронтæй йедзаг. Шарапутдин дзы йе стыр армыдзаг систа. Иу тæбæгъмæ сæ æрсæстытæ кодта ‘мæ агмæ фæкъул кодта тæбæгъ. Стæй иу стыр кард райста æмæ, пецы фæстæ цæджындзыл ауыгъд фысы дымæгмæ бацыд, иу ахъаззаджы кæрдих дзы æрлыг кодта, цугуны йæ ныппæрста, йæ хæрзхуыз тъæпæн цæсгом бахудызмæл, афтæмæй загъта:

– Уый – мæн.

Стæй та дзы æрлыг кодта иу ахæм карст, ныппæрста та йæ цугуны æмæ уæд та загъта:

– Уый – Серæбийы.

Стæй дзы лыг кодта иу карст иннæйы фæдыл æмæ дзырдта уыцы бахуд-бахудгæнгæ:

– Уый та нæуæгæй – мæн.

– Уый та бынтондæр – мæн.

– Уый та æнæ уæлдай ныхасæй – мæн.

Æмæ афтæ рауад – нæ йын ныллæууыд йе 'хсæвæрмæ Серæби. Куыд ныллæууыдаид, уыцы нард дымæджы карст куыд систаид йæ дзыхмæ! Æмæ сæфсон кодта, Мамалау, дам, мæм хъуамæ æрбацæуа æмæ, дам, мæ сау быны рох фæци. Ныр, дам, мæгуыр лæппу кæд афонмæ уынджы хъæбæрыл лæууы, уæд, дам, тæригъæд нæу! Æмæ куы рацыд, уæд ма фæндагыл ууыл хъуыды кодта: ныр уый фервæзти уыцы нард кæрстытæ хæрынæй, фæлæ сын Шарапутдин цы митæ кæндзæн! Фысы дымæг! Цы йæ сдиссаг кодтой, цы?! Сбур уыдзæн, фиуад скæндзæн – нымады дæр сæм нæу, уыцы адджынæн æй хъуамæ æмпулой. Лæппуйæн æй йæ сунæтгæнæн бонæй суанг йæ чындзæхсæвы бонмæ дарой хъуамæ æвæрдæй. Суанг йæ ахæрæты бонмæ дæр. Уæд цавæр æвæрд у! Кæдæм æй дарыс уыйбæрц?! Науæд хъæдур у, æмæ йыл сæ кæдæм кæныс дымæгæй-макъаронæй. Ныр шурпа у, уый тыххæй йыл, кæм цы ис, уыдон иууылдæр ныккæнай хъуамæ?!

Æмæ йæ фæстæмæ фездæхын хъæуы. Уыцы 'мбырды абаддзæн. Хорз у æмæ сабатбон у, изæры скъола нæ кусы æмæ йæ уырдæм цæуын нæ хъæуы.

Скъолайæ хъæуырдæм цы къахвæндаг уыд, ууыл фæуырдыг кодта – къахвæндаг йæхæдæг миты бын фæци, фæлæ миты уæлæ дæр, йæхæдæг куыддæриддæр у, афтæ къæдзтæ-мæдзтæй базади. Серæби йыл рог-рог уади. Йæ пъалто 'мæ йæ худ мидæгæй фæуагъта – хъарм бон у, цæмæн æй хъæуы пъалто 'мæ худ! Хур гъæйттæй кæсы, цыма, зымæг кæй æрцыд, уый дзы рох фæци. Лæсæнтæ кæны йæ рухс, рæгътыл ивылы, æрхытæ 'мæ дæлвæзты ныббадти, бацахсти сæ. Афтæ зыны, цыма мит йæхæдæг дæр схъарм и. Кæд дæ фæнды æргуыбыр кæн æмæ йæм дæ къухтæ батав. Кæцæйдæр йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр Пушкин цы боны кой кодта, уый: «Мороз и солнце –

день чудесный!»... Ай ахæм бон нæу. Ам бæстæ митыбын и, афтæмæй хъарм у дуне. Æмæ хорз у!

Уалынмæ суыдта Фузæйы – ахуыргæнджыты хæдзары фисынмæ лæууы, куыд раст фæлæууы, афтæ æмæ йæм йæ къух тилы – ардæм! Серæби къахвæндаг фæуагъта, фадхъулмæ миты алæгæрста Фузæйырдæм.

– Цом махмæ, – дзуры йæм Фузæ, нæма йæм бахæццæ, афтæмæй. – Сихормæ дæ хонын.

– Æмæ уæм цы и? – худы Серæби, – хуын уæм мачи 'рхæсса!

– Хуынæй фыддæр, – бахудти Фузæ дæр, стæй йæ хъæлæс фæныллæг кодта. – Дысон Лабазан æмæ Лука кæд не 'рхастой голладжы 'рдæг бæлæттæ.

Лука Нинæйы лæг уыди. Нинæ дæр уырыссаг æвзаг амыдта райдиан къласты. Уалæ Пензæйæ 'рцыдысты. Нинæ ахуыр куы фæци, уæд æй ракуырдта, стæй, Нинæйы ардæм куы æрвыстой, уæд уый дæр йемæ рацыд. Йæ дæсныйад шофыры куыст уыд, æмæ йын Ансалтайы машинæ кæцæй æркъахтаикккой! Æнæхъæн районы дæр кæд уыдаид иу-цалдæр машинæйы. Стæй уæрæсейаг шофыр Лечъыбæстæйы фæндæгтыл цы хъуамæ ахæцыдаид! Æмæ бон-изæрмæ, ахуыргæнджыты хæдзары сын цы гыццыл хатæн уыд, уым бадти.

– Кæцæй? – бадис кодта Серæби.

– Уæлæ, – йæ къух иу дард фæкодта скъолайырдæм Фузæ, – скъолайы уæлхæдзарæй.

– Цæмæн? – Серæби фæтыхст. Уæдæ уанцон бæлæттæ хаст нæу! Уый куы айхъуыса хъæуыл, æмæ æрцæуæг ахуыргæнджытæ скъолайы уæлхæдзармæ хизынц æмæ дзы бæлæттæ ахсынц, уæд худинаг æмæ аллайаг нæ фæуыдзысты! Гъеныр уый æцæг лукъа нæу, уыцы Нинæйы лæг!

– Хæрынæн, æндæр цæмæн, – дзуры Фузæ æмæ та худгæ дæр бакæны. – Сæ бумбули сын дысон æмбисæхсæвмæ фæтыдтам, стæй дзы хæринаг кæнынæн кæй фæуагътам, иннæты уæлхæдзармæ сæппæрстам.

– Цæмæн?

– Цæмæн, цæмæн! Нал мæ ныууадздзынæ дæ цæмæнæй? Цæмæй уым уазалы лæууой миты уæлæ. Нæ уæлхæдзар уазалгæнæнæй кусы махæн.

– Уæдæ уын Лукайæн цыдæртæ æнтысын байдыдта. Бæлæттæ ахсæджы дæсныйадыл ныххæцыд.

– Уадз-ма йæ! Бон-изæрмæ йæ фæрстæ схаудтой уыцы зæронд диваныл. Хуыссы æмæ тамако пъæртт кæны.

– Æмæ уæ Лабазан та цы хорз бадардта йæ зæрдыл?

– Лабазан сын сæ тæккæ стырдæр адзæгæрæг кодта цæхæрыл, стæй ма арахъхъы авгæй гыццыл фæуагъта, фæлæ мæгуыр бæлонæй стæг дæр нал аззад – акъæмс æй кодта, – бахудти та Фузæ.

Дзидзатæй нæ бахордта Серæби, цыма хъæрмхуыпп уыдоны басыл конд нæ уыд. Йæ зæрдæ йæ не схаста, уыцы тæнæг базыртæ æмæ гыццыл базгуытæм бавнала, уый. Фæлæ хъæрмхуыпп адджынæн хордта. Уый хуызæн хæрзад хæринаг рагæй нал ацыд йæ хъуыры. Чызджытæ лæууыдысты – æнахуыр лæуд кодтой. Къулы, æвæццæгæн, раздæр дуар уыди. Стæй систæуыд дуар, æмæ йын йæ бынаты, дуар куыд лæууыд, афтæ хæрдмæхъил фæйнæджытæ бахуыдтой. Фæйнæджытæ мидæгæй баззадысты æмæ дзы цыдæр байбынгонд рауади. Чызджытæ дзы æртæйæ фæрсæй-фæрстæм нæ цыдысты, æмæ Фузæйы фæрсмæ лæууын бахъуыд Машæ æмæ Зинæйы ‘хсæн.

– Бадгæ цæуылнæ кæнут? – бакасти сæм хæргæ-хæрын Серæби.

– Кадджын уазæг нæм куы вæййы, уæд бадгæ нæ фæкæнæм, – бахудти Машæ, йæ былтæ басырх сты. Уыдон дæр фыццаг аз куыстой, Машæ æмæ Зинæ, Серæби æмæ Фузæйау. Уыцы уалдзæг фесты каст уалæ Калугæйы педскъола. Ныр уырыссаг æвзаг амонынц райдиан кълæсты. Машæ – тымбылгомау зæрдæисгæ чызг, исты зæгъынмæ куы фæхъавы, уæд уал хъуамæ фыццаг бахуда, худгæхудын та ризгæ кодта, цыма-иу йæ быны зæхх змæлыд, уый хуызæн. Уæд-иу йæ кофтæйы тæрттæ æддæмæ цы дыууæ къуыппы дардтой, уыдон бынтон нал зыдтой æрæнцой, цыма æддæмæ кæцæй ракæсой, ахæм зыхъхъыр агуырдтой кофтæйы тæртты.

– Сихор хæрынмæ махмæ цæуылнæ цæуыс Серæби Замбеджы фырт? – дзуры Машæ æмæ йæ цæстытæ худынц.

– Махмæ фæтк нæ амоны æнæ хонæг искæмæ цæуын.

– Кæмæ нæ амоны?

– Ирæттæм.

– Æмæ дæ хондзыстæм.

– Хонут мæ.

– Фæлæуу, æмæ афтæ гæнæн нæй – иу сихормæ дæ ‘рбахонæм, стæй иннæ сихæрттæм дæхæдæг цæуай?

– Ис. Æцæг мын хъуамæ бæлоны фыдæй хæринæгтæ хæссат мæ фынгмæ.

– Хæсдзыстæм.

– Къухфыст мын раттут.

– Ратдзыстæм.

– Стæй уын уыцы бæлæттæ хæрд куы фæуой, уæд та?

– Нæ фæуыдзысты. Уартæ ма Лукайы бафæрс, кæддæра цас сты. Кæрон сын нæй, – нæ састи Машæ. Фузæ æмæ-иу Зинæ дæр бахудтысты.

– Арæхстгай æвналут, бæлонхор стут, уый уын куы рахъæр уа, уæд уыл зарджытæ скæндзысты.

– Æмæ зарæг цæмæй æвзæр у!

– Уый зарæг зоны!

Фузæ Машæйы уæхск æркъуырдта йæ тъæпæн армæй.

– Дæ худæджы дзæкъул къæртт фæци абон, мæнæ чызг?! – стæй аздæхт Серæбимæ. – Ахæр-ма дзы.

– Гыццыл ма мæ дзы куы уаид. Æгæр хæрзад у æмæ йæ куы мысон. Чи йæ скодта, чи?

– Мæнæ Машæ.

– Æгонгæй, æз нæ уыдтæн.

– Уæдæ чи уыд?

– Лабазан, – хъæрæй ныххудти Машæ.

– Уæдæ дзы нал хæрын.

– Нæгъ! Æз уыдтæн. Ахæр-ма дзы!

– Цу, Машæ, æркæн ын.

– Ды йын æркæн, Фузæ, æз ын куы нæ базонон кæнын.

– Куыд нæ базондзынæ?!

– Æгæр конд мын куы фæуа!

– Гъа-ма, Нинæ, ды мын æркæн, – йæ тæбæгъ бадардта Нинæмæ Серæби.

Нинæ йæхи рафтауæгау кодта Фузæ æмæ къулы ‘хсæнæй, тæбæгъ райста Серæбийы къухæй æмæ бауад пецмæ.

– Йе ‘дзаг ын æркæн! – дзуры Машæ хъæрæй, æмæ йæм йæ гом цонг бадаргъ кодта, – уыцы урс-урсид тымбыл цонг цырагъы хуызæн фидыдта.

– Æгонгæй, йе ‘рдæг, – дзуры Серæби.

– Æццæй, Фузæ? – фæрсы Нинæ.

– Йæ фылдæр хай, – худы Фузæ.

Нинæ йын йæ разы авæрдта тæбæгъ æмæ та йæ бынаты балæууыди. Йæхи дзы тыхтъыст бакодта.

Серæби та сæм бакаст.

– Гъомæ, уым цæмæн лæуут уæддæр? Кæй дзы нæ цæут, уый тыххæй?

– Базыдтай йæ! – ныхас та йæхимæ айста Машæ. – Ам куы нæ лæууæм, уæд нæ уазæджы цинæй нæ зæнгтæ нæ быны куы фæтасой, уымæй тæрсæм. Ам куы лæууæм, уæд нын уымæй тас нæу.

– Хуыздæр дзуаппæн ссарæн нæй. Фæлæ гъеныр афтæ бакæнæм æмæ мæ мауал дзурын кæнут, æндæра куы ферхæцон, уæд Мæхæмæт фæдисы æрцæуудзæн æмæ, скъолайы бæлæттыл былар кæй бафтыдтат, уый базондзæн. – Стæй аздæхт йæ тæбæгъмæ. Раст уæд чидæр дуар æрбахоста – цыдæр æнарæхст тъæпп-тъæпп æй æрбакодта. Серæби фестад æмæ акаст дуарæй. Уым, дуарахизæны лæууыди Айсет. Серæбимæ скаст æмæ йæ цæстытыл зынди, йæ уды бон уромын кæй нæ уыд, ахæм хъизæмар.

– Айсет! – сирвæзти хъæрæй Серæбийæ, стæй æддæмæ ахызт æмæ дуар æрбахгæдта. Айсет йæ цæстытæ æруагъта.

– Уым иу хъуыдыйад æвзарын, – загъта æмæ фæлæууыд йæ ныхасæй. Йæ къæхтыл цы резин дзабыртæ уыд – йæ фадхъултæм æххæстысты дзабыртæ – уыдонæй иуы цыргъ фындзæй миты уæлæ цыма дзуæрттæ æфтыдта: иуæрдæм-иу ауагъта дзабыры фындз, стæй-иу ын æй йæ фæдыл цæхгæрмæ æрбауагъта.

– Цæй хъуыдыйад æвзарыс?! – йæ дис бамбæхса, уый нæ бафæрæзта Серæби.

– Домгæ вазыгджын хъуыдыйад.

– Æмæ?

– Æмæ йæ нæ зонын æвзарын, – йæ цæстытæ йæм сзылдта. – Ды мын æй бацамон.

– Кæм æй æвзарыс?

– Уæлæ скъолайы.

– Æмæ скъолайы афтид кълас куы нæ и.

– Тыргъы.

– Æмæ йæ тыргъы цæмæн æвзарыс, уæхимæ йæ цæуылнæ æвзарыс?

– Нæ зонын.

– Гъомæ цу, æз дæр фæцæуын.

– Гъеныр цом, – уæлæмæ та йæм скаст Айсет æмæ Серæби фæтарст – уыцы сау цæстытæ цæссыгтæй куы айдзаг уой.

– Гъомæ, цом.

**12**

Скъола ног азмæ цæттæ кодта йæхи. Хистæр кълæсты лæппутæ зазбæлас æрхастой уалæ фæсрагъ кæмдæр зазкъох и ‘мæ уырдыгæй. Æвæццæгæн сæ сæ цин схаста – æгæр стыр бæлас калд сын фæци. Скъолайы раз ын йæ сæрæй æнæхъæн ивазн алыг кодтой. Уæддæр ма царыл ныдзæвы йæ цъупп. Ныр ыл чызджытæ нымбырд сты æмæ йæ фæлындынц. Æлхæнгæ хъазæнæй сæм ницы уыд, фылдæр ыл дыргътæ ауыгътой, стæй ноджы алыгъуыз гæххæттытæй цы хъыгъырыкæрон уадздзæгтæ фæкарстой, уыдон – хæлттæ кодтой уыцы уадздзæгтæ æмæ йын сæ кæм ронбаст æрбакодтой йæ къалиутыл æддиæутты, кæм ыл сæ дзуарсаауыгъд æркодтой хъатараты хуызæн. Бæласæн йæ фарсмæ стъол æрæвæрдтой, стъолмæ схизынæн – бандон, цыппæрдигъон хъæдын бандон. Æмæ сæ бæласæн куы йæ иу фарсмæ ахæрхæр кæнынц стъолæй дæр æмæ бандонæй дæр, куы – йæ иннæ фарсмæ. Уæле стъолыл – Айсет. Иннæ чызджытæ иу-цалдæрæй – бынæй. Æмæ йæм цы сдæттынц, уый та айсы Айсет æмæ та йæ ацауындзы бæласы къалиуыл, æмæ зæу-зæу кæнын байдыдтой бæласы къалиутæ, æмæ сыл кæм бур-бурид цъупп кæрдотæ ацахсы адæймаджы цæст, кæм – сырх-сырхид æмдымбыл фæткъуытæ. Æмæ фæгуыбыр кæны уыцы цъæтæлвæст зæнгтыл Айсет, райсы, чызджытæй йæм чи цы сдары, уый, стæй сæвналы бæласы къалиумæ, йæ къахы æлгътыл алæууы, салбары фадгуытæ фæтынг вæййынц йæ раст зæнгтыл.

Серæби йæ бынаты бадти. Хатæны дуар – гом, æмæ йæм гом дуарæй зынди зазбæлас дæр, стæй, чызджытæ йæ алыварс куыд змæлыдысты, уый дæр. Дуар сæхгæнын хъуыд – афтæ йæм каст, фæлæ йæ не ‘хгæдта: цыдæр цин æм хъарыд, чызджыты ‘хсызгон змæлд кæй уыдта, уымæй. Иуæй-иухатт-иу цалдæрæй сдардтой чызджытæ сæ къухтæ Айсетмæ – чи йæм сæ кæрдо дардта, чи – фæткъуы, сæ хъæдтыл æндæхтæ баст, афтæмæй, чи та – æндæр исты, уæд-иу сын аразгæ бустæтæ кæныныл фæци. Æвæццæгæн мæм, ома, иугай дæттут, уый æппæтæй мæм, ома, иумæ цы ныхъхъил кæнут уæ къухтæ?! Нæ мæ уынут, ома – иу йеддæмæ нæ дæн æмæ хæйрæг нæ фестадтæн, ома! Афтæтæйедтæ дзырдтаид. Уæдæ ‘ндæр цы хъуамæ дзырдтаид!

Иуафон зазы тæккæ ныхмæ цы кълас уыд, уырдыгæй рауади цалдæр чызджы. Сæ иуы къухы – сырх стъалы. Æвæццæгæн æй уым сарæзтой. Æмæ йæ Айсетмæ слæвæрдтой. Хъуамæ йæ

бæласæн йæ тæккæ цъуппыл бакодтаид. Стъолæй бæласы сæрмæ не ‘ххæст, æмæ йæм бандон слæвæрдтой. Айсет алæууыд бандоныл, уæлæмæ сивæзта йæхи. Æмæ ауыдта Серæби – бандоны фæстаг къæхтæ фæхицæн сты стъолæй æмæ сындæг-сындæг уæлæмæ фæцæуынц. Фестъæлфыди Серæби. Уый дæр бахæццæ и стъолмæ æмæ бандоны гуыпп дæр фæцыд. Стæй райхъуыст чызджы тарст хъæр, æмæ ауыдта Серæби – мæнæ, йæ цæнгтæ хъилæй аззадысты, афтæмæй ратæхы Айсет. Фæлæбурдта йæм, рацахста йæ, фæлæ фæцудыдта æмæ стъолыл бахауд. Æмæ уæд ауыдта стъалы, йæ тæккæ цæстыты раз лæууыди уыцы сырх-сырхидæй, цыма йæм æй æвдисгæ кодта, ома, æз стъалыйы тыххæй рахаудтæн, ома, стъалы бакæнынмæ куы нæ сæвнæлдтаин бæласы цъупмæ, уæд нæ рахаудаин. Æмæ уæд бафиппайдта Серæби – кæд чызджы цонг нæ уыди йæ бæрзæйыл тыхт! Æвæццæгæн, фæтарсти æмæ ма йæ, цы ‘мбæлы ‘мæ цы не ‘мбæлы, уыдæттæ нымайынмæ ‘вдæлди!

Куы фестад æмæ, ныр æруадзон чызджы зæхмæ куыд загъта, афтæ ацахстой йæ хъустæ чызджы зæрдæйы гуыпп-гуыпп, æмæ йæм хъусыныл фæци – тарсты гуыпп-гуыппы хуызæн æм нæ фæзынд, æндæрхуызон гуыпп-гуыпп æм фæзынд, æмæ фæтарсти Серæби, кæд иннæ чызджытæ дæр хъусынц уыцы гуыпп-гуыпп, зæгъгæ. Хъуыста гуыпп-гуыпмæ æмæ бамбæрста, зоны Айсет, уæд Мамалау Хавайæн цытæ фæдзырдта уый тыххæй, Серæбийы тыххæй, уыдон иууылдæр! Бæрæг уыди зæрдæйы гуыпп-гуыппыл. Загъта йын æй Хава. Ома, уадз æмæ йæ зона, уымæ кæй бады, уый, уадз æмæ, ома, ‘мбара йæ уавæр, æмæ йæ митыл фæстæмæ хæца.

Куы йæ ‘руагъта зæхмæ, уæддæр ма хъуыста уыцы гуыпп-гуыпмæ æмæ ма йæ бынатæй фезмæла, уымæ нал арæхст. Исты зæгъын дæр æй хъуыд – уæдæ мацы сдзур чызджытæм, афтæмæй азил æмæ ацу, уый цы хуызæн цыд уыдаид! Фæлæ, цы зæгъа, уый нæ зыдта æмæ уæд загъта:

– Бандонмæ уæ мачиуал схизæд!

Афтæ зæгъа, уый йæ зæрдæйы кæрон дæр нæ уыди. Фæлæ афтæ загъта.

Стæй ацыд. Дуаргæрон фæлæууыд: дуар бахгæна, æви йæ гомæй ныууадза? Гом куы уаид, уæд хуыздæр уаид, фæлæ чызджытæ уымæ кæсынц, уый æмбæрста æмæ йæ бахгæдта.

Хъуамæ хорз рауайа сæ хъазтизæр – Октябры бæрæгбон

кæй равдыстой, уымæй хъуамæ хуыздæр уа! Басиат дзы йæхæдæг дæр зардзæн. Зарджыты къорд дæр зардзæн, йæхæдæг дæр. Æмæ Басиат куы ныззара! Уый та дзы ‘мдзæвгæ хъуамæ бакæса, Къостайы æмдзæвгæ, йæ уырыссаг æмдзæвгæтæй «Мæ цæстмæ мын ма дар...» Фæлæ уæддæр ацы Басиат, ацы! Цы судзгæ улæфтытæ схауы йæ хъæлæсæй! Диссаг та куыд нæу хъæлæсы хъуыддаг! Дзургæ-дзурын куыд ницы разыны йæ бирæ гæнæнтæй. Цалынмæ нæ ныззара, уæдмæ хъæлæс цы вæййы, уый вæййы, стæй куы ныззары, уæд бынтон æндæр фесты. Уæдæ Басиат дзургæ къуызгæ-къуызгæ куы фæкæны, уæд дзы уый æнхъæл чи вæййы, æмæ куы ныззара чызг, уæд кæлæнтæ кæнын райдайдзæн уыцы хъæлæс! Топпы гæрæхтæ дзы цæудзæни, йæ топпыхос æхсондурæй кæмæн схæцы, ахæм топпы гæрæхтæ.

Умахан цагъта, уый зарыд. Уыдон бадтысты фынгыл. Алцыдæр – куыддæриддæр вæййы, афтæ. Фæлæ иуафон ма феста, ма! Фестади, йæ кæлмæрзæн фелвæста йæ сæрæй æмæ йæ йæ къухы хæрдмæ фæхаста, цыма кæлмæрзæн нæ уыди, фæлæ тырыса уыди, комы тырыса, æмæ йæ искуы мæсыджы сæр ныттындзынмæ хъавыд, комы цæрджытæ йæ ииуылдæр куыд федтаиккой. Хæцыд кæлмæрзæныл бæрзонд æмæ зарыд – арт сирвæзти кæмдæр йæ зæрдæйы рæбын, æмæ йæ цæхæр калди уыцы артæн чызджы хъæлæсæй. Серæби бадын нал бафæрæзта. Сыстад æмæ, куырм лæг куыд цæуа æрмифицаугæйæ, афтæ араст и чызгмæ. Куы йæм бахæццæ ис, уæд ауыдта, чызджы дыууæ уадулыл фæйнæ-фæйнæ цæссыджы гагайы куыд бандзыг и, уый, æмæ бадис кодта – куыд банцадысты уыцы тымбыл уадултыл уыцы тымбыл цæссыджы гагатæ, куыд нæ æртылдысты æмæ зæххыл сæ тъæпп куыд нæ фæцыди?! Æмæ йæхæдæг дæр нæ бамбæрста – цæмæн?! – афтæмæй йæ иу уæраг зæхмæ æруагъта чызджы раз. Зарæг фæцудыдта, фæлæ нæ фæкалди, æвæццæгæн, йæ кæронмæ кæй фæцæйхæццæ кодта, уый тыххæй. Стæй æрлæууыди зарæг. Чызг йæ къух бадардта Серæбимæ. Серæби къухмæ бавнæлдта, фестад æмæ къухы уæлармæн аба кодта. Уæд ауыдта: фынгыл бадгæ ничиуал кодта, ииуылдæр лæууыдысты, æмæ ныссабыр и фынг. Стæй Абдулманап йе стыр æрмттæ æрхоста кæрæдзийыл, иннæтæ дæр февнæлдтой æмдзæгъд кæнынмæ æмæ, æрсдон куыд акæла йæ донвæдыл, афтæ уыцы фидар къухты ‘мдзæгъд алæсæнау кодта фынг-фынг дæлæмæ. Кæд мыййаг анызта Басиат дæр. Умахан-иу анызта – уый федта. Бахастой-иу æм

уырдæм агуывзæ, дзидзайы кæрдих дæр-иу акодта йæ дзыхы. Уый нæ федта нуазгæ æмæ йæ куыд федтаид! Иуæй чъылдымыздæхтæй бадти фынгмæ, иннæмæй та кæлмæрзæнæй йæ цæстыты йеддæмæ ницы зынди. Фæлæ анызта, æвæццæгæн. Æгæр æгæнон уыдысты йæ митæ. Æрвонгæй афтæ æгæнон митæ кæныныл не схæцыдаид, æвæццæгæн. Стæй йæ зарæг дæр – хорзæй хорз уыди, куыд нæ уыди хорз! – фæлæ, цыма, æгæр æгъатыр уыди æмæ, цыма, лæгты фыдæнæн уыди афтæ æгъатыр, фынгыл æнæмæтæй чи бадти, уыцы лæгты фыдæнæн.

Йæхæдæг дæр анызта Серæби. Абдулманап æй йæ цуры сбадын кодта, бахатыд-иу æм, æмæ та-иу æфсæрмæй анызта. Куы нæ анызтаид, уæд, чи зоны, цæугæ дæр нæ фæкодтаид Басиатмæ. Фæлæ анызта ‘мæ, нуæзт уæлтæмæн æфтауы лæгыл.

Уæд æм хæдзармæ ‘рбацыд Хабиб. Куывдмæ айрæджы кодта æмæ, бадт куы райхæлд, уæд æй Лабазан нæ рауагъта, æвæццæгæн, ома, дыууæйæ иумæ абадæм. Серæби йæхи æруадзынмæ хъавыд сынтæгыл, афтæ йын æрбахæцыд йæ дуарыл. Æмæ ма бирæ фæбадтысты, бирæ ма фæныхæстæ кодтой. Хабибæн кæд нæу йæ хæрз æмхæрæфырт Басиат. Йæ хабæрттæ йын фæкодта Серæбийæн:

– Буйнакскы ахуыр кодта ахуыргæнджыты скъолайы. Мæ мæгуыр мадыхойæн йæ цæстытæ ныуурс сты – уæдæ мæнæ фæуыдзæн ахуыр йæ чызг æмæ мызд исын райдайдзæн. Хуыздæр ма цæуыл бацин кæндзæн хæххон сылгоймаг! Ныр, кæронбæттæны фæлварæнтæм куы ‘рхæццæ, уæд йæ размæ фæци уыцы фыдфæлварæн æмæ иннæтыл дур ныффæлдæхта. – Хабиб йæ тъæпæн арм пецы сæрмæ байста, æрæвæрдта йæ уазал пецы сæр, йе ‘нгуылдзтæй йыл адыккыри-дыккыри кодта æмæ Серæбимæ бакасти. – Хуыцау сылгоймагæн зонд куыд нæ радта, уый нæ зоныс?

– Куыд нæ йын радта зонд?!

– Нæ йын радта. Æнæуи йæ алцæмæй дæр куы сифтонг кодта – уындæй, зæгъай, кондæй, уæдæ, нæлгоймæгтæн сæ уд сæ хъæлæсæй кæмæй ласы, уыцы мидбылхудтыл дæр ын нæ бацауæрста. Уæд ма, дам, æм фæстæмæ куы фездæхид а сылгоймаг, æмæ, дам, зонд та?! Æмæ, дам, ыл уым Стыр Хуыцау йæ сызгъæрин къухтæ куы сцæгъдид – зонды кой, дам, ма кæ, уæд, дам, сылгоймаг нал уыдзынæ! Æмæ æнæзондæй хырхы. Нæлгоймаджы номыл æм цæхæрадоны быдыргъ куы бадзура, цом уалæ

Ӕрфæны фæдыл арауай-бауай кæнæм, уæд æй афтæ нæ бафæрсдзæн: æмæ мæ кæуылты скæндзынæ Ӕрфæны фæдмæ, фæлæ йæ райст-бавæрды къабайы йæ сæр фæцæвдзæн.

Ахуыргæнæг сын уыди уыцы лæппу педскъолайы, нырма æрыгон. Бафтыди йыл. Хуыцаумæ цыд æмæ зæхмæ здæхти – æрмæст уый, Басиат, æндæр чызг нæй зæххыл. Куыддæр фæуа скъола, афтæ йæ къухтыл рахæсдзæн скъолайæ, уадз æмæ иууылдæр феной, куыд бирæ йæ уарзы, уый. Ӕмæ йын афтæ нæ загъта: уæд уал фæлæуу, æххæст фæуон скъола. Нæ йын загъта. Хуыцау ын зонд нæ радта 'мæ йын куыд загътаид! Стæй бинонтæ разынд лæппуйæн. Ӕмæ йæ зонд фæхæццæ амæн: уый та куыд? Ӕмæ уыцы ныхæстæ та? Ӕппын ницæуыл æнцадысты уыйæппæт ныхæстæ?! Бæх цæххæй куыд басайай, стæй йын йæ барцыл куыд фæхæцай æмæ йе 'ккой куыд абадай, æндæр ницæмæн уыдысты уыцы ныхæстæ! Уæд куыд нæ басудзы уыцы æвзаг – уыйбæрц сайæн ныхæстæ кæм и?! Ӕмæ ма йыл йæ цæстытæ искуы куы 'рхæцой, уый адæргæй фæлыгъди скъолайæ, фæлыгъди Буйнакскæй. Хъæумæ йæ цæсгом нæ ахъæцыд – куыд ахъæцыдаид йæ цæсгом! Уыдон æм ахуыргæнæджы гæххæттимæ 'рцæуынмæ 'нхъæлмæ кастысты, уый та сæм худинаджы гаккимæ 'рцыдаид?! Ӕмæ ам мæныл фæцыди йæ тъæпп. Ныр дæ нæ бауырндзæн, фæлæ-иу кæд боныгон, æз куысты куы уыдтæн, уæд ацъынд кодта, уыййеддæмæ сæрды дæргъы йæ сæр иу æхсæв базмæ не 'руагъта. Хибар ран сбадтаид, ныггуыбыр уыдаид æмæ афтæ бадтаид суанг бонмæ. Афтæиу æй бадгæ ныууагътон, куыстмæ-иу куы цыдтæн, уæд. Сдзырд æм нæ уыд, æмæ йæм ницы дзырдтон. Уый та, æвæццæгæн, йе 'ннæ хъизæмары æдде уыцы зарæджы хъизæмар дæр æвзæрста, далæ уыцы зарæджы, Лабазанты куывды кæй ныззарыди. Уыцы æндзыг бадгæйæ уыцы зарæг рабар-бабар кодта алырдæм.

– Ӕмæ афтæ зæгъыс – зарæг йæхи арæзт у, уыцы зарæг далæ? – йæ бынаты рабадæгау кодта Серæби, диссаг æм фæкасти Хабибы ныхас: уæдæ ахæм судзгæ зарæг æрхъуыды кæн!

– Зарæг у, хъарæг у – йæхи зæрдæйæ сæфтыди. Уæдæ æз ахæмæй никуы ницы фехъуыстон Солыйы адæмы 'хсæн. Никуы дæр чингуыты сæмбæлдтæн ахæм истæуыл. Адæм, дам, уарзын раздæр базыдтой, дзурын куы базыдтой, уымæй. Гъо, уый, дам, сыгъдæг уарзыны дуг уыди. Тæхудиаг, дам, сты, уыцы дуджы, дам, чи арвыста йæ царды бонтæ. Дзурын куы базыдтой адæм,

æмæ дзыхы дзырд куы бахæццæ уарзтмæ, уæд дзы кад æмæ радæй ницуал баззад. Æгадæй къæхты бынмæ æрхауди уарзт. Уо, фæлтау дзурын куы никуы базыдтаиккой адæм, æгомыгæй куы фæхитыдтаиккой хуры бын. Кæнæ та сæ змæлæг куы нæуал баззадаид. – Хабиб арф ныуулæфыд, цыма искуыдæм исты хъæр кæнынмæ хъавыд, уый хуызæн, стæй йæ худ систа, æвæццæгæн æй искуы æрæвæрынмæ хъавыд, фæлæ уый хуызæн нæуæг худ кæм æрæвæра, ахæм бынат æм никуы разынд æввахс, æмæ йæ фæстæмæ ныккодта йæ сæрыл. – Цæй, ныр та ‘ндæр истытæ адзурæм, кæннæуæд нæ, Басиаты зарæг кæуыныл куы бафтауа, уымæй тас у, – йæхи фæхъæлдзæг кодта Хабиб.

Серæбийы нæ фæндыд æндæр истытæ дзурын. Басиаты кой кæнын æм цыд, йæ зарæджы кой кæнын. Йæ цæстытæй нæ хицæн кодта уыцы æгайнæг ныв – йæ кæлмæрзæн фелвæста, хæрдмæ йæ фæхаста, цыма заргæ нæ кодта, фынгыл чи бадти, уыцы лæгтæн, фæлæ кæмдæр цыдæр фыдбылыз æрцыд æмæ сæм фæдисы хъæр кодта. Адæм, дам, дзурын куы базыдтой, уæд, дам, уарзын нал зонынц. Уымæй ма диссагдæр исты уа! Æмæ йæ афтæ ‘рфæндыд, тынг æй æрфæндыд афтæ: гъеныр куы ницуал зæгъид æппындæр Хабиб, йæ бадæнæй æнæдзургæйæ куы сыстид æмæ афтæ æнæдзургæйæ дуарыл куы ахæцид æмæ куы ахизид. Уый афтæ куы баззаид бадгæ – куы бадид æмæ куы бадид, йæ зарæгыл дæр ын куы рахъуыды-бахъуыды кæнид Басиатæн æмæ йæхиуыл дæр. Стæй уыцы ахуыргæнæг лæппуйыл дæр, ныхæстæй йын мæсгуытæ чи фæцамадта, стæй бинонтæ кæмæн разынди. Цымæ йæ царды цы цинтæ уынгæ фæцæудзæн? Батайдзæн ын уыцы тæригъæд? Æмæ йын куыд хъуамæ батайа?!

Фæлæ Хабибмæ цæуыны фæндæй ницы уыди. Бадти æмæ таиу Серæбимæ бакасти. Бæрæг уыд: цыдæр зæгъинаг æм уыд, фæлæ йыл цыма фæстæдæрмæ ауæрста. Уæддæр иуафон загъта:

– Дæуæн цыма дæ зыв-зыв Цохалийы скъолайы ссæудзæн.

Серæбийæн хъыг уыди уыцы ныхас – уæдæ, иугæр дзурыс – нæ цæуыс, æмæ уæд Басиаты кой кæн, йæ зарæджы кой йын кæн. Уый дын Цохали ‘мæ Мохали! Фæлæ, Хабиб уымæ кæй кæсы, уый куы федта, уæд æм бадзырдта:

– Кæм ссæудзæн мæ зыв-зыв?

– Цохалийы.

– Куыд ссæудзæн мæ зыв-зыв Цохалийы?

– Райкомы ис ахæм фæнд, цæмæй дæу Цохалимæ аивой, уым дæ директорæй сæвæрой.

– Мæн?

– Дæу.

– Цохалимæ?

– Цохалимæ.

– Директорæй?

– Директорæй.

– Æмæ уæ райкомæн æндæр ницы куыст и мæн равæр-бавæр кæныны йеддæмæ? Уæд мæ ам тыхæвæрд скодтой ахуыры хайы. Ныр дзы мæ бынат нæма бахъарм кодтон æмæ, дам, Цохали! Уымæй дæр директоры бынаты.

– Дæ тыфылтæ калын ныууадз. Æндæр дæ бынаты цин бакæнид. Скъола – ног, хорз скъола, æгъдау дзы фидар æвæрд. Уæдæ ахуырæй фыццаг бынат не суагъта ныр цалдæр азы дæр. Батал-хан цы лæг уыд, уый куы зоныс.

Зыдта Батал-ханы Серæби – стыр сау лæг. Æдде бакæсгæйæ мæстыхуыз. Æппæлыдысты-иу дзы. Цæргæ Ботлихы кодта, уырдыгæй цыд куыстмæ йæ мотоциклетыл сæрдæй зымæгæй. Æхсæвыгон былæй ахауд. Нуæзтджын уыдаид. Нуæзтмæ æгæр æмхиц сты. Цыма нырмæ мархо дардтой нуæзтыл æмæ нырма ныр фесты мархо дард. Сæхимæ нуæзтæй ницы и – сæн дуцын нæ зонынц, арахъхъ уадзын нæ зонынц. Уырыссаг нуазынц æмæ йæ цыма æгæр нуазынц.

– Лæгау лæг хъуамæ хицау уа, хицау, йæхицæн ын хицæуттæ ма уа, фæлæ. Дæлбар кусын – уый дæллаг галы куыст у, æфсондзы уæз уымæ хауы, афтæмæй йæ сæр та уæллаг гал тилы. Уым акусдзынæ, стæй сæ бон у, æмæ дæ Ботлихы скъоламæ акæной, стыр скъоламæ. Уæд сах дæр дæхæдæг æмæ паддзах дæр. Бырсын хъæуы размæ, инæлар суа, уый цы салдаты нæ фæнды, уымæй салдат нæй – æмæ-иу рахæц-бахæцыл ма схæц куы дæм фæдзурой, уæд. Ам дæ тынг æруарзтой, дæ ацыд сæ нæ фæнддзæн – цæрджыты дæр нæ фæнддзæн, скъоладзауты дæр, – цыма йæхицæн дзырдта, афтæ сабыр дзырдта Хабиб, æмæ йæм уæззау-уæззау йæ сæр базылдта Серæби. Æмæ ныр уый куы аивой Цохалимæ, уæд Хава иннæрдæм нæ ныззилдзæн?! Стæй а Хабиб не сног кæндзæн йæ хъуыддаг æмæ Айсеты нæ ратондзысты фæстæмæ скъолайæ?! Стæй, иугæр Айсет куы нæуал цæуа, уæд та иннæ чызджытæ дæр нæ ныууадздзысты се

скъола æмæ та се ‘ргом чындзы цæуынмæ нæ аздахдзысты?!

– Нæ, æз Ансалтайæ никуыдæм цæуын, ардæм æрцыдтæн, æмæ хъуамæ ам кусон! – сирвæзти дзы хъæрæй.

– Дæ бонæй уай, кæд Хуындзахы Нуццал-хан нæ дæ! Æмæ уый дæр нæ фæлæууыдаид райкомы ныхмæ. Фæлæ дæм цалынмæ фæдзурой, уæдмæ хъуыддаг куы нæ ныччитт-читт уа, уæд – хуыздæр. Æз æмæ йæ ды куы зонæм, уæд фаг у.

Бадти Серæби, хъуыста, æдде чызджытæ куыд змæлыдысты, уымæ, æмæ йæ фæндыд, бæргæ йæ фæндыд, дуар гом куы уыдаид æмæ-иу сæм рæстæгæй-рæстæгмæ кæсгæ дæр куы акодтаид. Фæлæ дуар æхгæд уыди, æмæ йæ куыд æрбакодтаид, цæй æфсон æй æрбакодтаид!

## 13

Патъимат йæ иу уæхск тарвазмæ бауагъта, иннæ уæхск дуармæ фæбыцæу кодта, афтæмæй йæ сæр бадардта мидæмæ, уæртджын хæфс йæ уарты бынæй куыд радары йæ сæр, афтæ. Йæ къухтæ нæ зындысты, фæлæ Серæби хорз зыдта, сылгоймаг йæ рахиз къухæй сæ гыццыл æрхуы дзæнгæрæджы къубалыл кæй хæцы. Арт дæр уыцы дыууæ сылгоймаджы кодтой пецты, мæрзгæ дæр уыдон кодтой – Патъимат æмæ Нукиат, стæй-иу хъуамæ сæ иу уым баззадаид – радгæс. Æмæ сæ уым чи уыдаид, уый уыцы дзæнгæрæг зæхмæ не ‘руагътаид.

– Мæхæмæт дæм дзуры, – бадзырдта мидæмæ æмæ дуар бахгæдта. Лæг нæ уыд Патъиматæн, афтæмæй йæ чындздзон карæй раджы аивгъуыдта. Дыууæйæ цардысты йæ мадимæ. Скъолайæ хъæуы ‘хсæн цы къаннæг æрх уыд, уымæн уыцы фарс – сæ гыццыл хæдзар, йæ раззаг къул чъырæйцагъд уыд хæдзарæн æмæ-иу ыл цæстытæ уайтагъд схæцыдысты скъолайы разæй.

Серæбийы нæ фæндыд директоры хатæнмæ цæуын. Уазал смаг скодта, цы хæдзарæй фæдзурынц сæхимæ, уый хуызæн æм касти уыцы хатæн, кæд дзы пец дæр уыди, арт дæр дзы кодтой, уæддæр. Йæ гæххæттытæ куыд пырх уыдысты йе стъолыл, афтæ сæ фæуагъта – ныртæккæ йæ ардæм хъæуы фæстæмæ, æмæ сæ цы ‘фснайа! Фестад æмæ тыргъмæ рахызт. Зазбæласыл йæ цæстытæ ‘рхаста æмæ йæм бахудти, стæй фæраст и йæ рæзты.

Мæхæмæт лæууыди хатæны бæрæг астæу, йæ сæр афтæ дæлиау æруагъта йæ риуыл, æмæ Серæби бадис кодта: йæ худ

куыд нæ фефсæры размæ æмæ асдæрды фæйнæджытыл йæ тъæпп куыд нæ фæцæуы!

Стъолыл уыди арахъхъы авг, йæ фæйнæ фæрсты – дыууæ къуырф тæбæгъы – сæ иуы таучел калдæй лæууыдысты фыдызгъæлы ставд кæрстытæ – сæ хæрздæф уыцы хъармæй уæлæмæ бырста, иннæйы – доныфых хæмпъалытæ.

– Серæби, – йæ сæрыл уæззаугай схæцыд Мæхæмæт. – Искуы дыууæйæ иумæ сихор бахордтам! – афтæ загъта – фæрсгæ нæ бакодта, æнæуи загъта – стæй азылд æмæ цыдæр æнарæхст къахдзæфтæй бацыд йæ бынатмæ. Авг систа æмæ дзы йæ цуры цы дыууæ агуывзæйы уыд, уыдон æрыдзаг кодта.

Серæби батыхсти – мыййаг æм куы бахата æмæ йæ нуазын куы бахъæуа! Иннæрдыгæй хъарм дзидзайы тæф йæ хъуыры аирвæзт, базмæлын æй кодта. Уæдмæ агуывзæтæ систа Мæхæмæт, кæрæдзийыл сæ бакъуырцц кодта, æмæ йæм сæ иу бадардта.

– Мæ зæрдæ нæ зæгъы, Мæхæмæт Кадыры фырт, – йæхи бакъултæ кодта Серæби, уæддæр бавнæлдта агуывзæмæ.

– Гъæй, дæ бонæй уай, Серæби Замбеджы фырт, кæд мæнæн мæ зæрдæ дысон-бонмæ уый нæ дзуры æмæ абон дзæбæх куы баназин! Сбад. Мæ фыдызгъæл дæр мын фен, кæддæра йæ дзæбæх не сцæхджын кодтон.

Серæби лæууыди æмæ касти, Мæхæмæт куыд ныуæзта, уымæ, стæй, куы фæци ныуæзт Мæхæмæт, уæд йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ сдардта агуывзæ йæ дзыхыл. Уый фæстæ йæ иу къухæй хæмпъалы райста, иннæ къухæй дзидзайы хай, хордта æмæ та-иу йæ цæсты тигъ авгмæ базылдта – куы та йæм бавнала Мæхæмæт, куы та дзы рауадза! Бæргæ куы нæуал æм бавналид, æмæ Серæби уыцы хæрзад дзидза æмæ уыцы фæлмæн хæмпъалы афтæ куы 'ууилид æмæ куы 'ууилид!

Фæлæ кæм и! Уæртæ та уыцы тæнæг арм йæхи æрбайтыхта авгыл æмæ та йæ фæд-фæдыл дыууæ агуывзæмæ дыууæ хатты фæкъул кодта.

– Аназ! – бадзырдта йæм стъолы сæрты, йæхæдæг æй анызта, тæбæгъæй дзидзайы кæрдих систа, фæлæ йæ фæстæмæ æрæвæрдта, йæ тъæпæн къухæй йæ былтæ асæрфта. – Мæ хъуыддæгтæ мæ разы ныццæнд сты, афтæ ныццæнд сты, æмæ нæ сæ сæрты ахизын фæразын, нæ, сæ фæрсты азилон, уый мæ бон у.

Серæби æууылдта æмæ йæм афтæ æууилгæ-æууилын каст.

– Иуæй мæ Мæскуымæ цæуыны хъуыддаг, иннæмæй мæ бинойнаджы рынчын. Уæдæ а Басиат дæр...

Серæби йе 'рдзæм-æрдзæмæй фæлæууыд: мæнæ Басиаты кой скодта æмæ кæддæра цæмæн скодта Басиаты кой? Йæ комдзаг йæ комы, афтæмæй касти Мæхæмæтмæ, фæлæ уый ницуал дзырдта, стæй, цыма æппындæр ницуал зæгъдзæн, ахæм бадтæй бадти. Уæд аныхъуырдта йæ комдзаг – афæрса йæ, кæддæра цы кæны Басиат, цæмæн ракодта йæ кой? Бинойнаджы кой ракодта, рынчын у 'мæ цы нæ ракæнгæ ис йæ кой! Фæлæ Басиаты кой та цæмæн ракодта, цымæ? Уæддæр нæ бафарста, раст æм нæ фæкаст, Басиатæй йæ рафæрс-бафæрсыл схæцыдаид, уый. Аргъуц кодта Басиатæй. Æмæ йæ уæд бинойнагæй бафарста:

– Тыхстдæр у?

– Тыхстдæр цы хоныс! Нал мæ базыдта знон. Чи, дам, у, фарста, дам, æз æддæмæ куы рахызтæн уæд, чи йæм бадти уыцы устыты. – Мæхæмæт арф ныуулæфыд. – Пайда дзы нал и, 'вæццæгæн.

Серæби йæм æнкъардæй каст, тæригъæд ын кодта. Исты баххуыс ын куы уыдаид йæ бон – нæ йын æй бахæлæг кодтаид. Уый афтæ фæуæд, фæлæ уæддæр диссаг у – Басиаты тыххæй цы зæгъынмæ хъавыд, æмæ йæ цæй тыххæй нал загъта? Иуафон йæ сæрыл схæцыд Мæхæмæт, æмæ базмæлыд Серæби – ныр кæд уæддæр зæгъид – цы а Басиат та? Фæлæ бынтон æндæр цыдæртæ дзурыныл куы схæцид Мæхæмæт:

– Æнæхъæн районæн дзы иу бынат уыд, кæрæдзийы сæртыл æм слæууыдысты, æмæ мæ хал схауд. Ныр мæ цæуыны йеддæмæ куы ницуал хъæуы, уæд дын – ай мæ митæ! Ацæуон æмæ куыд ацæуон, ма ацæуон æмæ цы ми бакæнон! – Мæхæмæт авг йæ агуывзæмæ ракъул кодта, стæй йæ Серæбийы агуывзæмæ бахаста, фæлæ уый йедзаг разынд, æмæ авджы бын стъолыл æркъупп кодта.

– Ле, уас! Ацы тыхстæй ма мæ уый схъуыди, æмæ мæ ды дæр расай-басай кæнай! Аназ æй!

Серæби йæ анызта – тæбæгъæй хæмпъалы систа, фæлæ дзы хæргæ нæ акодта, йæ цæстыты размæ йæ схаста æмæ йæм касти, нывмæ куыд фæкæсынц, афтæ.

– Æмæ ныр иу хъуыддагыл куы баныхас кæниккам æз æмæ ды, афтæ куы баныхас кæниккам, æмæ ды куы ацæуис Мæскуымæ мæ бæсты, уæд куыд уаид?

Серæби хæмпъалмæ касти – геометрийы урокты цы хахх-нывтæ

ахуыр кæнынц, цы къуымджын хахнывтæ, уыдонæй кæцыдæры хуызæн уыди.

– Æхсæз мæйы паддзахады хардзæй фæцæр Мæскуыйы – уый мæнæ и! Стæй ахуыр куы фæуай, уæд дæ уæхимæ фæнда, æндæр искуыдæм дæ фæнда – афардæг у! Æз дын дæ гæххæттытæ, кæдæм зæгъай, уырдæм арвитдзынæн.

Серæби йæм хъуыста, куыд нæ йæм хъуыста! Фæлæ йын йæ ныхæстæн ницы ‘мбæрста. Уæдæ, дам, ды куы ацæуис Мæскуымæ, дам, мæ бæсты, дам. Цыма Мæскуымæ афтæ ацæугæ у! Стæй, дам, афардæг у, кæдæм дæ фæнда, уырдæм. Уыдон цы хуызæн ныхæстæ сты! Куыд хъуамæ сыста, куыд хъуамæ ныууадза йæ хъуыддæгтæ æмæ куыд хъуамæ араст уа далæ Мæскуымæ! Уымæй дæр кæйдæр бæсты!

Мæхæмæт æм комкоммæ касти, уый хатыдта, æмæ йæм уый дæр бакæсын хъуыд – уый дæр æмбæрста. Фæлæ йæм куы фемдзаст уа, уымæй тарст цæмæйдæр æмæ йæм нæ бакаст. Фæстæмæ та хæмпъалымæ сарæзта йæ цæстытæ. Йæ кæрæттæ – уыцы æмраст лыг. Чидæр хыссæ куы нытътъæпæн кодта арынджы, уæд ыл уырдæм цыргъ карды ком дзуарса уæгъдтытæ ракодта, стæй февнæлдта уыцы тигъджын хыссæйы лыгтæм æмæ сæ фыцгæ аджы фæмидæг кодта. Æвæццæгæн, Патъимат уыдаид, уæдæ æндæр кæмæ фæцыдаид Мæхæмæт!

– Дæ хæдæттæ дæ чырыны къуымы авæрдтай – æндæр дæ цы мæт и!

Чырыны коймæ цыдæр уазал амидæг йе уæнгты Серæбийæн: куы йæ арвита! Куы сыста, куы ныллæууа æмæ йыл куы ахæца! Æмæ куы фæцæйцæуа æд чырын! Нæ, уый гæнæн нæй. Куыд и уый гæнæн?! Фæзылди Мæхæмæтмæ.

– Мæнæй зæгъыс, ома, æз ацæуон Мæскуымæ?

– Дæуæй зæгъын, уæдæ, мæ хæйрæджытæй исчи дæ хуызы бацыд, æмæ уымæй зæгъын!

– Нæ, æмæ мæнæн нæй цæуæн. Цæй цæуæн и мæнæн!

– Нæй дын цæуæн а? – рагуыбыр и Серæбимæ Мæхæмæт. – Цæмæннæ дын и?

– Нæй мын, куыд мын и!

– Дæ сывæллæттæ дæ фæдыл кæудзысты æви дæ хæдзармæ дæ зæрдæ ‘хсайдзæн! Бабад уыцы дзæбæх поезды æмæ хъазгæхудгæ ныффардæг у Мæскуымæ! Дæуæй æндæр чи уаид, уый цинæй амæлид.

– Цæмæн амæлид цинæй?

– Ардыгæй кæй ирвæзы, уымæн, æндæр цæмæн.

– Æмæ афтæ зын у ардыгæй аирвæзын?!

– Уæдæ ма дзы аирвæз, цалынмæ де 'ртæ азы ахицæн кæнай, уæдмæ!

– Гъе, гъе, алчи дæр дзы йæ хъус аирвæзынмæ кæй дары, уымæн дзы у зын ирвæзæн. Афтæ куы нæ уаид, уæд ардыгæй аирвæзын нæ, фæлæ ардæм æрбаирвæзын уаид зын. Æмæ хъуамæ афтæ уаид, хъуамæ адæм хæл-хæл кæниккой ацы бæстæм.

Мæхæмæтæн йæ тæнæггомау æрфгуытæ кæрæдзимæ бацыдысты, кæрæдзи ныхмæ 'рлæууыдысты. Йæхæдæг авгмæ бавнæлдта, фæлæ йæ къул нæ ракодта, йæ бынаты йæ æрзылдта, стæй йæ ныууагъта.

– Бæргæ, бæргæ, афтæ куы уаид! Æниу, чи зоны, искуы уа афтæ дæр. Фæлæ искуы исты уыдзæн, уымæй махæн цы пайда и абон?! Абон махæн нæ разы æндæр хъуыддаг и. Мах дыуурæ стæм æмæ нæ иу хъуамæ ацæуа балцы. Иннæ баззайа ам. Æндæр ницы.

– Гъемæ фырцинæй чи амæлид, уыдонæй ацæуæд исчи, – загъта хъæрæй Серæби.

– Абон цыдæр амцæф-уымцæф ныхæстæ кæныс, – загъта хъæрæй Мæхæмæт дæр. – Уæдæ дын æз афтæ зæгъын – уырдæм алкæмæн нæй цæуæн. Уырдæм разамонæг кусджыты æмбырд кæнынц.

– Разамонæг кусджытæ дæр дзы гыццыл нæй.

– Нæй дзы, ис дзы – уый мах хъуыддаг нæу. – Мæхæмæт комкоммæ бакаст Серæбимæ æмæ йæм Серæби дæр бакасти комкоммæ æмæ йын афтæ хæстæгмæ фыццаг хатт федта йæ цæстытæ – федта сæ, фæлæ цы хуызæн уыдысты, уый рахатын нæ бафæрæзта. – Стыр дис мæм кæсы дæ диссаг: ардыгæй дын Мæскуымæ ацæуыны гæнæн уа – Мæскуымæ! Æмæ дæ къæхтæ ныццæвай! Цы дын дзы баззади, цы?!

– Æвæццæгæн мын дзы баззади исты.

– Цымæ, цы?

– Ме скъоладзаутæ! Ардæм фæдисы цыдæй кæмæ фæцыдтæн, уыдон, сæ тæссонд къухтæй рухсмæ чи авналы, фæлæ йыл чи нæ хæст кæны æмæ талынджы чи быгъдулæг кæны, уыцы хуыцауысконд чызджытæ 'мæ лæппутæ. Уыдон фаг не сты?!

– Æмæ дæм уый бæрц хъару ис?

– Цæй бæрц?
– Цæмæй уыцы чызджытæ ‘мæ лæппуты рухсмæ фæкæнай?
– Ис!
Мæхæмæт йæ сæр батылдта.
– Нæ зонын, фæлæ дын уæд нæма разынд уыцы хъару.
– Нæ, гыццыл цыдæртæ мын дзы разынд. Федтай, скъола чи ныууагъта æмæ æнæ рухсы цъырттæй, сæ развæндаг нæ уынгæйæ, чындзы цæуынмæ чи ахъавыд, уыцы чызджытæ фæстæмæ сæ партæтыл куыд сбадтысты, уый?!
Мæхæмæт та авгмæ бавнæлдта, йæ бынаты та йæ æрзилæгау кодта.
– Уый хорз у, фæлæ сæм ныр дæ зæрдæ мауал æхсайæд. Уыдоны уыдзæни рухсмæгæнджытæ, – цыдæр тых разæнгардæй загъта Мæхæмæт. – Ды та ахсæв ахъуыды кæн. Æхсæв хорз у хъуыды кæнынæн.
Серæби йæхиуыл схæцыд.
– Нæ ныхас хорз уыди, фæлæ даргъ уыди, – загъта Мæхæмæт. – Æмæ йæ фæцыбыр кæнæм. Ацу æмæ ахъуыды кæн. Ардыгæй бонмæ куы фæхъуыды кæнай...
– Ардыгæй бонмæ нæ, фæлæ ардыгæй иннабонмæ куы фæхъуыды кæнон, уæддæр мæм æндæр зонд не ‘рцæудзæн: мæнæн цæуæн нæй. Мæ фадæттæ нæ амонынц мæнæн. – фæцæйцыди, фездæхти. – Бузныг, дæ хуындæй. Дæ фыдызгъæл хорз рауади.
Дуарæй куы рахызт, уæддæр ма цыдæр радзырдта Мæхæмæт йæ фæстæ, фæлæ йæ нæ фехъуыста дзæбæх æмæ йын æхсызгон уыд, кæй йæ нæ фехъуыста, уый. Агъуысты фисыныл ахæм цæхгæр зылд фæкодта, æмæ, гыццыл ма бахъæуа, йæхи Машæйыл ма скъуыра. Чызг, тæккæ тигъыл цы сапгонд уыд, ууыл лæууыд æмæ дæлæмæ хъæумæ касти. Серæбийы куы ауыдта, уæд æм сонт зылд фæкодта æмæ, цыма куы фæцуда, уымæй фæтарст, уыйау ын йæ цонгмæ бавнæлдта.
– Фæнды дзур истытæ, фæнды ма дзур – нæ дæ ныууадздзынæн.
– Цы ми мын кæндзынæ?
– Нæхимæ дæ кæнын.
– Цæмæ?
– Сихор иумæ скæнæм, æндæр цæмæ!
– Ехх, ныр æххормаг ма фест! Ахæм бадт уын фæкæнин уæ сихорыл, æмæ дын Фузæ æмæ Нинæ дæ кофтæйы тæрттæ æрфа-

ринтæ кæниккой, кæй мæ бахуыдтай, уый тыххæй. – Машæ йæ тæрттæм æркасти. Йæ тымбыл былтыл цыдæр æхсызгон мидбылхудт ахъазыд, йæ уæлæ цы бигæ къандзолгонд уыд, уый тæрттыл кæрæдзимæ ‘рбахæцыд, стæй сæ куы суагъта, уæд риуы къуыппытыл фæйнæрдæм фæбырыдысты.

– Зæгъгæ дын куы кодтон – фæнды дзур-фæнды – ма, – йæ ныхас æгæр хъæрæй загъд фæци, уый бамбæрста Машæ æмæ бахудти. Йæ цъæх цæстытæ дæр базмæлыдысты йæ рæсугъд къуызыр фындзы сæрмæ.

– Бон иу сихоры йеддæмæ нæ загъта Хуыцау лæгæн, æмæ йæ æз кад æмæ радимæ ахицæн кодтон, – бахудти Серæби дæр. Æхсызгон ын уыди, Мæхæмæтимæ цы уæззау ныхасыл фæрахæц-бахæц кодтой, уый фæстæ Машæимæ кæй сæмбæлд, уый. Æвæццæгæн ыл ныуæзт дæр фæзынди – ныхас кæнын дæр æм цыди Машæимæ æмæ лæууын дæр.

– Ницы ахицæн кодтай, – фидарæй загъта Машæ, йæ сæр дæр батылдта. – Æз дæ хъахъхъæдтон, æмæ нырма хъæумæ дæ къах дæр нæ нывæрдтай.

– Хъæуы нæ уыдтæн, уый раст у, – загъта Серæби.

– Уæдæ дын скъолайы хæрæндон байгом кодта Мæхæмæт Кадыры фырт?

– Базыдтай йæ! Æцæг хæрæндон нæ, фæлæ – цæлгæнæн. – Цæхджын куыры фыд хæмпъалытимæ кæм хæрынц, уырыссаг арахъхъ кæм æнцъухынц, ахæм цæлгæнæн, гъе!

– Сай, сай!

– Нæ сайын, Машæ, æз сайын зонгæ дæр куы нæ кæнын, уæд мыл цы тугтæ мысыс!

– Уæдæ дын кæцæй æрцыд цæхджын куыры фыд?

– Куыд мын кæцæй æрцыд – Мæхæмæт æнæхъæн галыйас уæныг куы аргæвста!

– Æмæ уын æй фыцгæ та чи скодта скъолайы?

– Фыхæй йæ ‘рбахастой. Æвæццæгæн, Патъимат уыди. Æвæццæгæн æм æй Мæхæмæт радта, ома, сфыц æй, æвæццæгæн, хæмпъалытæ дæр уый скодта.

– Æвæццæгæн, æвæццæгæн!.. – Машæйы уырнын байдыдта: бахордта сихор, æмæ йæ цин мынæгæй мынæгдæр кодта йæ цæсгомыл. – Уæдæ Мæхæмæт Кадыры фырт кæм и ныр?

– Уым и, йæ бынаты.

– Æмæ цы ми кæны?

– Æз æй бадгæ ныууагътон. Гъеныр кæд ламаз кæнын бай-

дыдта афонмæ, уæддæр ын цы зонын!

Машæ фæпыррыкк кодта.

– Уымæ ламазгæнгæйæ бакæс!

– Цæмæ йæм кæсыс?

– Кæддæра йæ уæрджытыл куыд æрцæйлæууы æмæ та куыд сцæйсты!

– Мæхæмæт ламаз нæ кæны, – загъта Серæби.

– Цæмæй йæ зоныс? Кæд бон изæрмæ ламаз кæны, уæд та! Ноджы йæ бынат чъылдыммæ и уартæ! Чи йæм цæуы!

– Æмæ, дам, йæ дин йæ къахыл куы слæууыд сæ пехуымпарæн, уæд, дам, ын Хуыцау загъта: ламаз кæндзыстут боны мидæг фондз æмæ ссæдз хатты.

– Фондз æмæ ссæдз хатты! Цавæр у?! – йæ къух фæхъил кодта Машæ.

– Стæй йæ Гаврил фервæзын кодта.

– Кæй Гаврил?

– Архангел Гаврил. Барвыста та-иу Мæхæмæты Хуыцаумæ, зæгъ, дам, ын – уал хатты нæ бон нæ бауыдзæн ламаз кæнын. Афтæмæй йæм цалдæр цыды бакодта, цалынмæ йын сæ фондзмæ æруагъта, уæдмæ.

– Ныр фондз хатты кæнынц ламаз?

– Гъо.

Машæ та бакаст Серæбимæ.

– Уæдæ ныр иунæгæй ныццæуон? Мæхи фæчызг кодтон, æз æй, зыгъын, æркæндзынæн, æмæ сæм иунæгæй цы цæсгомæй бацæудзынæн! Уæд та-иу нæм изæры ‘рбацу. Мах де ‘рбацыдмæ бирæ хæринаг скæндзыстæм.

– Цæмæй бирæ хæринаг скæнат, уый тыххæй та хъуамæ хуыснæджы ацæуат.

Уыцы ныхæстæм Машæ ныккæл-кæл кодта.

– Ацыдыстæм та, ма тæрс, хуыснæджы. Дысон та дзы голладжы ‘рдæг æрхаста.

– Чи?!

– Лука, æндæр чи!

– Уæдæ та мæ давæггаг бæлоны фыдмæ хонут? Уымæй уын ницуал рауайдзæн. Абонæй фæстæмæ мæн чи хона, уый – куырыфыдмæ, цæхджын куырыфыдмæ.

– Уæд мах къæсæрæй нал бакæсдзынæ. Кæцæй дын æрхæсдзыстæм цæхджын куырыфыд?!

– Радавут. Бæлæттæ куы давут.

– Кæцæй?

– Дæлæ, Мæхæмæт чи у, уый та хурмæ куы ракала йæ дзидзатæ, уæд цырд фæлæуут.

– Нæ-нæ, Серæби Замбеджы фырт, кой дæр æй ма скæнай Лукайы цур! Уый ахæм Хуыцауы къахæргæвдæг у, æмæ дыууæ цæсты ‘хсæнæй фындз фелвасдзæн.

Стæй лæууыдысты. Серæби-иу бакаст Машæмæ, йæ мидбылхудт дæр иу зына-нæзына базмæлыд. Уый йæ æмыр лæудæй лæууыди, йæ бур дзыккутæй дзывылдары базыры йас бындзыг æрхауд, æмæ йæ, хъæуырдыгæй цы уддзæф змæлыд, уый рахъеллау-бахъеллау кодта чызджы ныхыл.

Машæ ацыд, уый ма уæддæр лæууыди. Уазал дæр ын уыд, фæлæ йын уазал дæр нæ уыд. Рæгътæ ‘мæ къуылдымтыл митæн йæ кой дæр никуал уыд, цыма хъæуы устытæ сæ даргъ уисæйттæ рахастой æмæ сын уыдонæй фæмарзтой сæ мит. Дæле ма æрхытæ ‘мæ лæнчытæй сдар-сдар кодта йæхи.

Машæ уырдыджы ныууади, сæ дуары раз цы тъæпæн фæйнæг фæлдæхт уыд, ууыл йæ къæхтæ æрцагъта, дуарыл рахæцыд æмæ дзы фæмидæг и. Уæд феггуырсти Серæби дæр. Тыргъмæ схызт, асин цы цалдæр къæпхæнæй уыд, уыдоныл, зазбæласы алывæрсты æрзылд – йæ хуымæтæг фæлыстæй афтæ фидыдта, æмæ йæм кæсынæй не ‘фсæсти Серæби. Хорз æй сфæлыстой уыцы чызджытæ, æгайтма, рæсугъд цы у, уый æмбарынц. Уымæй хуыздæр цы и! Стæй йæ зæрдыл æрбалæууыд, Айсет куыд рацæйхауди, уый, æмæ лæугæйæ аззад дуары раз. Мæнæ йæхи æрхаста уыцы хъæбæр стъолмæ! Йæ фæсонтæ, йæ сæр?! Хорз уыд, æмæ дуар гом уыди, æмæ йæ ауыдта. Цы хуызæн чызг у ацы Айсет нæ фæлæ! Аргъауы хуызæн, кæй бакæсай, фæлæ ма дæ кæсын кæй фæнда, æмæ та кæй райдайай кæсын, ахæм аргъауы хуызæн. Уымæ йæ тæккæ чындздзон чызгæй бакæс! Хæрзаг æм бакæсæнтæ нæ уыдзæн. Уæдмæ уый ам нал уыдзæн, Серæби. Йе ‘ртæ азы куы ахицæн уой, уæд – цæугæ! Æниу цы бæрæг и! Чи зоны, ма уæддæр ам уа æмæ ма уый фæстæ дæр уа ам. Цард цард у ‘мæ йæхи фæндæгтыл цæуы.

Хорз хъуамæ уа сæ хъазтизæр. Мæхæмæт Мæскуымæ куы нæ ацæуа, уæддæр хъуыддæгтæ йæхи бæрны уыдзысты Серæбийæн. Мæхæмæт искуы хъæуы хистæртимæ баддзæн æмæ уырдыгæй кæсдзæн. Къулрæбынты бадæнтæ саразын хъæуы кæрæйкæронмæ. Фæйнæг кæм и ам! Фæлæ сугдонæй сугты стæвдтæ

схæсдзысты. Октябры бæрæгбон æдде арæзтой, æдде æнцондæр у – партæтæ ахастой æмæ уыдоныл сбадтысты. Фæлæ тыргъы партæтæн равæрæн нæй – бирæ бынат ахсынц. Æмæ ныр, цымæ, Басиатыл кæлмæрзæн уыдзæн, куы зара, уæд? Нæ, хъуамæ йыл ма уа кæлмæрзæн. Далæ искæй куывды куы зара, уæд ныккæнæд кæлмæрзæн. Ам искæй куывды нæ уыдзæн, ам скъолайы хъазтизæр уыдзæн, æмæ ам афтæтæ гæнæнтæ нæй.

Æмæ йæм кæд не 'рцыд Басиаты фенын. Куы йæ фенид æмæ йæ куы бафæрсид – Мæхæмæт ын йæ кой цæмæн скæн-скæн кодта? Уымæй дæр – йæ рынчын усы фæстæ. Усы кой-иу куы скодта, уæд та-иу уый кой дæр скодта, Басиаты кой дæр. Æмæ цæмæн афтæ кодтаид, чи зоны, æмæ йæ йæхæдæг зона Басиат. Кæд æй, мыййаг, курынвæнд кæны? Æмæ йæ цы цæсгомæй хъуамæ кæна курынвæнд? Науæд æй кæд уый кæны курынвæнд, уæд ын уый дæр кæны комынвæнд?! Æви а бæсты курынвæнд куы уа, уæд дзы комынвæнды кой нæй? Æмæ куыд хъуамæ алæса стæй иу хъæццулы бын уыцы уазал лæгимæ – удæй дæр уазал чи у æмæ буарæй дæр! Стæй йыл уыцы уазал буар куы баныдзæва, уæд та йæ кæлмæрзæн нæ фелвасдзæн йæ сæрæй æмæ та йæ хъæлæсæй арты гуылфæнтæ не стæхдзæни?! Æмæ цы кодта? Ныр йæ сыгъдæг зæрдæ æмæ йæ рæу удæй рæдыд æруагъта, уæд хъуамæ цæргæ цæрæнбонты, амонд цы у, уый мауал бавзара?! Хъуамæ амæй ай фыддæрæй батона йæ царды бонтæ?! Цæй тыххæй? Кæй хъыджы бацыд?! Кæмæн цы кодта?! Уо Хуыцау!

**14**

Изæрæй Мæхæмæт æрбауади ахуыргæнджыты хатæнмæ. Йæ пъалто конд нæ уыди йæ уæлæ – уæгъдæппæрст уыд йæ уæнтыл æмæ, куыд нæ фæиртæса йе уæхсчытæй, афтæ йын йæ тæрттыл хæцыд йæ дыууæ къухæй. Тыргъы бараст и, зазбæласмæ иу каст бакодта, стæй бахызт мидæмæ æмæ, иухатт Нажмутдины кæм баййæфта бадгæ – загъд куы систа, Нажмутдин уым кæй уыд, ахуыргæнджыты хатæны, уый тыххæй – уыцы дæлтъур бандоныл æрбадт. Йæ пъалтойы фæдджитæ йæ уæрджытыл æрбаппæрста.

– Ныллæг рауадысты нæ ахуыры æййафыны бæрæггæнæнтæ, – загъта Мæхæмæт, цыма далæ хъæуы чидæр амард, æмæ уыцы хабар хъусын кодта, уый хуызæн æнкъард хъæлæсæй æмæ фæйнæрдæм æвæрæз лæджы кæстытæ акодта.

– Нæуæдз æхсæз! Уыдон сыгъдæг процентты куы уаиккой, уæд гыццыл бæргæ нæу! – загъта Серæби æмæ сыстад. – Фæлæ тыхивæзт процентты сты. Æмæ уый у йæ мардæрцыд. Дзурын, гыццыл кæй сты, ууыл нæ хъæуы, тыхивæзт кæй сты, ууыл дзурын хъæуы.

– Тыхивæзт, кæй зæгъыс, уый мæ цуры загътай, фæлæ йæ 'ндæр искæй цур дæ былы бынæй дæр куыд никуы суадзай, афтæ бакæн. Тыхивæзт! Тыхивæзт сæ ницæмæн хъæуид, ахуыры хъуыддаг куыд æмбæлы, афтæ æвæрд куы уаид, уæд, – Мæхæмæт йæ пъалтойы тæрттыл æрбахæстытæ кодта, цыма йын ихæн уыд, уый хуызæн. – Кусын хъæуы, змæлын хъæуы!

Серæби лæууыд æмæ хъуыды кодта – дзура исты Мæхæмæтмæ, æви йæм мацы сдзура? Æнæуи æмбæрста, цыдæр хъуаг у сæ куыст. Цыма æгæр схъæластæу рауай-бауай кæнынц сæ ахуыргæнджытæ, цыма дзæбæх багуыбыр уой сæ куыстмæ, уымæ нæ арæхсынц. Мæнæ, уæлбæхæй куыст кæмæй фæзæгъынц, ахæм у цыма сæ куыст. Афтæмæй та, лæг гуыбыр цы куыстмæ нæ бакæна, уый куыст нæу, уæлдайдæр лæг скъолайы куы куса, йæ алыварс бирæ сывæллæттæ куы змæла, уæд се 'хсæнты схъæластæуæй куыд хъуамæ цæуа, куыд нæ сæм хъуамæ æргуыбыр кæна!

Æмæ æмбæрста уыдæттæ Серæби, фæлæ сæ куыд багуыбыр кæнын кæна? Уыцы схъæластæуæй чи сахуыр и, уый ма æнцонтæй багуыбыр уа?!

– Тыхивæзт! – загъта та уæдмæ Мæхæмæт. – Не 'взæр бæрæггæнæнтæн се стай проценты уырыссаг æвзагæй сты, æмæ йемæ хæст расидтысты уырыссаг æвзагæн не скъоладзаутæ?! Цæуылнæ нæм и фæсурокты куыст? Цæуылнæ нæм и, чи не 'йиафы, уыдонимæ хицæнтæй-хицæнтæй куыст? Цæуылнæ нæм и аив кæсыны æмæ 'ндæр ахæм къордтæ?!

– Мæхæмæт Кадыры фырт! Кæнæм уыцы куыстытæ. Къордтæ дæр сарæзтам, æмæ афтæ макæйуал цур зæгъ ды дæр, æндæра дыл фæхуддзысты. Фæлæ уырыссаг æвзаг ахæм æвзаг нæу, иу бон æмæ дыууæ бонмæ кæуыл фæхæст уай. Чи зоны, æмæ дзы уый дæр ис – уырыссаг æвзаг æмæ солыйаг æвзаг алы æмæ алы рæттæй рацæугæ æвзæгтæ сты. Историйы кæрæдзийыл никуы бамбæлдысты.

Мæхæмæт хæцаг галы каст бакодта Серæбимæ.

– Уый та цы хоныс – алы 'мæ алы рæттæй рацæугæ сты?

– Уырыссаг æвзаг индо-европæйаг æвзæгтæм хауы. Солыйаг æвзаг та – туркаг æвзæгтæм.

Мæхæмæт ныссабыр и, чи зоны, фыццаг хатт хъуыста уыцы хабæрттæ. Стæй сыстад, йæ пъалтойы йæхи æрбатыхта æмæ фæстæмæ æрбадт.

– Гъеныр та æндæр ныхас. Цæугæ дæр дæм уый тыххæй æрбакодтон, фæлæ нæ фæлæууыдтæн – нæуæдз æхсæз проценты! Æз бæрæгæхсæв нæ уыдзынæн ам. Уæлæмæ мæ цæуын хъæуы, хъæумæ. Сулимæт æвзæр у. Райсом ахуыры хайадмæ ахæсдзынæн хыгъды гæххæттытæ æмæ уырдыгæй ацæудзынæн. Æмæ уæд иууылдæр дæхимæ хауынц хъуыддæгтæ, фæлæ фидар фæлæуу! Сæйраг хъуыддаг – æгъдау. Хистæрты зæрдæ куыд ницæуыл бахуда, афтæ.

Стæй ацыд Мæхæмæт, Серæби ма уæддæр бадти. Хъуыды ницæуыл кодта. Афтæ бадти. Æмæ ма ноджыдæр, æвæццæгæн, бадтаид, стонджы йын у, уый куы нæ бамбæрстаид, уæд. Æдде уыди талынг, æмæ Серæби дис кæнынмæ фæци – куыд тагъд баталынг? Науæд уый цавæр талынг у?! Уынгтæ æмæ сæ фæрстæм цы сискъултæ ис, уыдон бынтондæр баиу сты – чи сæ кæм и, уый бæрæг нал и. Афтæ талынг цыма никуыма уыд ацы хъæу, афтæ йæм зынди. Цырæгътыл йæ цæст ахаста – цырæгътæ сыгъдысты, фæлæ, иуæй бирæ нæ уыдысты – иу-цалдæр – иннæмæй цыдæр æндзыг уыдысты, цыма сын судзыны бар нæ уыд æмæ сусæгæй сыгъдысты.

Лæууыди асины сæр уыцы гыццыл æрлæууæны æмæ касти дæлæмæ хъæумæ. Уынгæ ницы кодта, уæддæр касти. Стæй æрхызти асины къæпхæнтыл æмæ фæуырдыг кодта. Годекан кæй хуыдтой, уырдæм ныххæццæ, уым гыццыл уынын байдыдта йæ развæндаг, æмæ цæхгæр фæлæууыд: Тайбæтмæ йæ цæуын куы хъуыди! Уыцы дарæс! Цæттæ рагæй сты пиджак дæр, хæлаф дæр, фæлæ йын сæ нæ лæвæрдта Тайбæт – хъуамæ, дам, сæ фыццаг хатт Ног азы æмбырдмæ скæнай.

– Ницы йæм ацæудзынæн, – загъта хъæрæй. – æвæццæгæн, афтæ талынг кæй уыди, уый тыххæй загъта афтæ хъæрæй. Æнæуи дæр куыддæртæ кæны ацы Тайбæт. Йæ дари пъалто ‘мæ йæ цыбыр дæллаггуыры куы рацæйцæуы. Йæ тымбыл уæраджы сæртæ февдис-февдисгæнгæ!

Æмæ сæхи уынгыл баздæхти. Ныртæккæ арт акæндзæн, картофтæ афыцдзæн, уыцы сæртæг картофтæ, иу æхсыст йеддæмæ

сæ нæ хъæуы. Цыхт дзы и хъæбæр цыхт. Уыцы фæлмæн дæлгомуæлгом фых луаситæ – фырæхсызгонæй йæ уæнгтæ бахъыдзы кодтой сæхимидæг. Хæрд куыддæр фæуа, афтæ – хуысгæ! Райсомы бирæ змæлды размæ хъуамæ дзæбæх баулæфа! Дуарыл бахæцыд, рухс ссыгъта, йæ пъалто фелвæста, дуары тæрвазы цы зæгæл къуырд уыд, ууыл æй ацауыгъта, йæ худ дæр ыл баппæрста – уыцы къæбæлдзыг хъуынджын худ. Ам æй балхæдта, балхæнын ын æй кодтой, лæгыл, дам, хъуамæ худ уа. Къеп ам худыл чи нымайы! Сæхимæ къепы цыди – сæрдыгон гом сæр, зымæгон – къеп. Ам æгъдау афтæ у – кæнæ дыл хъуамæ бухархуд уа, кæнæ хъусджын худ, уый дæр – бæрзонд, бухархуды хуызæн. Худмæ æндæр каст и а бæсты. Пецы раз фæдзуццæг кодта. Куыддæр уыцы хус къалиутæй иу-цалдæр æрбакъæрццытæ кодта йæ уæрагмæ, афтæ дуар фегом æмæ къæсæрыл алæууыд Тайбæт. Йæ дæларм – дæлармыдзаг газеты тыхтон. Æмæ йæм кæсгæйæ баззад Серæби – уæд та фылдæр афæстиат скъолайы, уæд фæстæмæ хастаид хъæуысæрмæ уыцы дæлармыдзаг тыхтон!

Уо, Хуыцау дæ ма сразы уа, Тайбæт!

– Де зæр хорз, нæртон лæппу! – Йæ тыхтон стъолы кæрон авæрдта, йæ пъалто фелвæста, фæдыдагъ æй кодта æмæ йæ рудзынджы дæлвæйнæгыл фæфæлдæхта. – Ходжа хохмæ куы нæ фæцæуы, уæд хох йæхæдæг бамидæг вæййы Ходжамæ. – Сæртæг худт кæны æмæ йæ бæзджынгомау былтæ атъæпæн сты йæ урс-урсид дæндæгты уæлæ. – Цæуылнæ ссыдтæ, абонмæ дын нæ загътон?

– Скъолайы афæстиат дæн.

– Афæстиат и скъолайы! Нæ дæ уадзын Ног азы изæрмæ зæронд дарæсы, æндæр ма дзы исты ис! Хъуамæ къæс-къæс кæнай, æмæ адæм иууылдæр дæумæ кæсой. – Уым бахудт, уырдыгмæ æркасти Серæбимæ. – Фæнды дæ, Сер, адæм иууылдæр дæумæ куы кæсиккой, уый?

Серæбийы уæнгты цыдæр тас ацыд, йæ ном ын афтæ кæй фæцыбыр кодта, уымæй. Нырма йын ничи фæцыбыр кодта йæ ном, уый дæр æм афтæ никуы ‘рбадзырдта нырмæ. Æмæ йыл уæдæ ныр цы ындз фæхæцыди?! Кæд æм исты хионы бар бадарынвæнд кодта? Исдуг фестынмæ хъавыд – исты йæм бадзура, афтæ хъазæн хуызы, – ома, талынг у æмæ куы фæдзæгъæл уон, уымæй фæтарстæн. Фæлæ нæ сыстад, зæгъын дæр ницы

сфæрæзта. Бадти æмæ сугтæ къæрццытæ кодта. Æмæ йæм бауад уæд æмæ йæ уæлхъус алæууыд – афтæ бауади, цыма хонгæ кафт кодта æмæ йæ бынат аивынмæ хъавыд лæппуимæ.

– Дæ зæрды арт бакæнын ис? Уæд ма мæн бауадз. Нæлгоймаг йæ цæхæрыл фæстæмæ хæцы, æмæ афтæмæй æртытæ-йедтæ кæнæн нæй. – Йæ тæккæ фарсмæ дзуццæджы абадти Серæбийæн, йæ къабайы бынтæ лæгъз цъындатыл фæстæмæ фæбырыдысты, æмæ уæраджы сæртæ тымбылтæй аззадысты. – А чызг дын йæ цæхæртæ скалын кæндзæн дæ пецæн... – Худы Тайбæт æмæ цыма урс стъæлфæнтæ хауы йæ худтæй фæйнæрдæм. Æмæ йæм йæ зæрдæ афтæ сдзырдта Серæбимæ – ныртæккæ куыддæр схæца арт, афтæ йын йæ къухмæ ‘рбавналдзæн, айсдзæн ын йæ къух æмæ йын æй йæ уæраджы тымбылыл æрæвæрдзæн. Фæтарсти уыцы хъуыдыйæ Серæби, сыстад æмæ, куыд сыстад, афтæ лæугæйæ баззади чызджы уæлхъус. Уæдмæ пецы æндзарæнæй хус къалиуты гуыр-гуыр райхъуыст.

– Уый уал дын иу! – цыма йыл зынг абадт, уыйау иу стъæлфт фæкодта пецы разæй. Йæ тыхтонмæ бауад, йæ къæхтæ афтæ иста, цыма йæ алы къахдзæфæй дæр асдæрды фæйнæджыты зæгæлтæ къуырдта. Пиджак фелвæста тыхтонæй, йæ уæхсчытыл ын ахæцыд. – Гъеныр ма ардæм рауай! Дæ уæлæ чи ис, уый феппар!

Серæби бахъуыр-хъуыр кодта:

– Баихсыди рабар-бабарæй – уæддæр раласта йæ пиджак, бандоны чъылдымыл æй æрæвæрдта æмæ бацыд Тайбæтмæ. Уый йын йæ фæстæты æрбайста пиджак, æрбакодта йыл æй, стæй йæ цæнгтæ пиджакы мидæг фæцавта, йæ асдæрдыл ын иу-дыууæ раны æрхæцыд, уым чызджы æрмттæ йæ уæнтыл фæдæлгом сты лæппуйæн, цыдæр судзгæ хъæрм æм æрбадардтой уыцы тъæпæн æрмттæ æмæ йе ‘хсызгон уынæргъын фæцыди – æддæмæ ницы райхъуыст уынæргъынæй: йæхимидæг ацыд, цы уыди, уымæй. Стæй ауыдта: цыма ивылгæ ракодтой, уыйау сæ бынæтты нал цыдысты, сæ сæрты акалдысты уыцы урс-урсидæй сæ урс-урсид бынæттæн, афтæмæй йыл æрбанцадысты чызджы тымбыл риутæ, æмæ йæ хурхуадындзты нал мидæмæ куымдта уæлдæф, нал – æддæмæ. Йæ сæр куы разила, уымæй фæтарст æмæ сыл йæхи бауагъта. Уыцы тæккæ уысм Тайбæты тæвд былтæ андæгъдысты йæ былтыл, стæй ныррызтысты чызджы уæнгтæ, æмæ схауд йæ хъæлæсæй:

– Мæнæ цы адджын дæ, мæнæ!

Раст уæд фегом и дуар, æмæ, йæ къухы иу къаннæг бедра сырх-сырхид фæткъуытæй цъупдзаг, афтæмæй къæсæрыл алæууыд Айсет. Исдуг сæм кæсгæйæ аззади, стæй йæ сау цæстытæ сау цæхæртæ акалдтой, йæ лыстæг къубал нуар фестади, цы тымбыл уыд, уымæй атымбылдæр и ноджы, анæрсти, афтæмæй иуырдæм ныззылди, иннæрдæм ныззылди, æмæ йæ цъæхснаг хъæр фæцыди чызгæн:

– Цы ми кæнут?!.

Хъæр йæхи къултыл хойгæ ахаста, цыма дунейы тыхст æмæ рыстæй цыдæриддæр уыди, иууыл уыцы хъæры баиу сты, уыйау ын басабыры амал нал уыди – ноджы цъæхснагæй цъæхснагдæр кодта, афтæмæй йæ зæлланг къуымтæй нæрыди. Стæй бедра æрхауди чызджы къухтæй. Фæфæлдæхт, æмæ фæткъуытæ фæйнæрдæм тулынмæ фесты. Бедра йæхæдæг дæр атылд æмæ пецы къахыл банцади.

Айсетæн йæ цæнгтæ хъилæй аззадысты, цыма Хуыцаумæ йæ тæригъæд хъардта, уый хуызæн. Уыйфæстæ цæсгомыл æрхаудысты къухтæ, бамбæрзтой цæсгом, чызг ныдздзынæзта:

– Уо, Аллах!..

Стæй бадти бандоныл Серæби, йæ рæмбыныкъæдзтæ йæ уæрджытæм ныццарæзта, йе ‘фсæртæ йæ æрмтты нытътъыста. Бадти ‘мæ Айсеты хъæр хæдзары къултыл йæхи хойгæ куыд хаста, уый йын йæ хъустæ къахта, йæ зæрдæйы ныхсти. Хаттиу фæсабырдæр и, цыма-иу фæллайгæ бакодта йæхи къултыл хойынæй, уый хуызæн, стæй та-иу нызмæлыд, æмæ та-иу йæ цъæхснаг зæллангæй зæрдæ хуынчъытæ кодта.

Кæддæр-кæддæр сыстади æмæ дуарыл ахызти. Стæй цыди уыцы талынг уынгты. Кæм-иу цудгæ фæкодта, кæм-иу йæ къах истæуыл скъуырдта, фæлæ уыдæттæ ницæмæ дардта, цыди ‘мæ цыди. Æмæ йæ къæхтыхъæрæй тыхсти – бæстæ йæ сæрыл иста йæ къæхтыхъæр. Æмæ дис кодта – цæмæн афтæ хъуыса йæ къæхтыхъæр? Стæй тæрсгæ дæр кодта – ныр адæм фынæй сты, куы райхъал уой, сæ дуæрттæ куы ныттындзой æмæ йæм фæйнæ ранæй куы ныккæсой сæ хуыссæгхъæлдзæг цæстытæй: алæма, кæцы дæ æмæ дыл цы фыд æрцыд, кæдæм лæгæрдыс ацы æнафоны гыбар-гыбургæнгæ?! Фæлæ кæд æрмæст йæхимæ афтæ хъуысы йæ къæхтыхъæр? Кæд æндæр никæмæ хъуысы? Уæдæ, кæд хъуысы, уæд, йе куыдзы рæйын никуыцæй райхъуысид, йе уасæг никуы бауасид?!

Иуафон ӕрсабыр и къӕхтыхъӕр, ӕмӕ сулӕфыд Серӕби, стӕй йӕм рухсы тӕлм рахауд кӕцӕйдӕр. Уый фӕстӕ та сӕр разынд, рухсы тӕлм кӕцӕй рахауд, уырдыгӕй. Сӕр уыд бынтондӕр ӕнӕзонгӕ сӕры хуызӕн, цыма йӕ йӕ цӕргӕ-цӕрӕнбонты дӕр никуы федта, афтӕ йӕм фӕкаст, ӕмӕ йӕм дзурын ницы сфӕрӕзта. Афтӕ ӕнӕсӕрфад хъӕццыцц лӕуд кодта, цы рухс ыл рахауд, уый бын.

– Серӕби нӕ дӕ? – бафарста уӕдмӕ сӕр.

– Дӕн, – загъта чидӕр, зонгӕ дӕр цыма кодта уыцы хъӕлӕс, стӕй йӕ цыма зонгӕ дӕр нӕ кодта.

– Исты хабар и?

– Гъо.

Уый фӕстӕ рухсы тӕлм афӕтӕн ис, йемӕ аивӕзти дуары хъинц.

– Мидӕмӕ рахиз.

Мидӕгӕй кодта цӕхджын фыды тӕф, ӕмӕ уыцы тӕфмӕ йе ‘муд цӕуын байдыдта Серӕби. Мӕхӕмӕт тарст дзагъултӕ кодта къуымты, цыма йӕхицӕн ӕмбӕхсӕн бынат агуырдта, уый хуызӕн.

– Ӕз ацӕуыдзынӕн.

– Ацӕудзынӕ, уый зонын, фӕлӕ дӕ мӕ сӕр цӕмӕн бахъуыди?

Ӕмӕ та дзурын нал сфӕрӕзта Серӕби, Мӕхӕмӕтмӕ касти ӕмӕ уӕззау улӕфыд.

– Цай дӕ нӕ хъӕуы?

– Нӕ.

– Нозт та?

– Нӕ.

Стӕй йӕ ницӕмӕйуал бафарста – чи зоны, ӕмӕ йӕ цӕмӕй бафарстаид, уый нал зыдта, чи зоны та-йӕ фӕндгӕ нал кодта, бафӕрса ма йӕ, уый. Ӕмӕ лӕууыдысты, цыма сӕ дзурын ничиуал зыдта, уый лӕуд кодтой.

– Ныр цафон у, уый зоныс? – йӕ къух дуарырдӕм адардта Мӕхӕмӕт бынтон ӕрӕджиау.

– Нӕ зонын.

– Ныр ӕмбисӕхсӕвӕй ахызт.

Серӕби ницы загъта ӕмӕ та уӕд бафарста Мӕхӕмӕт:

– Хуысгӕ не ‘ркодтай?

– Нӕ.

– Цӕмӕннӕ?

– Нæ зонын.

Мæхæмæт æм хæстæгдæр балæууыд, йæ цæстытæм ын бакаст.

– Æз ацæудзынæн.

– Гъемæ ацу. Схуысс æмæ баулæф.

– Нæннæ, Мæскуымæ, зæгъын, Мæскуымæ.

– Цы зæгъыс – Мæскуымæ?

– Мæскуымæ ацæудзынæн. Дæ бæсты ацæудзынæн.

– Мæскуымæ?! – Мæхæмæт йæ тъæпæн арм йæ сæрыл æруагъта, стæй фæсдуар кæцæйдæр йæ худ райста, йе стыр цъæх худ, йæ сæрыл æй ныккодта ‘мæ, цы уыди, уый фестади. – Гъеныр ма мын æй дзæбæх бамбарын кæн: кæдæм ацæудзынæ?

– Мæскуымæ.

– Куыд ацæудзынæ?

– Ацæудзынæн.

– Фæлæуу-ма, Серæби Замбеджы фырт, æмæ дæ куы нæ фæндыд. Æрдæбон дæр ма дæ куы нæ фæндыд.

– Ныр дæр мæ нæ фæнды.

– Уæдæ цæмæн цæуыс?

– Мæн фæлидзын хъæуы ардыгæй æмæ, æндæр кæдæм фæлидзон, уый нæ зонын.

– Ахуыргæнджыты хæдзары уыдтæ, мыййаг?

– Нæ уыдтæн.

– Уæдæ кæм уыдтæ?

– Никуы.

Мæхæмæт æм каст, æмæ йын йæ алы дзырдмæ дæр йæ цæстытæ фæтъæбæртт-фæтъæбæртт кодтой, цыма дзырдимæ йæ хъæлæсæй исты уæззау куы схауа æмæ йæ риуыл куы сæмбæла, уымæй тарсти.

– Уæдæ, ацæудзынæ, зæгъыс?

– Гъо.

– Æмæ дæ уæд райсом раджы цæуын хъæуы, уый зоныс?

– Зонын.

– Уæдæ хорз, – æрсабыр и Мæхæмæт. – Уæдæ уæд афтæ бакæнæм; æмæ хыгъды гæххæттытæ дæр ды ахæсс, æз ма цы цæуон! Ахуыры хайадмæ сæ бахæсдзынæ, уæдмæ та сæм æз хъæусоветы тилифонæй бадзурдзынæн, цæмæй гæххæттытæ дæуыл саразой. Мæнæн цæуæн нæй, уый сæм дысон бадзырдтон.

Æмæ та фæцæйцыди уыцы талынг уынгты, йæ дæларм –

Мæхæмæт æм кæй радта, уыцы гæххæтхæссæн. Йæ бæттæнтæ æлхынцъ баст уыдысты, афтæмæй ма йыл æдде цæхгæрмæ – сау резин тæлыгонд. Æвæццæгæн, ома, баст куы райхæла, уæддæр куыд нæ байгом уа гæххæтхæссæн. Йæ дæлармма йыл хæцыд йæ цонгæй, афтæмæй цыди. Цыди æмæ йемæ æмдзу кодта йæ къæхтыхъæр. Æмæ хъуыды кодта: ныр мит куы уаид ацы уынгты, уæд афтæ цæуид йæ къæхты гыбар-гыбур! Фæлæ митæн йæ кой дæр нæй уынгты, уыцы дурбын, дурфарс уынгты уыцы уæззау къæхтыбын цас хъуамæ бафæраза мит. Æмæ баихсыди, фæци. Стæй та йæм афтæ фæкаст, цыма уым нал и, Ансалтайы, æмæ уым нæ фæцæуы – æндæр кæмдæр и, дард кæмдæр æмæ йæм уырдæм хъуысы, ам цы къæхтыхъæр ныууагъта, уый. Уый ахæм къæхтыхъæр у, æмæ, кæдæм нæ хъуысы, ахæм къуым нæй дунейы мидæг.

Стæй лæууыди къæсæрыл æмæ мидæмæ касти. Уæртæ сынтæджы сæрмæ къулыл æртæ нывы – астæуæй Къоста, чысыл уæлдæр – Блок æмæ Достоевский йæ фæйнæ фарсмæ. Чысыл дæлдæр. Комкоммæ йæм кæсынц къулæй, цыма, мидæмæ кæй нæ хизы, ууыл дис кæнынц. Исдуг æм иу хъуыды фæзынд – рафтауа сæ æмæ сæ ахæсса! Фæлæ афтæмæй гæххæтхæссæны нæ бацыдаиккой, дыдæгъæ сæ бакæна, уый та йæ йæ зæрдæ нæ хаста. Иуафон бафиппайдта, йæ уæнгтæ уазалы куыд барызтысты, æмæ бамбæрста: Мæхæмæттæм афтид пиджакы ацыд, Тайбæт ыл куыд æрбакодта нæуæг пиджак, афтæмæй. Худ дæр ыл нæ уыд. Райста фæсдуарæй йæ пъалто, æрбакодта йæ, æркодта йæ худ дæр. Гæххæтхæссæн йæ пъалтойы дæларм атъыста. Уæд ауыдта – фæткъуытæ зæххыл пырхæй лæууыдысты. Фалдæр пецы къахыл йæхи бауагъта, афтæмæй йæм касти бедра йæ афтид хуылфæй. Уым æрбахаста фæткъуытæ Айсет. Æвæццæгæн ын сæ Хава рарвыста, æвæццæгæн, ома, Ног аз æрцыд æмæ, ома, фæткъуытæ уа йæ къуымы. Æмæ йæм сæ, ома, бадæтт æмæ фæстæмæ фездæх. Уым куы нæ уа, уæддæр иу сæ уым фæуадз. Фæлæ уым уыдзæн, уæдæ кæм уыдзæн! Æмæ бахиздзæн мидæмæ Айсет. Æмæ йæм исты сдзурдзæн Серæби. Æмæ йæм исты сдзурдзæн йæхæдæг дæр Айсет, скъоламæ чи нæ хауы, ахæм исты, хæдзарон исты. Æмæ цингæнгæ аскъæфта бедра.

Цыма йын исчи йæ дыуулæ уæны астæу кард ныссагъта, уый богъ ныккодта Серæби, ныззылд æмæ дуармæ балæууыд. Уым сагъдау аззад, стæй йæ мидбынаты æрзылд, сæрзилынгæнæн

низæй рынчын фысау æмæ асинтыл фæуырдыг кодта. Ботлихы фæндагмæ куы ныххæццæ, уæд æрлæууыд æмæ фæстæмæ ракаст. Хъæу уыди талынг, нырма йæ афтæ талынгæй никуы федта, æвæццæгæн, уынгты цы цырæгътæ судзы, уыдон иуафон ахуыссын кæнынц. Æмæ сæ, цымæ, цæмæн ахуыссын кæнынц? Цымæ, токыл ауæрдынц æви, цырæгътæ куы басудзой, уымæй тæрсынц?

Стæй йæ цæстытæ æрхæцыдысты – уалæ скъолайырдыгæй хъæуырдæм фæцæуы иу рухсы тæпп. Æмæ йæ хъуыды æрцахста – уый скъолайы æхсæвгæс Гусейн сæхимæ фæцæуы, йæ къухы – йæ даргъ хæцæнджын фæтæгены цырагъ. Æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд – йæ цырагъ кæд нæ баззади судзгæ! Ныр ма йæ чи ахуыссын кæндзæн? Афтæ судздзæни, цалынмæ йæ зæронд фысымтæм йæ фæлыгъды хабар байхъуыса, уæдмæ. Стæй æмбырдтæ кæндзысты йæ фатеры размæ, цыма мæлгæ акодта, уый хуызæн. Уыцы лæгъзы лæудзысты, Камал-Гаджиты къулæгæй хост уæлхæдзар. Сæ иутæ истытæ дзурдзысты, се 'ннæтæ æнкъардæй лæудзысты. Сæ кæрон лæудзæн Мамалау, ныггуыбыр уыдзæн, афтæмæй.

Æмæ та нæуæгæй йæ цæстытæ ацахстой уыцы рухсы тæпп. Уалæ фæхæццæ кæны хъæумæ. Хорз у, æмæ Гусейн сындæг цæуы, æндæр афонмæ йæ кой дæр нал уаид рухсæн. Æмæ уыцы рухсмæ касти, афтæ йæ йæ зæрдæ срæхуыста – Айсет цы фæуыдаид?! Уый сæхимæ ацыдаид уыцы судзгæ æмæ уыраугæ?! Æмæ уæдæ кæдæм ацыдаид? Кæд нырма уынгты рацу-бацу кæны, цæмæй æруазал уа, йæ хурхыуадындзтæ бабадой æмæ йæ улæфыны бон уа? Æмæ хъæрæй ныууынæргъыдта Серæби:

– Охх, Айсет, Айсет!

Хорз уыди, æмæ бон нæ уыди, æхсæв уыди. Æхсæв фæразон у, бон нæ ныффæрæзтаид уыцы уынæргъынæн. Тæгæлтæ фæхаудтаид.

Рухсы тæпп хъæумæ фæцæйхæццæ кодта. Гусейнæн йæхи нæ уыдта – куыд æй уыдтаид уыцы талынджы уырдыгæй уырдæм! Æмæ афтæ зынд, уыцы рухс хъæумæ йæхæдæг фæцæуы.

* * *

Ахæм бонтæ фæззыгон скæны. Æрмæст фæззыгон. Фæндæгтæ цалхнадæй æмæ къахнадæй æрттывдтытæ куы фæкалынц, адæм се 'нæвдæлон рауай-бауайæ куы февдæлон вæййынц æмæ куы 'рæнцайынц. Бирæ нæ вæййы ахæм бонтæ – искуы иухатт ралæудзæн, æмæ бæстæ цыма уæрцвæлдæхт фæци, уыйау йæ хъарм

æмæ йæ рухс лæсæнтæ кæнын райдайынц йæ уæлæ. Сæ хъарм дæр æндæр вæййы уыцы бонтæн æмæ сæ рухс дæр: æнæ фæстæмæ фæхæцгæйæ нæ ныккæлынц, фæлæ хæдзардзинæй, фæстауæрцгæнгæйæ æркæсынц æмæ бахъарм кæнынц дуне – фæлмæн хъарм æмæ фæлмæн рухс, цыдæр хионад уымæн фæкæнынц адæймагæн уыцы бонтæ – цыма дæм дæ адджын хион хæхты сæрты рахызти йæ хуыны хордзентимæ æмæ дын дæ дуарыл бахæцыд.

Ныидавы уыцы фæлмæн хъарм фæллад лæджы фæсонтæм, барухс ын кæны уыцы фæлмæн рухс йæ развæндаг, æмæ 'хсызгон хъыдзы бахæцы йæ уæнгтыл, стæй, цыма ронг банызта, уый хуызæн цух-мух райдайы уыцы 'хсызгонæй.

Бæстæ ныссабыр вæййы уыцы фæлмæн хъарм æмæ фæлмæн рухсмæ, æнахуыр фæлмæн сабыр ныввæййы, æмæ йæ сабыр сæх-сæх хъуысын байдайы кæцæйдæр дардæй. Таурæгъты дыууадæстæноны цагъды азæлдау.

Дуне рæдзæ-мæдзæ сисы уыцы сабыр сæх-сæхмæ. Ахæм бон уыди уыцы бон дæр.

Серæби бадти стыр къуырф бандоны бæстастæу. Бандонæн йæ алыварс зади алыдзыккухих къудзитæ. Сæ фæлмæн къалиутæ кæрæдзимæ бауагътой, кæрæдзийы мидæг алæстысты æмæ æрæмбæрзтой бандон, цыма йæ æддагон цæстæй бамбæхсынмæ хъавыдысты. Бандонæн йæ иу фарсмæ йæ сæрдыгон тæнæг тегла худ, йе 'ннæ фарсмæ – газеттæ, 'рдæбон сæ куы балхæдта, уæд сæ куыд бадыдагъ кодта, афтæмæй лæууынц.

Уддзæф уыцы сабыр æрбаулæфы кæцæйдæр, йæ урс сæрыхилмæ йын бавналы, иу быидзыгыл дзы схæцы, цыма йæ кæмæдæр æвдисынмæ фæхъавы – мæнæ куыд урс у! – стæй йыл хæцгæ куыд сабыргай скæны, уадзгæ дæр æй афтæ 'ркæны, цыма ууыл фæтыхсы, цæмæй дунейы сабырыл ма фæзына, кæй йыл схæцыди, уый.

Æрæджы бамбæрста, дуне афтæ сабыр сæх-сæх кæнын зоны, уый – нæ йæ æвдæлди уымæ хъусынмæ. Дугъ уыд йæ цард. Иугæндзон дугъ. Куы тагъддæр дугъ кодта, куы – сабырдæр, фæлæ цыфæнды сабыр дугъ дæр дугъ у. Кæддæр æй цы кафедрæйы ныууадзынмæ хъавыдысты, фæлæ йæ кæм нæ ныууагътой, уыцы кафедрæйы фæкуыста йæ сау сæрæй йæ урс сæрмæ. Уæд дзы кæй зондæй нæ баззад, уый раивта, раджы йæ раивта. Цыдæртæ йын бантыст æвзаджы æбæрæг рæттæ раиртасынæй, цæмæдæрты ма дзы йæ зæрды ис бавналын. Фезмæлын æмæ

йын февналын зынæй-зындæр кæны. Уæдæ цы! Арæх йæ зæрдыл Микеланжелойы ныхæстæ уымæн æрлæууынц. Афтæ загъта: «Зын мын уый у, æмæ а дунейы цыдæртæ ‘мбарын куы байдыдтон, уæд мæ цæуын кæй хъæуы а дунейæ». Микеланжелойыл уæд нæуæдз азмæ ‘ввахс цыди, афтæ куы загъта, уæд. Серæбийыл уый бæрц кæм цæуы! Бирæ цъусдæр ыл цæуы уымæй. Фæлæ йыл йæ фæллад тæфсын байдыдта – уый фаг цæуы ууыл дæр. Стæй мæнæ ацы дуне сабыр куыд сæх-сæх кæны, уымæ хъусын базоныны фаг. Бадт уыцы дзæбæх ран, уыцы дзæбæх къуырф бандоныл, уыцы хъарм æмæ рухсы, хъуыста уыцы дунейы сабыр сæх-сæхмæ. Æмæ ради йæ зæрдæ.

Уæд газеттæй иу систа, айтынг æй кодта.

– Кафын раджы бауарзтай? – фæрсы уацхæссæг кæйдæр. Худæг сты ацы уацхæсджытæ дæр, цæмæй дын нæ бафæрсдзысты лæджы!

– Скъоладзау чызг ма куы уыдтæн, уæд – дзуапп ын дæтты, кæй фæрсы, уый. – Æмæ диссаг, уый у, æмæ мæ кафыныл ирон лæппу кæй фæцалх кодта. Уый мын бацамыдта симды кафт – дунейы кæфтыты сæр. Уо, уый æнæрцæугæ диссаджы кафт у!

– Ирон лæппу, зæгъыс?

– Гъо, ирон лæппу. Уый мах аулы куыста, скъолайы ахуыры хайы хицау уыди.

– Йæ мыггаг кæмæй уыд?

– Ехх, йæ мыггаг ын куы зонин! Æрзилин Иры бæстыл, ссарин æй, кæд ма удæгас у, уæд йæ разы мæ зонгуытыл æрлæууин. Кæд нал и, уæд ын йæ уæлмæрдмæ фæцæуин æмæ йын йæ ингæны къæйтыл мæ хъарм цæссыджы цæппузыртæ ныккалин.

– Уæд ын йæ мыггаг куыд нæ зоныс?

– Нæ йæ зонын. Йæ мыггаг дæр ын нæ дзырдтой, йæ ном дæр. Иууылдæр æй ахуыры хайы хицау хуыдтой. Уырыссагау дзырдтой уыцы дзырд иууылдæр – «завуч» æмæ йыл йæхи номы хуызæн фидыдта.

– Зæгъæн ис – абон ансамблы разамонæг нæ уаис, уыцы ирон лæппу куы нæ уыдаид, уæд?

– Ансамблы разамонæг нæ, фæлæ, куыд адæймаг, афтæ дæр нæ уаин! Уый мæ, зæгъæн ис, мæ къухæй раласта, цы хуыдымы хъуамæ фæдæлдон уыдаин, уырдыгæй.

– Æмæ йын цы дзæбæх ном ис уæ ансамблæн – «Хæхты рухсытæ!»

– Уыцы дзырдтæ дæр уымæй фехъуыстон – арæх-иу кодта хæхты рухсыты кой.

Дзæбæх уыди сæ ныхас æмæ йæ кастаид æмæ кастаид, фæлæ уартæ, цæргæ æмæ хæргæ кæм кæнынц, уыцы агъуысты раз уыцы стыр тъæпæнæй фæндыры цагъд уылæнтæгæнгæ рацыд, æмæ дунейы мидæг æндæр ницуал аззади. Æмæ та кæд нæ уыди уыцы симды цагъд! Цыма йæ а фæстаг рæстæджы арæх байдыдтой цæгъдын.

Ныр та мидæгæй ничиуал аззайдзæн, иууылдæр та æдде балæудзысты, агъуысты раз цы стыр тъæпæн и, уым æмæ та симды бацæудзысты. Кæрæдзийыл та 'рхæцдзысты растæй-зылынæй æмæ – симгæ! Зоныс симын-нæ зоныс, – уымæй ничи никæй фæрсы. Уыйæппæт цæсгæмттæ – алы 'мæ алыгъуызæттæ, алы 'мæ алы зæрдæйы уаг æвдисынц – кæс æмæ сæм кæс! Æмæ сæм фæкæсы Серæби. Дыгай сылгоймæгтæ дæр фæсимынц иумæты – уæдæ нæлгоймаг æмбал кæмæ не 'рхауы, уый цы фæуа!

Фæкæсы сæм Серæби. Æхсызгон ын вæййы, афтæ æмткæй кæй растынц, уый, хардзау дæр æм дзы фæкæсы гыццыл цыдæр: уыцы хъомпал змæлдæй йын цыма симдæн йæ кад æмæ йæ рад цудын кæнынц.

Йæхæдæг дæр расимы. Æмæ куыд нæ расима! Мард куы нæ фæлæудзæн уыцы цагъдмæ! Дардæй чи 'рцыд, æппын чи нæ зоны симын, ахæм сылгоймæгтимæ дæр æй бахъæуы расимын. Æнцон нæ вæййы, фæлæ цы йæ бон у! Темырби хъазтаразæг басгуыхы. Кæстæр у Темырби, бирæ кæстæр нæу, фæлæ цас кæстæр нæу, уый бæрц цæрдæгдæр у. Хонгæ кафты йæ цæнгтæ парахат тылд куы райдайы, афтæмæй æддиæутты куы фæцæйцæуы сылгоймагмæ, йæ бынат ивынмæ, уæд ма уымæй хуыздæр цæмæ бакæсдзæн лæг! Уæдæ хонгæ кафт куы фæвæййы, уæд тымбыл зылдтытæ дæр ныккæны сылгоймаджы алывæрсты.

Хорз æмбал у, æнæзæрдæхудт. Гæды æмæ йæм цурон митæ мисхалы бæрц не ссардзæни лæг. Æнæуи – цæрдæг фезмæлынмæ, хъуыддаг ацаразынмæ – рæвдз. Ардæм дæр æй уый ракодта: кæмдæр фæхæцæг ссардта æмæ самал кодта уыцы дыууæ бынаты. Æнæуи дæр хъæрмуд сты, скъолайы чингуытæ дæр цалдæр сарæзтой иумæ. Сæ кафедрæтæ дæр – хион-хæстæг. Уымæн æвзаджы кафедрæ у, Серæбийæн, Темырбийæн та – литературæйы кафедрæ.

Æмæ та уым уыдзæн Темырби дæр ныр. Æмæ ныууагъта йæ газет – изæры йæ бакæсдзæн мидæгæй, куы ныссабыр уа бæстæ,

уæд. Рабадт æмæ араст, къутæрты ‘хсæнты цы нарæг дурастæрд фæндаг цыд, ууыл. Йæ иу къухы йæ худ хаста, йе ‘ннæ къухы та – йæ газеттæ.

Куыддæр къутæрты ‘хсæнæй базынд, афтæ ауыдта – уартæ ‘рбадаргъ и симджыты хал. Кæсы йæм æмæ йæм афтæ зыны, цыма ацы хатт афтæ къæдзтæ-мæдзтæ æмæ афтæ хъомпал нæу. Сæ иу фæрсты акаст симджытæн, сæ иннæ фæрсты акаст, кæддæр-иу скъоладзауты симдмæ куыд акаст, афтæ, æмæ йæ ‘рфæндыд – ахиза сæм æмæ сын барæстытæ кæна сæ симд. Раст чи нæ симы, уыдоны сæ цæнгтæй бауыгътытæ кæна: цагъд куыд амоны, афтæ исут уæ къухтæ дæр æмæ уæ къæхтæ дæр!

Уартæ разæй – Темырби. Йæ рахиз къух сылгоймаджы дæларм, йæ галиу къух таучел тылд æркæны æддиуæутты æмæ йæ таучел уагъд æркæны дæлæмæ. Сылгоймаг æнахуыр урсдзыкку. Уыцы тавицы хæст скæны йæ цонгыл. Æмæ йæ уыцы аив уылæнтæгæнгæ æруадзы. Йæ сæр – уыцы урс пух сæр – гыццыл уæхсчырдæм къул, гыццыл – размæ. Къæхтæ афтæ арæхсынц цагъдамындмæ змæлын, мæнæ цыма симын раздæр базыдта, цæуын куы базыдта, уымæй.

Кæсы сылгоймагмæ Серæби æмæ фырæхсызгонæй йæ цæстытæ æрцъынд сты. Æмæ уыцы уысм ауыдта – уæртæ скъолайы дæргъæццон тыргъы рацæуы сæ симджыты хал – скъоладзау лæппутæ ‘мæ чызджытæ. Сæ сæр – уыйырдæм. Уый лæууы сæ разы, йæ мидбынаты симы, – йæ къæхтæ дæр исы, йæ къухтæ дæр, афтæмæй сæ иу фæрсты дæр акæсы симджытæн, се ‘ннæ фæрсты дæр. – Симд топпы фатау раст куыд уа. Сæ цæнгтыл дæр æмхæст куыд кæной, сæ къæхтæ дæр æмсæрфт куыд кæной. Æмæ цыдæр тас абад-абад кæны йæ зæрдæйыл – пластинкæ куы фæуа, уæд та сæ фæлæууын бахъæудзæн! Шахбан та йæхи ныццæвдзæн патефоныл. Айсет лæугæ аззайдзæн æмæ лæудзæн йе ‘нæрхъæц лæудæй. Уæ, æнæнтыст макуы фæуай Айсет, сылгоймæгты загъдау, кæд куыд тагъд æрцахстай симды удызмæлд! Цыма Гасаны патефон æхсæвыгæтты уымæн цагъта уыцы ныллæг къуымы æмæ Айсетмæ сидти – тагъддæр астыр у, тагъддæр асимынхъом у!

– Ардæм! – хъуысы Темырбийы хъæр кæцæйдæр, æмæ йæ нæ фæнды, Темырби куы хъæр кæнид, уый. Уартæ уыцы дзæбæх лæппутæ ‘мæ чызджытæ куыд дзæбæх симынц, уымæ кæсын æй фæнды.

Лæппутæ сæ сæртыл бæрзонд хæцынц, чызджытæ гыццыл æркъул кодтой сæ сæртæ, цыма се 'фсæрмдзæстыг æвдисынц. Æмæ фидауынц иумæ, тынг фидауынц. Ныр ма уыдоныл ирон дарæс скæн лæппуйæ-чызгæй! Айсетмæ ирон разгæмтты бакæс!

– Серæби! – хъуысы йæм хæстæгæй æмæ ауыдта: уæртæ Шахбаны бæсты Айсетимæ кæд нæ симы Темырби! Æмæ дзуры, æнахуыр разæнгард у, афтæмæй – мæнæ цыма цæрæнбонты симын ахуыр кодта! Асим-ма йемæ, асим! – йæ тæккæ раз æрлæууыдысты Темырби æмæ уыцы урссæр сылгоймаг. Æмæ йæм сылгоймаг фыццаг йæ цонг бадардта, стæй та йæм дзургæ бакодта:

– Хæц мын мæ цонгыл, хорз лæг, цæмæй мын тæрсыс мæ цонгæй?! Кæд нæ зоныс симын, уæд дын æз бацамондзынæн.

Æмæ та ауыдта Серæби: уæртæ расимынц скъолайы дæргъæццон тыргъы, фæлæ уый цæмæн афтæ уа –Айсетимæ куы Шахбан рацæйсимы – йæ чырынтæ хæдон йæ хæлафы комдæлы тъыст, куы – Темырби, йæ цыбырдыс урс хæдоны хъуырыл сырх тæмæнтæ калæг даргъ галстук.

– Фезмæл-ма! – тыхсы Темырби. Уæдæ худинаг у сылгоймагæй. Æрбакодта йæм æй – уый дæр асима йемæ, уый дæр банкъара уыцы æмбисондæн хæссинаг æхсызгон, æмæ – ныссæстытæ лæг! Æмæ йæм Темырбийы хæдуæлвæд та сылгоймагæн йæхи ныхас фехъуыст – бустæйы уддзæф дæр ма стахти семæ:

– Цæй ма, цы ми кæнут, алчи фæсимдта! «Цы ми кæнут?! «Цы ми кæнут?! – араугæ ацыд Серæбийы уæнгты. Стæй ныййазæлыд йæ хъусты уыцы удаист хъæлæс: «Цы ми кæнут?!»

Йæ мидбынат ныззылди Серæби. Иуырдæм йæ худ ахауд, иннæрдæм йæ газеттæ атахтысты. Йæ тъæпæн æрмттæ йæ хъустыл авæрдта, йе 'фсæртæ балхъывта, афтæмæй бандзыг и. Темырби æмæ сылгоймаг фæйнæ касты уымæ кодтой, фæйнæ касты – сæ кæрæдзимæ. Уæдмæ ныууынæргъыдта Серæби:

– Ау, Айсет?!

Æмæ йæм цæхгæр ныззылди Темырби.

– Ома, куыд Айсет! Далæ дын лекъты бæсты цы гыццыл Айсет баззад, уый?! Æмæ цы кæны Айсет?!

Æмæ базмæлыдысты сылгоймаджы цæстытæ, йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ сæ тыбар-тыбурæй нал æнцадысты.

– Мæ ном мын цæмæй зонут, мæнæ дыууæ лæджы?! – раст алæууыд сæ разы. Стæй йæ цæстытæ фæхъоппæг сты, афтæмæй

сæ фæцарæзта Серæбимæ. Æмæ сатæг-сау цæхæртæ акалдтой йæ цæстытæ, йæ къухтæ, йæ сæрыл æхсыры фынкау чи бадт, уыцы дзыккуты атъыста, æмæ йæ былтæ – цыма сæ ныв ныччынди уыцы райдзаст цæсгомыл, афтæ зынди – базмæлыдысты æмæ сæ схауди:

– Уо, Аллах!

Æмæ цыма уыцы стыр тъæпæныл цы змæлд æмæ цы хъæлæба уыд, уыдон скъуынгæ ачынди сæ астæуыл, уыйау æгуыппæгæй аззади тъæпæн, æмæ касти Серæби уыцы урссæр, сауцæст сылгоймагмæ, æмæ касти уыцы урссæр, сауцæст сылгоймаг Серæбимæ, æмæ, сæ алыварс цы æгуыппæг æрбадт, уый æндзыгæй æндзыгдæр кодта. Æмæ та уæд базмæлыдысты уыцы былтæ æмæ мынæг хъæлæсæй, цыма Серæбийæн йæхимæ дæр дзæбæх куыд нæ фехъуыса, уымæ хъавыд, афтæ бафарста:

– Ау, уый ды дæ?!

Æмæ цыма арв ныннæрыд уыцы рухс æмæ хъарм бон, уыйау нæргæ ацыдысты уыцы цалдæр цыбыр дзырды, æмæ адæм базмæлыдысты, хæстæгдæр æм балæууыдысты.

– Æз дæн, – загъта ныллæг хъæлæсæй Серæби дæр.

– Уæдæ мæ цæуылнæ уырны?

– Зын бауырнæн у ‘мæ уымæн.

– Уыцы райсом æгас хъæуы йæ пецы арт куы ничиуал скодта, лæгæй-усæй кæрæдзи фæрсынмæ куы рауай-бауай кодтой, кæд ма дæ искуы исчи федта, уæд ды кæм уыдтæ, уæд?!

– Уæд æз сыгъд æмæ уырыдæй Ботлихы автобусы къуымы бадтæн, æндæр мын Лечъыбæстæй хай нал уыд.

– Æз дæ фатермæ куы фæлыгъдтæн, мæхиуыл дуар куы бахгæдтон æмæ мæхи кæуынæй куы мардтон, уæд дæм мæ кæуын куыд нæ фехъуыст, æмæ куыд нæ раздæхтæ фæстæмæ?!

– Нал мын уыд раздæхæн. Тайбæт мын сæхгæдта мæ фæндаг.

– Тайбæт мæм уырдæм бацыд, дæ фатермæ, сабыр мæ кодта, æз, дам, дын къаба бахуыйдзынæн, хорз къаба æмæ, дам, мауал ку, стæй, дам, цы федтай, уый макæмæн зæгъ. Цыма йын гыццыл чызг уыдтæн. – Æмæ та ферттывтой уыцы сау цæстытæ. – Стæй?

– Стæй – Махачкаламæ. Уырдыгæй – Мæскуымæ.

– Мæхæмæт дæр, дам, афтæтæ дзырдта годеканы, ахуырмæ, дам, ацыд Мæскуымæ, æмæ, дам, ыл лæгтæ сæ къухтæ стылдтой, цытæ, дам, дзурыс æмæ, дам, йæхæдæг ахуыры хайы хицау

куы уыд, уæд ма, дам, цæй ахуырмæ ацыд?! Мæ сæнтты-иу дæ фæдыл куы зылдтæн æмæ-иу дæ куы ссардтон, уæд-иу мæхи дæ разы мæ зонгуытыл лæугæйæ уыдтон. Ныр æрлæууин мæ зонгуытыл, æмæ мын ацы дзыллæ мæ диссаг куы фæхæссой. Æнæуи мæ уæд хуыздæр бауырнид, ды кæй дæ, уый.

– Мæ зонгуытыл æз хъуамæ æрлæууин.

– Ды – цæмæн?

– Лидзгæ æз фæкодтон æмæ уымæн.

Сылгоймаг ма цыдæр сцæйдзырдта, фæлæ нал сфæрæзта дзурын æмæ уæд йæ сæр Серæбийы риуыл бауагъта, йæ цæстытæ æрцъынд сты, мады фæстæ бирæ чи фæкæуы, уыцы сывæллон йæ мады хъæбысмæ куы бафты, уæд уый куыд æхсызгон цъынд æркæны йæ цæстытæ, афтæ. Æмæ та базмæлыдысты уыцы нывы хуызæн былтæ:

– Куыд тынг-иу мæ фæндыди, мæнæ афтæ мæ сæр дæ риуыл куы бауадзин, æмæ куыд дард уыди уыцы гæнæн мæнæй!

Серæби йын йæ галиу къух йæ уæнтыл æрбавæрдта.

Стæй фæсабыр сты, фæндагыл чи бастайа, уый уал йæхи гыццыл истæмæй куыд фæсайа, цæмæй фæхъуыртхъом уа æмæ стæй фынгыл бадын фæраза, уый хуызæн уыди сæ фæсабыр.

Сæ алыварс цы адæм лæууыд, уыдон, æвæццæгæн, фефсæрмы сты, кæй фæсабыр сты, уымæй – фæстæдæр алæууыдысты. Сæ цæсгæмттæ æнкъарддзæф уыдысты, афтæмæй худындзаст. Æмæ хорз фидыдтой афтæ æнкъарддзæф æмæ худындзастæй.

Иуафон Темырби ныггуыбыр кодта зæхмæ, йæ иу къухæй Серæбийæн йæ худ систа, иннæ къухæй – йæ газеттæ, стæй раст слæууыд æмæ загъта хъæрæй:

– Мæхи дзæбæх хотæ æмæ ‘фсымæртæ! Уæхæдæг куыд федтат, афтæмæй, не ‘хсæн и, махæн зынаргъ чи у, ахæм уазæг. Уазæг Ирыстоны Хуыцауы уазæг у, æмæ уæ Хуыцауæй курæгау курын, хурныгуылды рамбырд ут уæлæ цæлгæнæнмæ æмæ нæ уазæгыл бацин кæнæм. Нæ фехъуыстон мачи зæгъæд.

Хур арвы астæуæй гыццыл фæцудыдта, æмæ сæ цыбыр аууæттæ сæ фарсмæ зæххыл сæхи ауагътой, цыма та, дуне йæ сабыр сæх-сæх кæд райдайдзæн, уымæ кастысты.

# ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 75 АЗЫ



*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ*

# ПОЭЗИЙЫ ДЗÆНГÆРÆГ

* * *

**Куыд дардыл æрзилы æрвнæрд!**
**Куыд тагъд кæны фæззæгмæ сæрд!**
**Поэтмæ мæ фæндаг ныддаргъ –**
**Уæззау у мæ фарстаты уаргъ.**

**О, гени сын ратдзæни дзуапп,**
**Уый дурæн дæр фены йæ апп.**
**Фæстинон нæ бæстæ, нæ дуг,**
**Куы ивы нæ хъæстæ, нæ туг.**

**Цъæлхъæрæй къуырма стæм,**
**Кæсынæн нæма стæм,**
**Нæ уынæм нæ фæндаг**
**Нæ сомбон, нæ фæстаг.**

**Нæ райгуырæн бæстæ**
**Фыдыусау – хæрзтæм,**
**Йæ зинты та – диссаг –**
**Йæ сæрмæ куы systa!**

**Нæ рæдау цы фæци –**
**Куы хæрæм кæрæдзи.**
**Æндæр нын – æрмæстæр æндæрг,**
**Æхца нын – Хуыцауæй уæлдæр.**

**Нæ бæлас фырхъалæй**
**Гуыппы тыххæй калæм.**

**Фыдыбæстæ, оххай,**
**Цы дары фыдохæй?!**
**Цы хъалон ын фиды –**
**Куы марæм нæ фидæн.**

О, равдис нын, Нарон,
Хуыздæр тæраз-барæн!

Куыд дардыл æрзилы æрвнæрд!
Куыд тагъд кæны фæззæгмæ сæрд!
Поэтмæ нæ фæндаг ныддаргъ –
Йæ Дзырдæн нæма кæнæм аргъ.

## БÆЛАС

Бæлас та мæм æрбакаст рудзынгæй –
Мæ зæрдæ айдзаг и цъæх рухсæй.
Æз дзы æфсымæрау фæбузныг дæн,
Мæ зæрдæ уымæ у æдзухдæр,
Фæлæ мыл уый дæр хойау узæлы.

Бæлас та мæм æрбакаст рудзынгæй,
Уырдыг куыд лæууы зæххæн æмæ арвæн!
Æмбал куы нæй йæ рæдау уд-зынгæн,
Табу кæны йæ алы сыф дæр цардæн.

Нæй мисхал дæр бæласы мæнг, –
Цы у, гъе уымæй у æцæг.
Нæ тæрсы бирæфенæг ницæмæй,
Æрлæууы тымыгътæн сæ ныхмæ.
Мæлгæйæ дæр нæ райхъуысы йæ илæ-лæй...

Йæ зæнг зæронд лæгау фæурс кæны,
Фæлæ та уалдзæджы цъæх тыхæй
Уæйыгау ног сыфтæр ысбуц кæны.

Йæ къалиутæ та хивæнд сабитау
Нæ дарынц уидæгты сæ зæрдыл –
Фæлтæхæн мæргътау къалиуты
Фæтæхын дард балцы æрфæнды...

Æрмæст йæхицæн нæу бæласы рæз,
Хуыздæр нæ зонын зæххы цотæй æз.
Бæлас та мæм æрбадардта йæ къухтæ
Æмæ та зæрдæ айдзаг и цъæх рухсæй.

## ЛЕРМОНТОВ

*Девлет Гиреевы мысынæн*

Куыд дыл фыссон æмдзæвгæ æз –
Нæй арвау базонæн дæ сусæг.
О, чи дын радта ахæм рæз –
Дæ дæларм бакодтай æнустæ!

Уæддæр дæ рахуыдтой дыккаг
Æмæ дæ авæрдтой йæ ауон,
Дæуæн дæр гени уыд фыццаг,
Фæлæ нæрæмон у дæ амонд –

Дæу Музæ афтæ кодта буц,
Æмæ нæ дунейыл фæйлауæн
Кæны дæ Дзырдæй диссаг рухс,
Нæ зонын – зинæй у, Хуыцауæй...

## ОЛЕГÆН

Радзырдтай мæнæн мæн тыххæй
Диссаджы æнахуыр уацау:
Стахти пиллон арт æртдзыхæй –
Уым цыма нæ ивгъуыд бацард.

Уым – рæстдзинад æмæ гамхуд,
Байгом арвы дуарау сусæг,
Ирд-æргом цы уыд, – æрбатар,
Фæлæ зæрдæ рухс у.

Загътай ды мæнæн мæн тыххæй –
Дун-дуне фæци рæдаудæр,
Калдтай стъалытæ дæ дзыхæй –
Систай тар æхсæвы саутæ.

Æмæ басгуыхти æрвайдæн
Йе ’мбæхст байбынтæн мæ удæн,
Маст-æлхынцъ йæхæдæг райхæлд,
Нал мын уыдзæн ныр фæцудæн.

Радзырдтай мæнæн мæн тыххæй –
Федтай мæ ægайтма афтæ:
Фесты миндывæр мæ тыхтæ,
Нал ис ныр мæ ныфсæн рафтæн.

## НЫФФЫСС...

Ætт, ныффысс мын уалдзыгон ныхæстæ,
Ног сыфты æнæрхъæц сусу-бусу,
Уддзæф æй йæ базыртыл куыд хæссы
Уарзæтты бæллицты рухсау...

Цæй, ныффысс мын базырджын ныхæстæ,
А зæххыл цы ис тæккæ зынаргъдæр,
Ехх, мæ къахфæндаг дæумæ куыд даргъ у!..

Цæй, ныффысс мын райст-бавæрд ныхæстæй,
Арвыл æврæгътæ куыд сурынц хуры,
Рох мæсыгæн хохаг дон цы дзуры,
Махæй арв кæд ракæсдзæн йæ цæстæй,

Цъайы байбыны куыд дзир-дзур кæны дон,
Стъалытæ цæстныкъулæн куыд кæнынц,
Ноджы ма фыдлæг æмæ фыдбон
Се знæтæй куыд агурынц кæрон...

* * *

Дидинджытæ ма хæссут уæ уатмæ,
Дидинджытæ ма æвæрут доны!
Раттут сын фæстæмæ хъулон астым,
Цинцæхæр та акалой æхсонау.

Арвæрдын йæ авд тыны кæм уафы,
Рог дымгæтæ байрæгтау кæм хъазынц,
Годзыкъæхтыл сонт къæвда кæм кафы,
Уыцы зæхх сæ буц хъæбултау уарзы.

Раттут уæдæ дидинтæн сæрибар,
Ногæй та сыл узæла цъæх уддзæф,
Байгом сын уа ног боны зæрин дуар
Æмæ найой хур-тынты сæ удтæ.

## ФÆДЗÆГЪÆЛ АЗÆЛД

Кæнынц æмдзæвгæтæ зæлланг,
Фæлæ фæдзæгъæл азæлд.
Цæуы цæхæртæ калгæ саг –
Цы ма уа рухсдæр, уаздæр!

Цæуы цæхæртæ калгæ саг
Йæ рæсугъд сæрæй хъазгæ,
Кæны фæйлауæн дзинг зæлдаг
Йæ алы 'рду-хъуытазæй...

Кæнынц æмдзæвгæтæ зæлланг,
Тæхынц сыгъзæрин зæлтæ,
Фæлæ сæйраг кæмæн у тъанг,
Цæмæн хъæуы уый зæрдæ!

Æмдзæвгæтæ зæлланг кæнынц,
Фæлæ нæ иувæрсты тæхынц –
Тæхынц, тæхынц кæдæмдæр,
Тæхынц, тæхынц кæмæдæр...

Фыссын та чи нæ зоны ныр!
Æмæ фыстытæй марынц
Æрдхæрæны фæндыр –
Сæ ламидон лæмарынц.

Æхцайы монц нæм у паддзах –
Нæ бæстæ базар фестад,
Æмæ тæргай мæргътау – сæ тахт.
Дзæнгæдайы бын фестæм...

Мæнузæгъæг сæ нал и, нал –
Æндæр цинтыл куы систæм.
Фæтæхы хърихъуппыты бал,
Фæхæссынц дард сæ ристæ...

Мæнг дунейы цы нæ у мæнг?
Поэзийы дзæнгæрæг,
Æрмæст ма уый дæтты æууæнк,
Кæны хъылма дзæгæрæг.

Фыдтары н' ахуыссыд йæ арт,
У тымыгътæн æнæрцæф,
Йæ сыгъдæг рухс æнхъæвзы дард,
Кæлы, кæлы нæ фæрсты.

Поэт – лæгау лæгтæй лæгдæр,
Сайтанæн дæр нæ сæтты,
Æмæ та акалы цæхæр
Нæртон хъуыды-æрвæрттывд.

Кæнынц æмдзæвгæтæ зæлланг,
Фæлæ фæдзæгъæл азæлд.
Цæуы цæхæртæ калгæ саг,
Фæлæ йыл дисгæнæг нæ разынд...

*Къадзаты Станиславы*
*бархи тæлмацтæ*

## ИРЫСТОНÆН

Хуры зынгæй армыдзаг æристон, –
Иры дзыхъхъ ысхъарм уа.
Иннæ армы цъитийы дон систон,
Арв дæр йемæ – м' армы.

Рагон къæдзæх къахвæндаджы сæрмæ,
Бахиз мæ тымыгътæй!
Цъус кæд дæ, фыдыуæзæг, уæддæр мæ
Бирæ уарзт ыссыгътай.

Сау хъæдгæмттæ судзгæ-рисгæ буарыл
Байгас кæндзæн рæстæг,
Сфæйлаудзæни зæрдæйы æндары
Монцты арт-ныфсдæттæг.

Райхъал у, аланты зæхх, дæ сæрмæ
Хур фæлгæсы, райы!
Абоны лæгъз сосæйыл цæхгæрмæ
Къахвæндаг фæуайы.

Райхъал у Къостайы рæнхъы, ракур
Арты хос Амранæй!
Фест, мардзæ, Иссæйы сау бæх-уадсур,
Айгæрд тар нæ разæй!

Не ’взаджы зæллангтæнаг ныхасæй
Райгуыр, а зæхх, ногæй!
Ды чысыл дæ, армыдзаг æгасæй, –
Ракæсыс бæрзондæй.

Фарны рухс Балойы сурæт уадзæд,
Гуырæд нæм Болатæ!
Уарзæд нын фыдгулы цæст дæр, уарзæд, –
Фидар уæм болатау!

Райхъал у, мæ Ирыстон! У афон,
Нартау рацу стæры!
Карды цæф хæрзæджыты сæраппонд
Арвнæрдау ныннæры.

Ацы царды тардæр вæййы райсом
Саудалынг изæрæй.
Рухс тынтæ дæ ацы бонмæ ’рбайсон
Фидæны къæсæрæй.

Ма хъахъхъæн дæ байзæддаг, дæ цоты
Уадтымыгътæ, зæйтæй,
Хъахъхъæн сæ бæрзондыл бадæг бодзты
Сау хæрам, фыдæхæй!

Райхъал у! Йæ былалгъыл куы бады
Алкæмæн дæр а сидт...
Алчидæр йæ удæй мур йæ рады
Рухс фарнæн куы хæссид!

*Мамыкъаты Хъазыбеджы тæлмац*

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт*

# УСБИРÆГЪ

*Таурæгъ*

Ивгъуыд æнус. Æрæгвæззæг уыдис, фæлæ гæлæбуты сæрд ралæууыд, æмæ адæм сæ къухтæм æмхасæнтæ кодтой... Фыййау Садуллæ йæ фосы дзуг Бирæгъты æфцæгмæ сыздæхта. Фос пыррыччытæгæнгæ хизынц. Садуллæ нымæтыл бады æмæ йæ райгуырæн хъæу – Ходмæ фæлгæсы. Кæсы, æмæ иу сылгоймаг хъæуæй Хъæдджынырдæм къахвæндагыл рацæуы. Дæрддзæф кæй уыди, уымæ гæсгæ, нæ равзæрста, чи у, уый. Мидæггаг Донгоммæ куы рахæццæ, уæд къахвæндагæй дæлæрдæм ахызти, æмæ, хæмпæлтæ ссæндгæ, куыроймæ фæцæуы. Сылгоймаг куыроймæ куыд бахызти, уым цы ми кодта, уый фыййаумæ нæ зынди...

Садуллæ йæхинымæр хъуыды кæны: «Ау, хæссинаг дæр йæ къухы куы ницы уыди, куырой дæр куы нæ кусы, уæд уым цы архайы?» Къухауоунæй фæлгæсы Садуллæ æмæ уыны: куыройæ рахызт бирæгъ. Лæгæн йе уæнгтæ ауазал сты: кæд, мыййаг, сылгоймаджы аргæвста? Бирæгъ, фæйнæрдæм дзагъултæгæнгæ, фыййауырдæм йæ ных сарæзта. Садуллæйæн йе ‘уæнгтæ ауазал сты, æмæ хъуыды кæны: «Ай усбирæгъ куы у!» Æмæ йæхинымæр бартхъирæн кодта, багъæц, æз дын, лæг чи у, уый фенын кæндзынæн, зæгъгæ. Фæгæпп ласта æмæ фæсвæдты куыроймæ ныййарц.

Уым сылгоймаджы уæлæдарæс йæ дæларм акодта æмæ фæстæмæ, йæ бынатмæ – згъоргæ! Уæдмæ усбирæгъ æрхы фыййауы далыстæй иуæй йæ мондæгтæ суагъта, æмæ фæстæмæ хæмпæлтæ ссæндгæ æмæ йæ былтæ сдæргæ, куыройырдæм араст...

Кæсы Садуллæ, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Уалынмæ куыройæ мадардбæгънæг сылгоймаг рахызт, æмæ, ех-ех кæугæйæ, нæууыл æрбадт. Йæ тыппыртæ куы суагъта, уæд залмы сыфтæ ‘ртыдта æмæ дзы иу разæй йæ гуыбыныл бабаста, иннæ та – йæ чъылдымыл. Стæй уыцы хуызæнæй Садуллæйырдæм ссæуы.

Лæг хъуыды кæны: «Йарæби, цæмæй базыдта, йæ дзаумæттæ йын æз адавтон, уый?» Сылгоймаг дæлкъуыбыр æрлæууыд, астæуæй дæлæмæ лæгмæ куыд нæ зына, афтæ, æмæ йæм дзуры:

– Дæ хорзæхæй, Садуллæ, дæ нымæт мын ардыгæй изæрмæ авæр!

Садуллæ йæм дзуры:

– Чи дæ, чи? Цы мæрддаг дæ?

– Ау, нал мæ зоныс? Æз Едзатæй Елмысхан куы дæн!

– Цыфæнды «хан» дæр у! Цалынмæ дын мæ лæдзæгæй дæ сины хъæбæртæ нæ ныххостон, уæдмæ лидзгæ кæн!

Æрбадти сылгоймаг æмæ хæкъуырццæй кæуынæй нал æнцайы. Садуллæ мæсты кæны, ай мыл цы сагъуыди, зæгъгæ. Æмæ та йыл фæхъæр кæны:

– Æз дын куыд загътон? Ардыгæй лидзгæ кæн!

Ус æм дзуры, кæугæйæ:

– Фæтæригъæд мын кæн, Садуллæ – мадардбæгънæгæй цы фæуон? Сыхæгтæ дæр куы стæм!

– Дæу хуызæн сыхаг Хуыцау ме знагæн дæр ма раттæд!..

Фæлæ уæддæр зæрдæ зæрдæ у! Фыййауы зæрдæ дæр фæтасыд, æмæ йын йæ нымæт æрæппæрста.

Елмысхан ын арфæ ракодта æмæ загъта:

– Ацы хорздзинад дын æз никуы ферох кæндзынæн – цæрæнбонты йæ мæ зæрдыл дардзынæн!

– Хорз, хорз, фæлæ ма дæ ахæм хуызы куы фенон, кæнæ та хъусгæ куы ‘ркæнон – усбирæгъ дæ, зæгъгæ, уæд-иу мæ хъаст ма ракæн!

Афтæмæй сылгоймаг хъæумæ стындзыдта...

Цыбыр рæстæджы фæстæ Елмысхан стыр хуын скодта, цухъхъа, куырæт, хæлаф, зæнгæйттæ, дзабыртæ æмæ сæ Садуллæйæн балæвар кодта...

Рацыд рæстæг иу афæдзы бæрц. Фæлæ бирæгъ йæ кæнон кæм уадзы!

Елмысхан иу райсом кæсы, æмæ Кæндысджыны фысты дзуг хизы. Æмæ та йæ комыдæттæ æруадысты. Йæ мæгуыр зæрдæйæ бацин кодта: хъæдрæбын хизынц, æмæ мæ ничи фендзæн! Фæраст фосырдæм, архайы фыс æрцахсыныл. Фæлæ йыл уæдмæ фыййаукуыйтæ сæхи ныццавтой.

– Фæдис! – хъæр кæны æмæ сæ йæхи иргъæвы.

Фыййау æм æрбазгъордта æмæ йæ фæрсы:

– Чи дæ, чи? Ам цы ми кæныс?

–Мæнæ цъуйтæ тонынмæ рацыдтæн! Æмæ мæ мæнæ дæ куыйтæ фæцæйхордтой!

– Ды мæнæн цъутуна ныхæстæ ма кæн! Цъуйджын далæ Здароны куы ис, уæд дæ ам цы хъуыддаг и? Фесæф тагъд мæ цурæй, науæд дын мæнæ мæ фыййаулæдзæгæй дæ сины хъæбæртæ ныххойдзынæн!

– Оу, мæнæ мæ Хуыцау федта! Æппындæр мын ракæсыны бар нал ис?

– Нал и, нал! Мила, Хъусой – уыст!

Æмæ дыууæ куыдзы усыл сæхи ныццавтой. Сæ быны йæ скодтой, æмæ йæ ратон-батон кæнынц. Елмысхан фæдис хъæр кæны. Куыйтæ йæ æрдæгбæгънæг куы акодтой, уæд сыл сæ хицау фæхъæр кодта:

– Мила, Хъусой! Ардæм, тагъддæр!

Сылгоймаг уыцы хуызæнæй аззади, æмæ йыл лидзынмæ цыппар къахы базади...

Уæдæй фæстæмæ йæ ахæм хуызы рацæугæ никуыуал ничи федта. Æмæ фыййæуттæ уæдæй фæстæмæ сæ фосæн нал тарстысты. Ус та ахæм хуызы йæ хæдзары къæсæрæй никуыуал ракаст...

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста*

# ÆНУСЫ СÆРТЫ АКАСТИ

Хъахъхъæдуйраг Бекъойты Зинæ уал иу æнус батыдта. Иннæмæ дæр æртхъирæнтæ кæны æмæ йын, чи зоны, уый дæр бантыса. Йæ ныхæстæ иууылдæр –зонды къуыбæрттæ. Чындз куы фесгуыха, уæд уый бинонты амонд хоны. Кæстæр фæллоймæ куы здæха –уый та царды бындур. Уыцы хæрзтæй хайджын у. Сæдæазыккон сылгоймаджы фæндæгтæ, гуыргъахъхъ æмæ фыдæбонджын рауадысты. Нæ тыхсы, нæ хъæрзы мыггаджы зæронд нана, хъысмæты æнæкæрон фæлварæнтæй йæ удыл иу згæйы мур дæр нæ фæзынд.

Сæдæ азы сæдæ боны не сты. Дугъоныл бадæгау сыл кæрæйкæронмæ æрфардæг. Æххормаг заманты, хæстыты, цардивæн змæстыты сæрты сæрæгасæй аирвæзт. Тæхудиаджы хъару йæм разынди. Йæ нуæрттæ цыма æфсæйнагæй сты, фæлæ бакæсгæйæ – хуымæтæг адæймаг. Æмæ цы куыст нæ бакодта колхозы, йæ уд дзы кæцы ран нæ ихсыд! Бирæ диссæгтæ баййæфта йæ сæр, фæлæ йæ бинонты æнгомдзинады руаджы рамбылдта. Йæ кæстæр файнуст Серафин æмæ йæ тиуæй дзæвгар дзæбæхтæ зоны. Кæрæдзийы руаджы схастой сæ кæстæрты.



*Зинæ йæ хъæбулы хъæбулы хъæбултимæ.*

Зинæйæн ис чындз, стæй чындзы чындз. Коммæгæс сты йæ фырты фырт æмæ уый цардæмбал дæр. Йæ бинонтæ йæ уарзынц, æмæ йын уыдоны рæвдыд ныхæстæ хорз лæвæрттæ сты.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты –*
***Зыгъуытаты Русланы** куыстытæ.*

*Аивад уарзджытæ Русланы зыдтой курдиатджын, цыргъзонд карикатуристæй. Йæ конд нывтæ йын арæх фенæн уыди республикæйы газеттæ æмæ журналты. Уыдон хурмæ хастой хицæн адæймæгты аиппытæ, ахъаз уыдысты «царды низтæ» (Хуытъинаты Цыппуйы ныхас) сафынæн. Руслан бирæ азты дæргъы фæкуыста газет «Рæстдзинад»-ы. Амарди 2009 азы.*



*– Баба, ды дæр скъолайы сахуыр дæ иронау дзурын?*




*– Нана, мæнæ дын бæрæгбоны арфæтæ æрбарвыстой.*



*– Нæ хицау куыд рæсугъд зæрдæвæрæн ныхæстæ кæны: депутаты бынатмæ та бырсы.*



*– Ма йæм бацу, абон ын гæртам ничи æрбахаста æмæ тынг мæсты у...*



*– О, Уастырджи,*
*фæндараст нæ фæкæн!*





*– Цæй чындзæхсæвы кой кæныс? Æз дæ ахæм хистмæ бакæндзынæн, æмæ йæ разы дæ чындзæхсæв рыг дæр не скалдзæн!..*



*Рационализаци.*

*Куыд бирæ йæ уарзы!..*







– *Æз ам уе смаггæнаг кæркдоны нæ цæрдзынæн – горæтмæ мой кæнын!*

*–Уыныс?! Ды та дæ хъихъырыхъуйæ хæдзарæн цы пайда хæссыс?*





– *«Ницы и рæсугъддæр дидинæгæй царды, гъей!»*






– *Ам æндæр бирæгътæ уыди!*

*«Сырдон».*









*– Дæ хорзæхæй, ацы гуыдыр цавæр дæгъæлæй бакæнæн ис?*

– *Мæ къона, баком мын, науæд фæсмон кæндзынæ: мæн ацы горæты иууылдæр зонынц.*






*Æнæ ныхасæй.*

# НЕ 'ВЗАГ – НӔ ФАРН

*НАФИ*

## НЕ 'ВЗАГ

**Куыдфӕнды дзурӕм: уӕхӕн, ахӕм,**
**Уӕддӕр нӕ удлӕууӕн дӕ махӕн!**

**Дӕ алы дзырд – пылыстӕг рагъӕн**
**Нӕ уды 'рхъис, нӕ туджы 'ртахӕн!**

**Нӕ хъуыдыйы бӕрзонддӕр рагъыл**
**Ды – хуры цӕст! Кӕныс, цырагъау,**
**Нӕ дуне рухс! Фыдӕлты аргъау**
**Дӕ фарн нӕ сабитӕм хӕссы!**

**Дӕ фӕндаг, хуры тынау, даргъ у!**
**Куы цины цӕлхъ дӕ, куы – цӕссыг!..**

*05.01.07*

## НЫСТУАН

Уӕ, ирон аив дзырдыл ӕнувыд кусӕг!

Дӕ зӕрдыл дар: ирон аив дзырд рафӕлдыстой, Хуыцауы фӕзмгӕйӕ, сӕруӕлдай ӕмӕ удуӕлдай адӕймӕгтӕ.

Незаманӕй фӕстӕмӕ ирон дзырды аивыл сӕхи хъардтой арвы фӕдон зӕрдӕтӕ. Кодтой фӕндыры къус бӕрз-бызычъийӕ. Уастырджийы ӕфсургъы барцӕй куырдтой сыгъзӕрин ӕрдутӕ сӕ фӕндырӕн хъисӕн, стӕй сӕ уды фӕндиӕгтӕ, ӕнусон хъастау, хастой Хуыцау ӕмӕ Дунейы дзыллӕтӕм...

Ӕгъуызаты Иуане ӕмӕ Колыты Аксо ирон сабиты ахуыр кодтой сӕ мӕгуыр хӕдзӕртты. Хастой сӕ сӕхи хардзӕй ӕмӕ иу зӕрдиаг ныфсӕй – чи зоны сӕ нӕ чысыл адӕмӕн зондылӕгтӕ рацӕуа!..

Къоста ӕмӕ Секъа сӕ бирӕ фыдӕбӕттӕн иу сау капекк дӕр никуы райстой, сӕхи муртӕ дӕр ма-иу хардз кодтой иу нысаныл: кӕд сӕ уды бӕллиц фӕндаг ыссарид адӕмы зӕрдӕмӕ мыхуыры фӕрцы.

Уæ, ирон аив дзырдыл æнувыд кусæг!

Дæ зæрдыл дар: æнæмызд æмæ æнæхæлц кусæгæй йæ уд чи хъары æрвылбон йæ бæрзонд фæндиагæн, ахæм сæруæлдай адæймаг хъуамæ уай. Ратт дæ аив дзырдæн дæ цæсты рухс, дæ зæрдæйы тавс, дæ зонды базыртæ, чи зоны, зæрныгау, фæтæха Фарны æвæллайгæ фидиуæгæй Фидæны дунемæ. Кæд уый дæ бон нæу, уæд ныууадз ирон аив дзырды сагъæс æмæ дæ царды кой кæн. Ирон аив дзырд мæгуыр лæджы саби уыди æнусты дæргъы æмæ йæ хъысмæт никуы раивдзæн тъымы-тъымамæ!..

*15.10.03*

*САТЦАТЫ Эльбрус*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ БЫНАТ ИРАЙНАГ ÆВЗÆГТЫ КЪОРДЫ

Ирон æвзаг хауы ирайнаг æвзæгты стыр къордмæ. Уыцы къордмæ ма хауынц бирæ æндæр æвзæгтæ, зæгъæм, персайнаг, афгайнаг (пушту), таджикаг, курдаг, белуджаг. Персайнаг æвзаг æмæ йе 'нгæс æвзæгтыл дзуры сæдæ милуанмæ 'ввахс адæймаджы. Пуштунаг æвзаг мадæлон у 45 милуан адæймагæн. Курдаг æвзаг та – 35–40 милуанæн. Уыимæ ирайнаг æвзæгты къорды 'хсæн ис, фыссынад кæуыл нæй, ахæмтæ дæр. Зæгъæм, гилянаг кæнæ мазандарайнаг æвзагыл дзурынц милуантæ, фæлæ сæм фыссынад кæй нæй, уымæ гæсгæ пайда кæнынц персайнаг æвзагæй.

Ирон æвзаг ирайнаг æвзæгты 'хсæн ахсы астæуккаг бынат, æмæ къорды нымад цæуы ахсджиагдæртæй иуыл.

Фæлæ ныртæккæ ирон æвзагыл ныхасгæнджыты нымæц къаддæрæй-къаддæр кæны. Хъуыддаг дарддæр афтæ куы ацæуа, уæд не 'взаг, сæфгæ цы ирайнаг æвзæгтæ кæнынц, уыдоны къордмæ æрхаудзæн.

Не 'взаг нымад у рагон скифаг (сакаг) знæмты æвзаджы иунæг байзæддагыл. Йæ райрæзты фæндагыл скифаг (сакаг) æвзаг раивта фыццаг сарматаг, стæй алайнаг æвзæгтæм æмæ фæстагмæ – иронмæ.

Нырма бынтон бæлвырд нæу, æппæты фыццаг ирайнаг знæмтæ кæм цардысты æмæ кæцæй рахæлиу сты, уый. Фæлæ фылдæр ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ сæ фыдæлты уæзæг

уыди Хуссар-Скæсæн Европæйы æмæ ныры Казахстаны зæххытыл. Йæ заманы ирайнаг знæмтæ цы зæхх ахстой, уый уыди, иумæ райсгæйæ, иннæ æппæт индоевропæйаг адæмты зæххытæй егъаудæр. Йæ ныгуылæн арæнтæ хæццæ кодтой Дунайы донæн йæ астæуккаг хайы былгæрæттæм. Скæсæны ирайнаг адæмтæ цардысты нырыккон Манголы арæнты онг. Цæгаты сæ зæххыты райдайæн уыди нырыккон Уæрæсейы хъæдбыдыр бынæттæй, Хуссары та бахæццæ Персайнаг донбакалæны былтæм.

Кæй зæгъын æй хъæуы, утæппæт зæххытыл ма æндæр адæмтæ дæр цардысты, фæлæ нымæцæй уыдысты ирайнаг адæмтæй бирæ къаддæр. Ирайнаг æвзæгты 'хсæн æппæты рагондæрыл нымад у «авестæйаг». Уæды заман авестæйаг æвзаг куыд хуынди, уый бæрæг нæу. Фæлæ йыл Авестæ фыст кæй æрцыди, уый тыххæй йæ схуыдтой авестæйаг. Йе сфæлдисæг адæм та сæхи нымадтой ариæгтыл. Уыцы рагон æвзаг банымайæн ис ирон æвзаджы райдиан хуызыл. Æмæ канд ирон æвзаджы мадæл нæу, фæлæ æппæт нырыккон ирайнаг æвзæгты мадæл дæр. Авестæ йæ заманы арæзт уыди 21 чиныгæй, баззадис дзы 4, уыдон дæр æнæхъæн не сты. Иннæтæ алыхуызон аххостæй сæфт æрцыдысты. Фæлæ дзы махмæ чи æрхæццæ, уыдонæн дæр аргъ нæй. Авестæйы æппæты рагондæр хай хуыйны «яшттæ». Арæзт сты 22 куывдæй. Яштты æвзаг æвдисы ирайнаг æвзæгты уавæр нæ дуджы агъоммæ I миназы райдианты, ома æппынкъаддæр ыл 3 мин азы цæуы. Уыцы заман ирайнаг æвзæгтæ уыдысты бынтон иухуызон. Зæгъæн ис: уæд ирайнаг адæмты фыдæлтæ ныхас кодтой иу æвзаджы ныхасыздæхтыл. Ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй авестæйаг æвзаг æппæтæй хæстæгдæр у скæсæн ирайнаг æвзæгтæм, уый та дзуры, сæ рагон хуызтыл арæзт кæй æрцыди, ууыл. Уæдæ зæгъæн ис: **Уæрæсейы адæмты 'взæгтæй иронæй рагондæр нæй.** Ахуыргæндты бон у æппæт дунейы стæмдæр æвзæгты уавæр сбæлвырд кæнын, æрмæст 3 мин азы размæ куыд уыдис, афтæмæй. Уымæй размæ цы хуызæн уыдис, уымæн базонæн нал и.

Зæгъæм, уырыссаг æвзагæн йæ рагондæр уавæр бæрæггонд æрцыд нæ дуджы VI æнусы, гуырдзиагæн – VI æнусы, сомихагæн – V æнусы, мæхъхъæлонæн – сæдæ фæндзай азы размæ, кæсгонæн – иучысыл раздæр æмæ афтæ дарддæр.

Тынг рагон истори ма ис китайаг, цæгат-индиаг, грекъаг, семитаг æмæ ноджы цалдæр æвзагæн.

Ирон æвзагмæ æппæты хæстæгдæрыл нымад у согдиаг æвзаджы

байзæддаг – ягнобаг æвзаг. Фæлæ ягнобаг æвзагæн йæ дзырдуат тынг кадавар сси, цы дзырдтæ сæм ис, уыдонæн дæр сæ 90% ист æрцыдысты таджикаг æвзагæй. Бирæ ивддзинæдтæ æрцыди грамматикæйы дæр. Иу ныхасæй, ягнобтæ сæ рагон æвзаджы хицæндзинæдтæ тынг æвзæр бахъахъхъæдтой, æндæр ягнобты æвзаджы фыдæл – согдиаг æвзаг иронмæ у тынг хæстæг. Нoджы хæстæгдæр æм уыди рагон хорезмаг æвзаг, суанг æй бамбарæн дæр ма уыди. Фæлæ хъахъхъæд не 'рцыд, æмæ ныртæккæ Хорезмы адæм се 'ппæт дæр дзурынц тюркаг æвзагыл. Хорезмаг æвзагыл фыст документтæ дæр тынг цъус баззад, æмæ йын йæ дзырдуат бæлвырд нæ зонæм.

Тынг хæстæг нæм сты Памиры æвзæгтæ дæр: шугнайаг, ишкашимаг, ваханаг, язгулемаг, мунджайнаг. Ацы 'взæгтæ сæ лексикæ ягнобтæй бирæ хуыздæр бахъахъхъæдтой. Ирон адæймагæн йæ бон бамбарын у канд бирæ памираг дзырдтæ нæ, фæлæ ма цыбыр хъуыдыйæдтæ дæр. Зæгъæм, ишкашимаг æвзагыл «хъуг радуц» уыдзæн «гъог рыдоша», «махмæ дæс карчы уыд» – «мыхно дос кырчин выд». Ваханаг æвзагыл «æз ныр хорогмæ (горæтмæ) рацæудзынæн» уыдзæн «вуз нив хорыгыр рачывым», æмæ афтæ дарддæр.

Æнгæс дзырдты нымæц та хæццæ кæны сæдæгæйттæм.

Йæ грамматикæмæ гæсгæ нæм хæстæг у пуштунаг æвзаг дæр. Зæгъæм, ирон æвзаджы мивдисæджы разæфтуантæм тынг æввахс сты пуштунаг разæфтуантæ. Не 'взаг ирайнаг æвзæгтæм кæй хауы, уый бамбарынæн стыр дæсны уæвын нæ хъæуы, хуымæтæг ахуыргонд адæймаг дæр æй æнцонæй раиртасдзæни.

Ирон адæмæн се 'взаг хъуамæ нымад уа уæлдай стыр хæзнайыл, уымæн æмæ, Абайты Васcойы ныхасмæ гæсгæ, не 'взаг у нæ истори дæр. Хъыгагæн, ирон адæммæ раджы заманы хъæздыг фыссынад нæ уыд. Æмæ нæ историйы бирæ цаутæ бæрæггонд не 'рцыдысты. Уымæ гæсгæ сæ нæ бон раиртасын у не 'взаджы руаджы. Ирон æвзагимæ баст у скифты, сæрмæтты æмæ аланты проблемæ дæр.

Ныртæккæ, сæ ном цалдæр сæдæ азы размæ историйы бæрæг дæр кæмæн нæ уыд, уыцы адæмтæй бирæтæ сæхицæн мысын байдыдтой хъæздыг истори. Æмæ мыхуыры дæр дзæвгар чингуытæ рауагътой. Айхъуысын кодтой скифтæ, сæрмæттæ æмæ алантæ, дам, ирæтты фыдæлтæ уыйас не сты, мах фыдæлтæ цас сты. Уыцы рæдыд айдагъ æвзаджы æххуысæй дæр хурмæ

рахæссæн ис. Скифты, уæлдайдæр та аланты æвзаг сусæг æмæ æнæзынд нæ уыд, баззадис ыл дзæвгар фыст документтæ. Æмæ уыцы æрмæджы нæдæр мæхъхъæлон, нæдæр цæцæйнаг, нæдæр кæсгон æвзæгтæй иу дзырд дæр нæй. Аланты æмæ скифты ‘взагмæ цыдæриддæр æрмæг хауы, уый арæзт у ирайнаг æвзагыл, йæ иунæг байзæддаг та у ирон æвзаг. Афтæ уайы æмæ, зæгъæм, мæхъхъæл сæ фыдæлтыл кæй нымайынц, уыцы алантæ уыдысты гоби, æвзаг сæм нæ уыди. Кæй зæгъын æй хъæуы, алантæн сæ кæцыдæр къордтæ бирæ адæмты генезисы стыр бынат ахсынц – уый историйы дæр бæрæггонд æрцыди. Фæлæ уый бар нæ дæтты уыцы адæмтæн аланты кæнæ скифты сæ фыдæлтæ рахонынæн.

Цы уавæры ис уæдæ абон та ирон æвзаг? Æргом куы зæгъæм, уæд – тынг зын уавæры. Йæ функцитæй сæ фылдæрæй цухгонд æрцыди. Ныртæккæ хъуыддагкæнынады ирон æвзагæй æппындæр пайдагонд нал цæуы. Нæ хицауадæй, нæ разамонджытæй искуы-иуæн йеддæмæ иронау йæ бон раныхас кæнын нæу. Ирыстонмæ æрбацæугæйæ, адæймаг æмбаргæ дæр нæ бакæндзæни, национ республикæ у æви Уæрæсейы исты уырыссаг облæст: **иронау фыстытæ канд горæты нæ, фæлæ хъæуты дæр стæм хатт йеддæмæ фенæн нал ис. Скъолаты ма архайынц цыдæртæ, фæлæ фылдæр рæтты зæрдиагæй нæ кæнынц уыцы куыст. Директортæн бар лæвæрд кæм æрцæуы, уым архайынц ирон æвзаг программæйæ бынтондæр сисын. Ома, дам, ирон æвзаджы сахæттæ дзæвгар кæй сты, уый аххосæй нæ иумæйаг паддзахадон фæлтæрæнты бæрæггæнæнтæ разындысты тынг лæмæгъ. Фæлæ уым ирон æвзаджы азым цы у? Уый аххос кæнын æй нæ хъæуы.** Ахуырадон куыст нывыл арæзт куы уа, уæд бæрæггæнæнтæ дæр бæрзонддæр уыдзысты. Адæймаг та цас фылдæр æвзæгтæ зона, уыйас йæ хъуыдыкæныны фæрæзтæ дæр парахатдæр уыдзысты. Номдзыд ахуыргæндтæ бирæ æвзæгтæ хуымæтæджы нæ ахуыр кодтой, уыййеддæмæ уыдон тæлмацгæнджытæ не ссардтаиккой сæхицæн?!

Ирон æвзаджы грамматикæйыл дзæвгар бакуыстой бирæ ахуыргæндтæ. Фæлæ ирон лексикæйыл æнæхъæнæй дæр чи аххæсса, ахæм дзырдуæттæ арæзт нæма æрцыди. Цы дзырдуæттæ ис, уыдоны арæх бирæ дзырдтæ ссарæн нæй. Дзырдуæттæ кæрæдзиимæ абаргæйæ иуцасдæр хуыздæр у дыгурон-уырыссаг дзырдуат, ссарæн дзы ис, арæх кæмæй нæ пайда кæнæм, ахæм

ирон лексикæ. Ирон æвзаджы райрæзтæн уыцы дзырдуаты лексикæйæ спайда кæнын æвзæр нæ уаид.

**Сыгъдæг иронау дзурын чи зоны, уыдоны нымæц къаддæрæй-къаддæр кæны. Горæты нæ, фæлæ ма хъæуты дæр ирон адæм ныхас кæнын райдыдтой хæццæ-мæццæ æвзагæй, ома цалдæр ныхасы иронау фæзæгъынц, цалдæр та – уырыссагау, æмæ дзы рауайы лексикон арвистон. Нæ афæлгæст куыд æвдисы, афтæмæй ныхасы ирон активон лексикæйы нымæц æрхаудта 400–500 дзырдмæ, иннæ ирон дзырдтæ кæд æмбæлынц, уæддæр дзы пайда нал кæнынц. Ивы ирон фонетикæ дæр, æмæ сæрмагонд ирон зæлтæ дзурынц æнгæс уырыссаг зæлты хуызæн.**

Иуцасдæр фæкарз сты ирон æвзаджы диалектты æмæ ныхасыздæхтыты æхсæн ахастдзинæдтæ.

Арæх фехъусæн ис ирон, дыгурон, кæнæ хуссары ныхасыздæхтыты ныхмæ хъуыдытæ. Пуштунаг æвзаджы уавæр дæр ирон æвзаджы æнгæс у, уым дæр ис цалдæр диалекты, уыдонæй дыууæ нымад сты литературоныл æмæ дзы кæмфæнды дæр пайда кæнынц. Уымæй уæлдай иннæ диалекттыл дæр ныхас кæныны бар ис – радиойы дæр, телеуынæны дæр. Æмæ уыцы хъуыддаджы ныхмæ ничи ницы дзуры. Цы диалект нал хъæуа, уый цард йæхæдæг фæиуварс кæндзæн, æмæ ууыл тыхæй архайын нæ хъæуы – алы диалектæн дæр æмæ ныхасыздæхтæн дæр ис йæхи аив фæзилæнтæ, уыдоны бындурыл рæзы æмæ йæ хъару фылдæр кæны иумæйаг литературон æвзагæн.

**Кæронбæттæны зæгъæн ис: ирайнаг æвзæгты æхсæн ирон йæ диссаджы хæдхуызæй ахсы тынг ахсджиаг бынат. Куыст дæр ыл бирæ æрцыди. О, ныронг хаудта ирайнаг æвзæгтæн сæ ахсджиагдæр æмæ рæзгæ къордмæ. Фæлæ ныртæккæ, сындæггай лæмæгъæй-лæмæгъдæр чи кæны, уыцы ирайнаг æвзæгты къорды æхсæн фидар бынат бацахста. Дарддæр афтæ куы уа, уæд бынтондæр æрхаудзæни дыккаг, ома сæфты къахыл цы ‘взæгтæ æрлæууыдисты, уыцы къордмæ. Цæмæй уый ма ‘рцæуа, уый тыххæй æппæт ирон адæм дæр, цы цæгаты, цы хуссары, хъуамæ фидар фæлæууой, æмæ Уæрæсейы æппæты рагондæр æвзаг йе сфæлдисæг адæмы историйы удæгас æвдисæны амæлын ма бауадзой. Уый фыццаджыдæр нæхицæй аразгæ у.**

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

# НЕ ‘ВЗАГ НÆ ФАРН У? ÆВИ НЕ ЗНАГ У НЕ ‘ВЗАГ?

*Нации, как и женщине, не прощается минута оплошности, когда первый встречный авантюрист может совершить над ней насилие.*

***Карл Маркс***

Цалдæр азы размæ, «Дæлимонбындартæ», зæгъгæ, цы уац ныффыстон, уым ракодтон Бельгийы цæрæг фламандæгты æмæ чехты кой. Уыдонæй алкæй æвзаг дæр кæддæр лæууыди сæфты къахыл, цъист æй кодтой, скъолатæм æй æввахс нæ уагътой. Фæлæ фæстагмæ уыцы адæмтæ «хъал кæнын, сæхи æмбарын байдыдтой, национ æнкъарæнтæ базмæлыдысты, æвзар уадзынмæ фесты, фарнылæгты, æппæт адæмы иузæрдион, сæруæлдай куысты фæрцы æвзаг цадæггай раудæгас, литературон нормæтæ сфидар сты, фæзындис ахуырадон, культурон æхсæнадтæ, литературон альманахтæ, фысджыты ног фæлтæртæ...»

Афтæ рауади сæ хъуыддаг баскътæн дæр. Уыдон цæрынц Испанийы. Се ‘взаг Европæйы æвзæгтæй иуы хуызæн дæр нæу. Йæ равзæрд дæр ын нæма сбæрæгчынди. Баскътæ йæ сæхæдæг хонынц эускера. Официалоныл нымад у æрмæст Наваррæйы баскаг провинциты, цæры дзы 500 мин адæймаджы бæрц. Фыссæг Францеск Вальверду куыд зæгъы, афтæмæй дыууæ мин азы размæ баскты æвзаг ахста, ныртæккæ йыл цы рæтты дзурынц, уымæй цыппар-фондз хатты уæрæхдæр бынæттæ. Фæлæ куыдфæстæмæ йæ арæнтæ къуындæгæй-къуындæгдæр кодтой. Уæлдай тæссагдæр уавæрты бахауди XVIII æнусы. Ныртæккæ Наваррæйы цæрджытæн æрмæст сæ 11 проценты дзурынц уыцы æвзагæй, Баскты Бæстæйы цæрджытæн та сæ 23 проценты. XX æнусы 60 азты бирæтæм афтæ касти, зæгъгæ, баскты æвзаг хæстæгдæр рæстæджы амæлдзæни. Фæлæ 1979 азы Баскты Бæстæ райста политикон автономи. Æмæ, адæмы ‘хсæн стыр пропагандистон куыст кæй цыдис, уый руаджы æвзаг æндидзыны фæндагыл æрлæууыди. Фæзынди, хицæн адæймæгты къухы чи уыд, ахæм скъолатæ, ахуыр дзы кодтой баскаг æвзагыл. Фæстагмæ уыцы скъолатæ сиу сты

паддзахадонтимæ. 1981–1982 азты баскаг скъоладзаутæн сæ 15 проценты ахуыр кодта баскагау. Иннæтæн кастилаг (испайнаг) æвзагыл уыдысты сæ программæтæ, фæлæ се скъолаты æнæмæнг ахуыр кæнинаг предметыл нымад уыди баскаг æвзаг. Ацы æвзагыл джиппы уагъд цæуы цалдæр журналы. Уымæй дарддæр баскты регионалон администрацийы фæндæй телеуынæны баскаг æвзагыл æрвылбон вæййы равдыстытæ цыппар сахаты дæргъы. 1981 азы ацы ‘взагыл рауагътой 224 чиныджы. Фæндæгтыл, горæтты æмæ хъæуты фæзынди мингай амонæнтæ – фыст сыл ис баскаг æмæ испайнаг æвзæгтыл. Фæлæ уый нырма, цы куыст бакæнын хъæуы, уымæн йæ хæрз чысыл хай у. Наваррæйы æмæ Баскты Бæстæйы паддзахадон кусæндæттæ фæцалх сты хъуыддæгтæ дыууæ ‘взагыл аразынмæ...

«Махæн ныртæккæ ис историон фæлварæн, – фыссы Ф. Вальверду. – Кæд уыцы фæлварæны нæхи, куыд æмбæлы, афтæ равдисæм, кæд йæ сæрты кадимæ ахизæм, уæд зæгъæн уыдзæни: уыцы хъуыддаджы нæ алчидæр рамбылдта, уымæн æмæ сæфынæй тас нал у миназыккон культурæтæн» («Курьер ЮНЕСКО», 1983 азы август).

**Кæдæй кæнæм æмæ цас кæнæм мах та не ‘взаджы койтæ, фæлæ койтæ койтæй баззайынц, æвзаг та, гипнозæй ахст хæфс калмы хъæлæсмæ уасгæ куыд быра, афтæ йæ сæфты фæндагыл бафтыд, æмæ йæ раздахынæн ницы аразæм.** Иронау æдæрсгæ дзурын чи нæ фæразы æмæ æвзаг базонын йæ фæсонæрхæджы дæр кæмæн нæй, уыдон дæр телеуынæны кæнæ газетты фæрстыл нæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныны койтæй уырыссагау сæ мондæгтæ уадзынц. Уыцы койтæ фылдæр хатт вæййынц хи равдисыны охыл. **Уæвгæ та фæдис хъæр кæнын хъæуы, уымæн æмæ Уæрæсейы æппæты рагондæр æвзаг бахъахъхъæныныл цæуы ныхас.** Фæлæ нæ хицæуттæм дæр æмæ адæмæн сæхимæ дæр хъæр нал хъуысы. Æмæ та мæ зæрдыл æрлæууыдысты «нæрæмон Виссарионы» (Белинскийы) ныхæстæ: «Есть истины, которые даже пошлы, потому именно, что слишком очевидны, как например, то, что летом тепло, а зимой холодно, что под дождем можно вымочиться, а перед огнем высушиться. А между тем у нас иногда необходимо защищать подобные истины всей силой логики и диалектики...»

**Не ‘взаг нæ цæстыты раз йæ уд исы æмæ йын æвæстиатæй баххуыс кæнын кæй хъæуы, уый дæр ахæм истинæ у, фæлæ цыма махæн нæ удтæ нæ мидæг амардысты, уыйау нæм**

**æппындæр ницыуал хъары. Æмæ фæрсын: кæд нæхæдæг нæхи нæ хъæуæм, уæд исчи мах мæтæй мæлы?** Раст зæгъын хъæуы, нæ сыхæгтыл-иу уынгæджы бон куы ныккодта, уæд-иу нæ бацагуырдтой. Æмæ-иу нæ фыдæлтæ дæр, айтæ-уыйтæ нал, фæлæ алæгæрстой лæгæвзæрстæй. Афтæ кæй уыд, уымæн хорз æвдисæн Секъайы ныхæстæ дæр: «…хъæбатыр æмæ хæстмондаг ирон адæм се ʻмдин Гуырдзыстоны сæрыл нæ ауæрстой сæ туджы цъыртт Турк æмæ Персимæ хæсты рæстæджы, кæддæриддæр сæ топпы дзых, сæ карды ком худинагæй нæ раздæхтой, фæлæ сын, æвæццæгæн, сæ куыстæн аргъгæнæг нæ уыд». Ирыстон Уæрæсеимæ куы баиу, уæд нæ адæм алы хæстыты цы гæнæг уыдысты, уый та хъуамæ диссагæн хæссиккой. Зæххы къорийы æхсæзæм хай чи ахста, уыцы Советон Цæдисы адæмтæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг ирæттæй хъæбатырдæрæй йæхи ничи равдыста. Армыдзаг Ирыстонæй уыцы хæстмæ ацыди 120 мин адæймагмæ æввахс, æмæ се ʻмбис уым баззади. Хъуамæ уыдæттæ хынцид абоны Уæрæсейы хицауад æмæ йе ʻргом тынгдæр здахид нæ адæмы уавæрмæ, фæлæ кæм!

Адæймаг йæхæдæг йæхицæн аргъ куы нæ кæна, уæд æй иннæтæ æппындæр ницæуыл нымайынц æмæ фæстагмæ джидзæггаг свæййы, хъазæнхъул дзы рауайы. Уый канд хицæн адæймæгтæм нæ хауы, фæлæ æнæхъæн адæмтæм дæр: ацы стыр æмæ змæст дунейы хи бахъахъхъæныныл удуæлдай тох хъæуы, æмæ уый кæй нæ фæнды, уыцы адæм иннæтæн свæййынц цагъартæ æмæ амæддæгтæ. Цагъарты та никуы ничи уарзта.

**Ирæттæ сæр сæрмæ кæй нæ хæссынц, уый тыххæй иу æмæ дыууæ хатты нæ фыстой нæ фарнылæгтæ. Фæлæ сæм хъусæг никуы фæци. Къоста дæр фæдисы хъæр уымæн кодта: «Гъе-мардзæ, исчи!», «Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ!» Фылдæр хатт-иу нæ адæмы цауддæртæ нæ адæмы хуыздæрты сафынмæ бавнæлдтой. Æмæ Къоста бирæгъæй цæйау загъта, «диссаг æвналынмæ, – цас ын æнтысти!», афтæ-иу рауади хабар. Фæлæ ХХ æнусы нæ фыдæлтæ кæй бавзæрстой, – фыццаджы-фыццаг сæхи аххосæй! – ахæм бæллæхтæ никæмæн зæгъы мæ зæрдæ. Адæймаджы æппæты æлгъагдæр миниуджытæ – хæлæг, æдзæст-уарзондзинад, цъыф калын, нымудзын – сæ куыст бакодтой, æмæ уыдон азарæй нæ хæрзæджытæ мæрдтæм бацыдысты, царды хицæуттæ та систы хæлæгæй гуырдтæ, цъыфкалджытæ, дзырд-хæсджытæ. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæ фæзынгæ нæ фæци**

**фæстæдæры фæлтæрты цардыл. Фарн иу фæлтæрæй иннæмæ куы нæ хиза, уæд мыггаг заууаты уавæрмæ цæуы, абон мах мыггаг куыд цæуы заууаты уавæрмæ, афтæ.** Баскты кой дæр уый тыххæй ракодтам. Уыдонæн сæ нымæц махæй бирæ фылдæр нæу, алы рæтты цæрынц (Испанийы, Францы), æнусты дæргъы сæ цъист кодтой, уæлдайдæр фашистон диктатор Франкойы дуджы, фæлæ сæм уæддæр уыйбæрц зонд æмæ тых разынд, æмæ карзæй сдзырдтой се 'взаг бахъахъхъæныны сæрвæлтау. Цы мадзæлттæй архайынц, уыдон ир æмæ дыгурæн бафæзминаг бæргæ сты, фæлæ... Суанг фæндæгтыл, уынгтыл, хæдзæрттыл дæр фæзынд амонæнтæ баскаг æвзагыл. Махмæ нæхи 'взагыл ахæм амонæнтæ цæмæй уа, уый тыххæй æппынæдзух дзурæм, фæлæ нæ хицæуттæ раздæр æмæ ныр дæр уыдæттæ лыстæг хъуыддæгтыл нымадтой æмæ нымайынц. Адæм цæмæй сæхи æрæмбарой, се 'взагыл ныфсхастæй дзурын байдайой, фыдæлты фарн фæстæмæ раздахой, ууыл республикæйы куыст нæ цæуы. Ир æмæ дыгурæн сæ 80 проценты бæрц Дзæуджыхъæуы цæры, фæлæ ма уæ цæст ахæссут нæ сæйраг сахарыл: цы йе 'ддаг бакаст, цы йæ мидæггаг – æцæгæлон. Иронæй-дыгуронæй дзы цы ис? Хæрз гæзæмæ цыдæртæ. Уыдон дæр нæ цæстыты раз къаддæрæй-къаддæр кæнынц. Мæнæ та нæм ног отель дæр фæзынди нæ сахары сæйраг уынджы: раздæры «Универмаг» гранд-отель «Александровский»-йæ агæпп ласта. Нæхи ирон-дыгурон нæмттæй Хуыцау бахизæд – националист нæ куы схона исчи! Уагæр ма уыцы фыдбылызы Александр II Цæгат Кавказы адæмтæн æвирхъау бæллæхтæ куы не 'рхастаид, сæдæгай минтæй сæ куы нæ цагътаид, сæ хал, сæ бæндæн сын куы нæ фæхауын кодтаид æмæ милуантæй æцæгæлон бæстæтæм (Туркмæ, Сиримæ, Иорданимæ æмæ æндæр рæттæм) куы нæ аивылдаиккой! Мæнæ куыд зæгъынц уый тыххæй историктæ: «Солдаты Александра II, которого сейчас прославляют как величайшего реформатора царской империи, но который для кавказских племен был величайшим убийцей из всех российских царей... Это был первый современный геноцид на европейской почве... Погибли до 300 000 черкесов (черкестæ хуыдтой æппæт Цæгат Кавказы адæмты дæр. – *Ред.*), которых Россия после их окончательного поражения в 1864 году начала изгонять с родной земли. Они гибли от голода и насилия, тонули, умирали от болезней...» Фæлæ, æвæццæгæн, мах, Николай Некрасов кæй

кой кæны, ахæм адæмыхатт систæм: «Чем тяжелей наказание, тем им милей господа». Афтæ цæрынæй-хæрынмæ искæй роны бырд ыстæм. Цагъары гакк ныл ысчынд æмæ дзы куы нал фервæзæм, уымæй тынг тæрсын.

Нæ бон нæу миграцион фарстатæ баныввыл кæнын дæр. Уыцы хъуыддаджы дæр нæм нæй æцæг паддзахадон политикæ. Æдзух æппæлæм, нæ республикæйы утæппæт адæмыхæттытæ кæй цæры æмæ сæ буц кæй дарæм, уымæй. Гъемæ нæм алырдыгæй ноджы тынгдæр ивылынц. Фылдæр хатт – йæ фыдыбæстæ кæй нæ хъæуы, стæй йæ фыдыбæстæйы чи нæ хъæуы, ахæмтæ: базаргæнджытæ, сæудæджертæ, фæлитойтæ. Уымæн хорз æвдисæн – Дзæуджыхъæуы сæйраг базар. Йæ алыварс байдзаг сты, адæмы сайыны куыст йеддæмæ чи ницы зоны, ахæм «адæмыхæттытæ». Уыдон Ирыстонмæ фарны къах æрбавæрынц æви фарн гаффутгæнджытæ сты? Дарддæр афтæ куы ахæсса, куы ницы мадзæлттæ саразæм, уæд ныл æддагон мыст æмæ мидæггаг мысты æмбисонд æрцæудзæн, ир æмæ дыгур сæхи бæстæйы нацменьшинствотæ суыдзысты. Æмæ алы хатт мæ зæрдыл æрлæууынц Арбиаты Хатæхцыхъойы рæнхъытæ:

*Фыдгулты не ‘хсæнмæ æруадзæм,*
*Æмæ нын фехалынц нæ цард.*

Æз иу адæмы ныхмæ дæр никуы уыдтæн, стæй мæ удхæссæг сты, æндæр нациты чи фауы, уыдон, фæлæ мæ ныхасы сæр у, бæрц кæй нæ зонæм, Ирыстоны зæхх резинæ кæй нæу, аивазæн ын кæй нæй, уый. Нæхи фаг дæр куы нæ у, уæд ын нæ зæрды цы ис? Официалон нымадæй Цæгат Ирыстоны цæры 100 адæмыхатты бæрц. Æрмæст Мæздæджы районы та ис 70 адæмыхаттæй фылдæр. Нациты нымæцмæ гæсгæ нæ республикæ Уæрæсейы Федерацийы ахсы фыццаг бынат. Æвæццæгæн, стыр Уæрæсейы махæй зондджындæр, кæрдзындæттондæр, уазæгуарзондæр адæм нæй! Фæлæ ма мын исчи дзуапп раттæд: ацы факттæй сæрбæрзонд уон æви сæрныллæг? Нæхæдæг æй не ‘мбарæм, стæй нæ бамбарын дæр нæ фæнды, фæлæ нын æй номдзыд уырыссаг фыссæг Васили Белов нæ хъусы иу 40 азы размæ бацагъта: «...все это пестрое население, кочующее через Моздок (кæс æй: Ирыстон. – *Хъ. Æ.*) и живущее в нем оседло, по-видимому, отнюдь не содействовало возрождению и сохранению национальных осетинских традиций».

Махæй 6–7 хатты къаддæр чи у нымæцæй, уыцы абхазты уæд та куы бафæзмиккам: сæ республикæйы æппæт сахарты, хъæуты, æхсæнадон хæдзæрттæм бацæуæнты дæр амонæнтæ фыст сты абхазагау æмæ уырыссагау, парламенты æмæ хицауады æмбырдты дæр ныхас кæнынц дыууæ ‘взагыл.

Абайты Вассо, стæй нæ фысджытæ къордтæй æмæ хицæнтæй бирæ хæттыты фыстой, дзырдтой, ирон скъола ногæй йæ къахыл слæууын кæныны тыххæй. Мæнæ Вассойы ныхæстæ: **«Без национальной школы, хорошо поставленной на научную основу, нам нельзя существовать. Мне удалось убедить в этом Владикавказское руководство, и они мне обещали всячески помогать».**

Нæ хицæуттæй нæ бон базыдтам (иуæй-иутæ дзы комкоммæ ирон æвзаджы ныхмæ дзырдтой), паддзахадон ирон скъолатæ нæм, æвæццæгæн, нал фæзындзæни, фæлæ – гъе-мардзæ, исчи! – нæ бонджынтæй иу уæддæр куы басгуыхид патриот æмæ, баскты фæзмгæйæ, йæхи хардзæй куы саразид ирон скъола, фыццаг уал райдайæн ахуыргæнæндон…

Фæлæ уыдон сæнттæ сты, фэнтезитæ… Дзырддзæугæ испайнаг философ Хосе Ортега-и-Гассеты загъдау, æцæгæй сæфгæ кæй кæны, уый чи нæ хаты, ахæм адæймаг æнæмæнг бабын уыдзæн, йæхи никуы æрæмбардзæн, йе ‘цæг цæсгом никæд ссардзæн. Афтæ у нациты хабар дæр… Æз иу лæгæй мæ зæрдæ ницæуылуал дарын. **Ацы рæнхъытæ фыссын, мæ зæрдæйы тугтæ кæлынц, афтæмæй…**

Байроны загъдау, «душа моя мрачна…»

*P. S.* Мæ уац ныффыссыны фæстæ райстон цалдæр чиныджы, цагъарты, козбауæмхиц, коммæгæс, уисæнгæнаг адæймæгты тыххæй дзы цы фыссынц, уый базоныны охыл. Æмæ дзы ссардтон ахæм ныхæстæ:

**1. Раб тот, кто не умеет владеть собой** *(Эпиктет).*

**2. Раб, довольный своим положением, вдвойне раб, потому что не одно его тело в рабстве, но и душа его** *(Эдмунд Берк).*

**3. Самое большое рабство – не обладая свободой, считать себя свободным** *(Иоганн Гете).*

**4. Раб, не сознающий своего рабства и прозябающий в молчаливой, бессознательной и бессловесной рабской жизни, есть просто раб. Раб, у которого слюнки текут, когда он самодовольно описывает прелести рабской жизни и восторгается добрым и хорошим господином, есть холоп, хам** ***(Владимир Ленин).***

*2012.20.09*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*75 азы рацыди, советон цардарæзты тæккæ æвирхъаудæр бæллæхтæ сæ тæмæны куы уыдысты, уыцы дугæй. Кæд нын цыфæнды масты хос у, уæддæр ын æнæ æрымысгæ дæр нæй. Бамбарын афон нын бæргæ у: абоны æвæтк, æдзæлгъæд, хъæддаг уавæрты цард дæр уыцы заманайаг заманты фæстиуæг у!*

*Лæджы æрдзон зонд галиутæгæнæг идеологийы ардыдæй нæ хæрзæджыты æнауæрдонæй сухты цагъд фæкодтам – цоцкотæ, дзахотæ, георгитæ, æрнигонты, æмæ егъау бæстæ алы фæлхæрттæ æмæ фæлхæртты бындарты æвджид баззад.*

*Цалынмæ нæм, цæхджын сайд ныл кæй æрцыд, уый бахъæра, уæдмæ нæ талынг, нæ хихор зондæй хуыздæр фидæнмæ фæндаг не ссардзыстæм. Къостайы загъдау, куырмæй хилдзыстæм æбæрæг кæдæмдæр.*

*Фæлæ кæд уæддæр нæ хæрам зонд срæсуг кæнынæн исты ахъаз фæуиккой, зæгъгæ, уый охыл джиппы уадзæм, уæдыккон газеттæ æмæ журналтæ нæ хуыздæртыл цы хахуыртæ фыстой, уыдон. Авторты фыстыгъæд, орфографи æмæ пунктуацимæ æвнæлд не 'рцыд.*

## АДÆМЫ ЗНÆГТÆ ХÆЛДТОЙ АХУЫРАДОН-ИРТАСÆГ ИНСТИТУТЫ КУЫСТ

Цæгат Ирыстонæй АСС Республикæ арæзт кæй æрцыдис, уымæ гæсгæ ахуырадон-иртасæг институты размæ лæууын байдыдта бирæ стырдæр домæнтæ.

Республикæйы хъæуы ахуырадон кадртæ социалистон арæзтады æппæт къабæзтæн дæр. Уыцы кадртæ цæттæ кæныны ахсджиаг хай хауы Цæгат Ирыстоны ахуырадон-иртасæг институтмæ дæр. Гъе, уымæ гæсгæ нæ республикæйы организацитæ хъуамæ сергом уæлдай тынгдæр радтаиккой ахуырадон-иртасæг институтæн æххуыс кæнынмæ, дæсны ахуырадон кусджытæ цæттæ кæнынхъом куыд уа, афтæ.

Институт кусын куы байдыдта, уæдæй нырмæ нæма радта иунæг дæсны специалист дæр дисертаци чи радта, ахæм, кæд аспирантурæйы 60 адæймаджы бæрц ахуыр кодта, уæддæр.

Цæмæн афтæ у хъуыдтаг? Уымæн æмæ институт неххæст кæны йæ размæ цы стыр хæстæ æвæрд ис ахуырадон кадртæ цæдтæ кæныны хъуыдтаджы, уыдон. Уымæн та йæ сæйрагдæр аххос уый у, æмæ бирæ рæстæджы институты сæргъы лæууыдысты, ныртæгкæ æргомгонд чи æрцыдис, уыцы буржуазон националисттæ, дыдзæсгæмдтæ. Уыцы хъуыдтагмæ иу цасдæр рæстæг сæ цæст нæ дардтой ÆК(б)П-йы обком æмæ горком, стæй ахуырады хайад. Æмæ йын æнæ афтæ уæвгæ дæр нæ уыдис, уымæн æмæ ÆК(б)П-йы обкомы сæргъы лæууыдысты буржуазон националисттæ æмæ æрæджы æргомгонд чи æрцыдис, уыцы дыдзæском Маурер.

Сæрмагондæй зæгъын хъæуы, ÆК(б)П-йы обкомы секретар чи уыдис, уый, – Маурер ахуырадон-иртасæг институты куыстæн «разамынд» куыд лæвæрдта, уый тыххæй. Уый сæрæй бынмæ хæцыдис, институты куыст бынтон æдзæллагмæ чи æртардта, йæ æнагкаг митæ институты чи кодта, уыцы Барахъты Еленæйы фарс.

ÆК(б)П-йы ЦК-йы феврал-мартъийы Пленумы æмбал Сталин цы историон доклад скодта, уый институты мидæг куыстгонд куы цыдис, уæд дзы рапарахат ис карз критикæ æмæ хикритикæ æмæ æргомгонд æрцыдысты институты куысты стыр хъæнтæ. Партион организаци йæ уынаффæты ныффыста, Барахъты Еленæ раст фæндагыл кæй нæ лæууыдис æрыгон ахуырадон кадртæ цæдтæ кæныны хъуыдтаджы, уый. Барахъты Еленæ институтæй сырдта, аспирантурæ фæуды фæстæ институтæн йæхи мидæг куысты чи баззадис, уыцы æрыгон специалистты. Уый институтæй сæ куыстæй систа Хадайы-фырты, Хъулы-фырты æмæ Бигъулайы-фырты, ома, «нæ арæхсынц», зæгъгæ. Бигъулайы-фырт æбпæрст куы æрцыдис институтæй, уæд уый фæстæ та Барахъты Еленæ йемæ сарæзта бадзырд ахуырадон куыст цæмæй ныффысса, уый тыххæй. ÆК(б)П-йы уæнг Хадайы-фырт институтæй æбпæрст куы æрцыдис, уæд уый фæстæ та æрбахуыдта аспирантурæ каст чи нæ фæцис, стæй кулак бинонтæй равзæргæ чи у, ахæмы – Карсаны-фырты. Дарддæр уый дыгкаг курсæй абпæрста 2 аспиранты, фаг цæдтæ несты, зæгъгæ.

УСФСР-йы Наркомпрос аивта институты дирекцийы уынаффæ аспирантты ацух кæныны тыххæй.

Рауагъдады куысты пъланæй институт æбпындæр ницы сæххæст кодта, уый ахуырадон кусджытæй хъуаг кæй у, уый тыххæй мыййаг нæу, стæй йæ ома ахуырадон продукци нæ хъæуы, зæгъгæ, уый тыххæй дæр нæу, фæлæ уымæн æмæ партион организаци, стæй институты ахуырады хайад куырм æууæнд кодтой институты директорыл æмæ нæ бæрæг кодтой, институты ахуырады пълан куыд æххæстгонд цæуы, уый, къæрцхъусджын нæ уыдисты æмæ нæ уыдтой, уый йæ сæйрагдæр хæсæн, йæ лæг, буржуазон националисты сæрыл хæцын кæй æрæвæрдта, уый.

Партион организаци раргом кодта дыдзæсгом Барахъты Еленæйы цæсгом. Уый æбпæрст æрцыдис ÆК(б)П-йы рæнхъытæй æмæ фарста æвæрд æрцыдис партийы горкомы размæ, куыстæй йæ сисыны тыххæй. Фæлæ горком уыцы хъуыдтаг ныддæргъвæтин кодта æмæ Барахъты Еленæйы партийæ абпарыны тыххæй уынаффæ сфидар кодта æрмæстдæр 17 боны фæстæ æмæ та уæддæр иу ныхас дæр нескодта горком, уый йæ куыстæй сисыны тыххæй.

Институты ахуырадон кусджытæ æмæ аспиранттæ фарста æвæрдтой партион организацийы размæ: «Барахъты Еленæ ныры онг цæмæн ис институты сæргъы», æмæ домдтой, цæмæй уыцы куыстæй æвæстиатæй ист æрцыдаид. Фæлæ кæм! Барахъты Еленæ йæ фæдфæливæн митæ кæнын байдыдта – ÆК(б)П-йы рæнхъытæй æбпæрст куыддæр æрцыдис, афтæ сæрмагонд писмо ныффыста партийы обкомы уæды секретар Маурермæ æмæ йын уый йæ фæдфæливæн митæн æххуыс кодта, йæ хъуыдтаг ын барæй фæстæмæ-фæстæмæ хаста.

Барахъты Еленæ дыдзæском Маурермæ цы дыууæ писмойы ныффыста, уыдон бæлвырд амонынц Еленæйы цæсгом, куыд подхалим, æбпæлой æмæ дыдзæсгом. 1937 азы 2-æм февралы уый фыста Маурермæ:

«Генри Владиславы-фырт!

...Æнæхæдзардзин хъуыдтæгтæ æмæ æдзæллагдзинæдтæ ис музейы... мæ партион хæсыл нымайын дæуæн уыдоны тыххæй фехъусын кæнын...»

Диссаг у, музейы хъуагдзинæдты тыххæй Барахъты Еленæ музейæн йæхи партион организациимæ кæнæ музейы директоримæ кæй никуы дзырдта, уый. Уый дзырдта, зæгъгæ, æз «мæ партион хæсыл нымайын музейы хъуагдзинæдты тыххæй дзурын»,

фæлæ йæ партион хæсыл нæ нымадта партион организацийæн йæ лæг Барахъты Гинойы контрреволюцион куыст æмæ буржуазон националистон элементтимæ йæ бастдзинæдтæ сæргом кæнын, баххуыс кæнын, институты куысты хъуагдзинæдтæ сæргом кæнынæн æмæ сæ сраст кæнын.

Барахъты Еленæ Мауреры номыл цы дыккаг писмо ныффыста, уый дзаг у гæды æмæ æбпæлой ныхæстæй.

Уый фыссы: «æз сцалцæг кодтон институты агъуысттæ, аспирантурæмæ райстон ахуыргæнинæгтæ, сарæзтон ахуыргæнæн пълантæ æмæ программæтæ.

Æз мæхæдæг фæкуыстон библиотекæйы, æгъдауыл сæвæрдтон скълад» æмæ æндæртæ. Æмæ йæ писмойы кæроны Маурерæй куры: «мæн тынг фæнды, цæмæй нæм ды искуы æрбакæсай». Дарддæр Еленæ йæ писмойы фыста: «Зонын Генрих Владиславы фырт, бирæ куыстытæ дын кæй ис æмæ дæ мæ даргъ писмотæ кæсынмæ кæй невдæлы, уый. Хадтæй-хадт мæ демæ фембæлын фæфæнды, кæнæ та дæм ныффыссын фæхъæуы, ахуырадон-иртасæг институты куыстимæ дæ цæмæй зонгæ кæнон, уый тыххæй». Гъе, ахæм сайæн методтæй Барахъты Еленæ архайдта Мауреры æххуысæй хъуыдтаг афтæ равдисыныл, цыма институты хъуыддæгтæ хорз сты, уыйау, стæй архайдта облæсты организациты иуæй-иу кусджыты цæсты йæхицæн кад скæныныл.

Дыдзæском Маурер æнæмæнг зыдта институты хъуыдтагтæ æвзæр кæй сты æмæ Барахъты Еленæйы писмойы æцæгдзинадæй кæй ницы ис, уый, фæлæ уæддæр ницы дзырдта, уымæн æмæ йæхи дæр ахæм подхалимтæ æмæ æбпæлойтæ хъуыдис. Маурер архайдта, цæмæй Барахъты Еленæ баззадаид институты сæргъыл.

Уыцы хъуыдтæгты фæдыл Мауреримæ ныхас кодта, институты парторг, фæлæ дзы ницы рауадис. Ацы аз 9-æм июны институты парторг Маурермæ куы бацыдис, институты хъуыдтæгты фæдыл, уæд ыл хъæртæ кодта, тæрсын æй кодта: «фендзыстæм æнæ Барахъты Еленæйæ куыд кусдзыстут, уый. Æз уын кастдæн уæ фыст кæронмæ æмæ сæрмагондæй уый тыххæй сымахимæ аныхас кæндзынæн».

Дыдзæсгом Маурер Барахъты Еленæйы тыххæй йæ фæндон загъта партийы обкомы кусæг Абайты А.-æн æмæ уый дæр парторгыл фæхъæртæ кодта, аххосджын æй кодта, дæ писмойæ Мауреры бафхæрдтай, зæгъгæ.

Ныртæгкæ бæлвырд у, Маурер цæмæн афтæ урæдта Барахъты Еленæйы хъуыдтаг, уыцы ран дæр йæхицæн хъузæдтæ кæй арæзта, уый.

Барахъты Еленæ институты директоры куыстæй ист æрцыдис, фæлæ уый институты куыст фæхуыздæр кæнынæн æгъгъæд нæу. ÆК(б)П-йы обкомы скъолаты хайад хъуамæ мадзæлдтæ сараза ахуырадон-иртасæг институты куыст куыд æмбæлы, афтæ сæвæрынæн. Хъуамæ уыцы ран институты сæргъы æвæрд æрцæуа дæсны æмæ куыстхъом разамонæг, стæй институты куысты æвæрд æрцæуой хорз специалисттæ, йæ куыст ын размæ ракæнынхъом чи уа, ахæмтæ.

***Цæллагты Муссæ***
*«Рæстдзинад», 1937.09.08*

# КОЦОЙТЫ АРСЕНЫ СФÆЛДЫСТАДЫ ТЫХХÆЙ

*(Скъуыддзаг)*

Стыр Октябры социалистон революцийы агъоммæ бирæ уыдис фæллойгæнæг адæмы царды мидæг талынг, аппаринаг æгъдæуттæ. Уыцы æгъдæуттæ царды уыдысты фидар, уымæн æмæ адæмæн нæ уыдис рухсмæ фæндаг, тугцъирты хицауад сæ дардта талынджы.

Уыцы талынг æгъдæуттæ уыдысты пайда тугцъиртæн, сты ныр, социализмы дуджы, адæмы знæгтæн пайда. Арсен йе ‘сфæлдыстадæй тох кæны уыцы аппаринаг, фесафинаг æгъдæуттты ныхмæ.

Уыцы талынг æгъдæуттæн сæ бындур уыдис стыр Октябры социалистон революцийы агъоммæйы цард, уæды æхсæнад. Уыцы бындур фесæфтис нæ бæстæйы мидæг, Ленин-Сталины хъæбатыр парти мах æркодта социалистон æхсæнадмæ. Мах хъуамæ тох кæнæм уыцы рагон æлгъыст цардæй ма нæм цы талынг æгъдæутты баззайæггæгтæ ис, уыдон ныхмæ. Арсены радзырдтæ нын æвдисынц, куыд фидар уыдысты уыцы æгъдæуттæ, сидынц нæм размæ тох кæнынмæ нæ абоны царды знæгты ныхмæ.

Радзырд «Мырзæджы карьерæ» Арсен ныффыста 1922 азы, фæлæ цыма абон фыст уыд, афтæ ногæй лæууы. Иттæг хорз æвдыст у Мырзæджы карьерæ, æппындæр дзы æрымысгæйæ ницы ис: Сайдæй бацыдис Мырзæг партийы рæнхъытæм. Уый партийы пайдайæн нæ куыста, фæлæ партийы хаххы ныхмæ, советон хицауады ныхмæ йæхи пайдайæн. Арсены радзырдтæ æххуыс кæнынц рагон цард базонынæн, уæлдайдæр та фæсивæдæн, уыцы царды йæхи цæстæй чи нæ федта, уыдонæн.

Дыууæ ныхасы Арсены дæсныйады тыххæй: куыд загътам, афтæмæй Арсен у новеллист, новеллæмæ цы домæнтæ ис, уыдон æххæст кæны Арсен. Цыбыр сюжет, кæцы ран æвдыст вæййы сæйраг хъуыды, фыссæг æвдисынмæ кæй хъавы, уый. Ахæм цыбыр сюжеты мидæг йæ бон у фыссæгæн хорз равдисын образтæ.

Хорз конд сты адæймаджы æмæ æрдзы образтæ Арсены радзырдты мидæг.

Йæ æвзаг у ирон адæмон æвзаг, хуымæтæг æнцон æмбарын æвзаг, цыбыр хъуыдыйæдтæ, ницы дзы раппардзынæ, нæй дзы æнæхъуаджы даргъ бынæттæ. Ис дзы адæмон цыргъ ныхæстæ, æмбисæндтæ.

Дарддæр, реализмы тыххæй.

Арсен исы йæ новеллæты сюжет цардæй. Æцæг, реализмæй иуварс кæм ахизы, уым йæ радзырдтæ вæййынц лæмæгъ, стыр рæдыдтытæ сæ вæййы. Уый тыххæй зæгъдзыстæм дарддæр.

* * *

Фæлæ раст нæ уаид, Арсенæн йæ рæдыдтыты тыххæй куы нæ зæгъиккам, уæд.

1904 азы фыст радзырд «Цы уыдзæн, цы?» Нæ бæззы, нæ йæ хъуыд радзырдты æмбырдгондмæ хæссын. 1917 азы ныффыст радзырдтæ «Хус къæбæртæ» æмæ «Куыд мын алыгъдис». Ацы радзырдтæ дæр нæ бæззынц, уымæн æмæ зыгъуыммæ æвдисынц æцæгдзинады. 1917 азы рæстæгмæ хицауад нæ радта фæллойгæнæг адæмæн нæ дæр зæхх, нæ дæр хор, нæ дæр фидыддзинад, нæ дæр бартæ. Уымæн æмæ нæ уыд йæ бон адæмæн уыдон радтын, уымæн æмæ уый уыдис бонджынты хицауад, нæ уыдис фæллойгæнæг адæмы хицауад.

Фæллойгæнæг дзыллæтæ большевикты разамындæй тох кодтой рæстæгмæ хицауады ныхмæ, раппæрстой йæ, æрывæрдтой

советты хицауад æмæ асыгъдæг кодтой урс бандæтæй æмæ интервенттæй нæ бæстæйы.

Алы зындзинæдтæ дæр бавзæрстой фæллойгæнæг адæм уыцы тохы мидæг, уазал, æххормагдзинад, ницы фæтасын кодта кусæг класс æмæ мæгуыр зæхкусджыты хъæбатыр цонг. Арсен та афтæ нæ æвдисы уыцы æцæгдзинад: Уый зæгъы, адæм æрдæгмæрдтыты хуызæнæй уынгты хæудтытæй лæууыдысты («Хус къæбæртæ»). Бынтон æвзæр та у радзырд «Куыд мын алыгъдис»: «Мæскуымæ хæринаг нал æфты, – зæгъы фыссæг, – контрреволюцийы æфсæдтæ æрцахстой хорджын Украинæ». Уый æцæг афтæ уыд, фæлæ кусджытæ, мæгуыр зæхкусджытимæ цæдисы уæвгæйæ куыд тох кодтой «контрреволюцион æфсæдтимæ», цæмæй центртæм хæринаг æрвыст æрцæуа, цæмæй нæ бæстæ асыгъдæг уа «контрреволюцион æфсæдтæй», уый та кæм æвдыст у радзырды мидæг? Нæу æвдыст. Афтæ æвдисы фыссæг, цыма куыйтæ ахстой æмæ сæ хордтой, æндæр хъуыды сæ сæры магъзы нæ уыдис. Æмæ радзырды кæрон та афтæ у: куыдз куы æрцахста лæг æмæ йын куы алыгъдис, уæд нырдиаг кодта æмæ загъта: «Дыккаг хатт ма ахæм фадат кæм æрцæудзæн, Мæскуыйы куыдз куы нæ уал баззадис!»

Арсен 1920 азы ныффыста радзырд «Æхцайы чырын». Бынтон зыгъуыммæ æвдисы ацы фыст æцæгдзинад. Стыр зиан хæссы ацы радзырд, цъыфкалæн кæны фæллойгæнджытыл. Æмæ куыд нæ: куыд æппæт нæ бæстæйы фæллойгæнæг дзыллæтæ, афтæ Цæгат Ирыстоны фæллойгæнæг адæм дæр кодтой хъæбатыр тох коммунистон партийы разамындæй сæ тугцъирты ныхмæ, уыдон, æфсымæрон стыр уырыссаг адæмы æххуысæй, ныддæрæн кодтой урс бандæты æмæ ссæрибар сты. Кавказы æфсымæрон адæмтæ суанг сывæллоны онг зонынц уарзон Орджоникидзейы æмæ Кировы, фæллойгæнджыты разæй чи уыд, уыцы хъæбатыр тохы мидæг æмæ сæ уæлахизмæ чи æркодта, уыдоны.

Арсен та уыцы рæстдзинады сæрты ахызти æмæ афтæ æвдисы, цыма фæллойгæнджытæ цыдысты давынмæ Дзæуджыхъæумæ:

«Æрæджы, коммуністтæ куы фæлыгъдысты, æмæ кадеттæ куы нæма схæццæ сты, уæддæр Уæсмæны ницы хай фæци æмæ уæдæй фæстæмæ бирæ маст уыди йæ зæрдæйы. Ныр хъуамæ баххæст кæна уæды хъуаг дæр.

Акæс ма, дæлæ сæгъбоцъо Хъасболатмæ! Йæ цæрæнбонты дыууæ галы йеттæмæ ницы радавта, ныр уый дæр ма йæ хæдзар

алы дзаумайæ байдзаг кодта. Къæлæт бандæттæ сласта 52, стъолтæ 18, ноджы ахæм айдæн, æмæ уаты фарсмæ дæр нæ цыди, хæрдмæ дæр, – уæртæ сарайы къулыл æнцойгондæй лæууы...

Æмæ фæныкгуыз Долæтмырзæ та? Фосимæ скъæты царди... Ныр æм акæс! Дзæуджыхъæуы кæрон кæйдæр хъæдын хæдзар райхæлдта æмæ йæ ам æрбалæууын кодта. Ханы цард кæны.

...Уый æттейæ Ханджери..............................................

Дарддæр кæсæм:

«...Алырдыгæй æмызмæлд кодтой бæхджынтæ, уæрдонджынтæ æмæ фистæджытæ, сеппæтæн дæр сæ арæзт уыди Дзæуджыхъæуырдæм......................................

Хурскæсæнырдыгæй уынгты бацæуæн нал уыди (Дзæуджыхъæуы уынгты – М. Г.) Уæрдæттæй, бæхджынтæй, фистæджытæй, – уый уыди цæуджытæн сæ сæр, сæ кæроныл та цæст нæ хæцыди, æвæццæгæн, ма кæмтты æмæ цъасты змæлыдисты фæстаг цæуджытæ»...

Гъе, афтæ æвдисы Арсен фæллойгæнæг адæмы. Куыд уынæм, афтæмæй ацы радзырд цъыфкалæн кæны фæллойгæнæг адæмыл, бынтон зыгъуыммæ скодта цы уыд, уый æмæ йæ кæсæгæн æвдисы.

Ацы радзырдтæ не сты цардæй ист, тынг дард лæууынц æцæгдзинадмæ.

Уырыссаг фыссæг Гоголь иу ран афтæ зæгъы:

«У меня только то и выходило хорошо, что было взято из действительности» («Авторская исповедь»). Æмæ канд ацы радзырдтæ нæ, фæлæ ма уыдис Арсенмæ ахæм радзырд «Цы 'рцыд фæзы хъæуы æмбис æхсæв», зæгъгæ, æцæгдзинадмæ тынг дард чи лæууыдис. Раст зæгъын хъæуы, ууыл Арсен йæ къух систа, нал æй бахаста йæ радзырдты æмбырдгондмæ.

Нæ чысыл куыст фæуæвгæйæ, зæгъæм: Арсены сфæлдыстад у бирæ. Иу куысты ууыл йæппæтыл æрдзурын мах нæ разы хæсæн нæ æвæрдтам.

Уыцы сфæлдыстады ис бирæ радзырдтæ, зæронд цард нын фылдæр чи зонын кæны, фæлæ дзы ис хъæндзинæдтæ, стыр рæдыдтытæ дæр. Уыцы рæдыдтытæ иуварсгæнгæйæ, мах ахуыр кæнæм Арсены сфæлдыстадыл.

***Мамиты Гига***

*Декабрь 1938 аз*

*«Мах дуг», 1939, №5*

# УИДÆГТÆ

## УЫРНÆНТÆ ÆМÆ МÆНГУЫРНÆНТÆ

### ÆНÆНИЗДЗИНАД

♦ Низ адæймагмæ фæзыны Хуыцауы фыдæхæй. Хæцгæ низты бардуаг Сырх Аларды у.

♦ Куыдзы хæстæн – куыдзы хъуын йæ хос.

♦ Сындз буары куы фæныхса, уæд æй ласын хъæуы бонæй. Æхсæвыгон бынмæ арфдæр цæуы.

♦ Адæймаг мæйноджы куы фæрынчын вæййы, уæд бирæ рæстæг сæйы.

♦ Бырæтты кæрийыл куы ныллæууай, уæд дæ къæхтæ рисдзысты.

♦ Адæймаг искæй низ йæхиуыл куы æвдиса, уæд ыл уыцы низ æцæг фæзындзæни.

♦ Цæмæй дæ дæндæгтæ ма риссой, уый тыххæй, дæ хæлаф кæнгæйæ, раздæр дæ галиу къахыл скæн фадыг.

♦ Дæ сæры хъуынтæ алы рæтты куы калай, уæд дæ сæр рисдзæни.

♦ Дæ къæхты рæсыд цæмæй ацæуа, уый тыххæй хъуджы хъарм фаджысæй дæ къæхтæ байсæрд.

♦ Цæстыл кæрдзæвæг куы рауайы, уæд æй мæнæуы гагайæ асæрф æмæ йæ маргъæн аппар, гъа, мæ кæрдзæвæг дæу, зæгъгæ. Науæд та мæнæуы нæмыг цъыфмæ аппар.

♦ Йæ ныхтæ чи æхсыны æмæ хæры, уымæн сæ цывзыйæ байсæрд æмæ сæ нал хæрдзæн.

♦ Цæмæй дæ дæндæгтæ ма риссой, уый тыххæй, уалдзæджы фыццаг æрвнæрд куы фехъусай, уæд дур сис æмæ йæ цыма хæргæ кæныс, уыйау дæ дæндæгтæй «акъæмсытæ кæн» æмæ йæ аппар.

♦ Цæмæй дæ фæсонтæ ма риссой, уый тыххæй, уалдзæджы фыццаг æрвнæрд куы фехъусай, уæд сæ дуары тарвазыл арахаф-бахаф кæн.

♦ Цæмæй дæ сæр ма рисса, уый тыххæй, уалдзæджы фыццаг æрвнæрд куы фехъусай, уæд дæ сæр дурæй бахой æмæ зæгъ: «Мæ сæр дурæй хъæбæрдæр».

♦ Худ стъолыл æвæрын нæ фæтчы – дæ сæр рисдзæн.

♦ Донхæбузæй рынчыны тыххæй кувинаг чъиритæ хъуамæ скæной сыгъдæг, æнæтæригъæд чындздзон чызджытæ. Уыимæ хъуамæ хыссæ сызмæнтыны тыххæй стыр цæугæдонмæ ацæуой къуырисæрæхсæв æмæ сисой сыгъдæг дон.

♦ Цæмæй хæкъуырцц фесæфа, уый тыххæй дæхи доныхуыпп баназ.

♦ Дæ астæуыхъæд дæ сраст кæнын куынæ уадза, уæд дæ тæвд доныхуыппы дæ къæхтæ нывæр.

♦ Цæмæй дæ сæрд бындзытæ ма æлхыскъ кæной, уый тыххæй чындзæхсæвы чындзы гуыдынæй дæхи фæхъæстæ кæн.

♦ Тæфсæгæй рынчын бæхы хамуты куы абыра, уæд йæ низæй фервæздзæни.

♦ Рынчын мадард бæгънæгæй бæласы саджилæджы куы абыра, уæд йæ низтæ уым баззайдзысты.

♦ Цæмæй дæ низтæй фервæзай, уый тыххæй Кæрдæгхæссæн райсомы æртæхы зыбыты мадард бæгънæгæй ратул-батул акæн.

♦ Цæмæй дæ къæхты низтæ фесæфой, уый тыххæй райсомæй æртæхы бæгъæмвадæй цу.

♦ Рынчын цыфæнды тыхст куы уа, уæддæр ыл кæуын нæ фæтчы: йæ сæрыл цы зæдтæ тох кæны, уыдонмæ хъыг фæкæсдзæн æмæ йæ мæлæты æвджид фæуадздзысты.

♦ Тыхст рынчынмæ кæд гæды æвваxс цæуы, уæд рынчынæн мæлæтæй ма тæрс.

♦ Къæсæрыл бадæг арæх рынчынтæ кæны.

♦ Сывæллон куы фæсæйгæ уа, уæд æй ногæлвыд æнæхсад хъуыны батух авд боны æмгъуыдмæ æмæ йын йæ низ райсдзæн.

♦ Æфсæйнаг, сызгъæрин, æвзистæй адæм пайда кæнынц куыд хæрзгæнæг, фыдбылызтæй, низтæй иргъæвæг.

♦ Дæ дæндаг куы рисса, уæд ыл æвзист сæвæр æмæ дын йæ рис ныллæууын кæндзæн.

♦ Дæ буарыл сынчъытæ куы зайа, арæх дзы хæф куы æвзæра, уæд уыцы ран къалайы мур бабæтт æмæ фесæфдзысты.

♦ Цæмæй дæ гуыбыны кæлмытæ ма уа, уый тыххæй хæрыны агъоммæ хом насы æппытæ хæр.

♦ Бызычъи цæмæй фесæфа, уый тыххæй йæ ныхс, арты

хуылыдз сугæй цы дон рахъары, уымæй.

♦ Цæмæй дæ бызычъитæ фесæфой, уый тыххæй сæ асæрф, марды къухтæ цы хæцъилæй баст уыдысты, уымæй.

♦ Мæй йæ цалхы дзаг куы вæййы, уæд, цæмæй дæ бызычъитæ ахауой, уый тыххæй йæм сæ бавдис æмæ зæгъ: «Мæй, уæ мæй, мæнæ дæ фысты дзуг дæхимæ акæн».

♦ Дæ бызычъитæ цал сты, уал хатты сау æндахы гæппæл балхынцъытæ кæн æмæ йæ зæххы баныгæн. Уыцы æндах куы бамбийа, уæд дæ бызычъитæ ахаудзысты.

♦ Ног мæй куы фенай, уæд дæ бызычъитыл амиз, æмæ дын ахаудзысты.

♦ Бызычъитæ цæмæй фесæфой, уый тыххæй сæ ныхс бæлоны тугæй.

♦ Цæмæй сафронæй сдзæбæх уа адæймаг, уый тыххæй æрцахс æртæ кæсаджы, доны сæ удæгасæй æрбахæсс, æмæ сын рынчын иудадзыг кæсæд сæ ленчытæм. Уæд йæ бур сабыргай цæудзæн кæсæгтæм, æмæ сдзæбæх уыдзæн.

♦ Адæймаг арты сæрты куы гæпп кæна, уæд йæ низтæ арты зайынц.

♦ Хæдзары фадынæгæй рынчын куы вæййы, уæд не ‘мбæлы æппындæр æвзæр ныхас, хыл, загъд кæнын.

♦ Цæмæй низтæй æмæ фыдбылызтæй хызт уай, уый тыххæй Тутырты дæхицæн фæдзæхсæнтæ æмæ иргъæвæнтæ скæн куырды æфсæйнаджы хафæнтæй.

♦ Тарст сабийы сæрты йæ ныййарæг мадард бæгънæгæй æртæ хатты хызт, æмæ йын уæд йæ тарст систа.

♦ Йæ хъуыртæ кæмæн риссынц, уый исты хæцъилыл йæ доны хуыпп акалы æмæ йæ тæвдæй йæ хъуырыл æрбатухы. Афтæмæй тагъд адзæбæх вæййы.

♦ Буары хъæн сдзæбæх кæнæн ис хæлуарæджы тынæй.

♦ Йæ дæндаг кæмæн риссы, уый йæ галиу къухæн йæ цонджы хъулыл хъæбысырдыгæй дадзиныл нуры куы сæвæра æмæ йæ сырх æндахæй куы бабæтта, уæд йæ рисс ацæудзæн.

♦ Цæмæй дæ къæхтæ ма риссой, уый тыххæй Ногбоны æхсæв æхсæвæр хæргæйæ æфсæйнаг рæхысыл дар дæ къæхтæ.

♦ Ноггуырд цæмæй рынчынтæ ма кæна, уый тыххæй йын йæ фыццаг хæдон кодтой дæрдджын хъуымацæй, зæронд дзаумайæ.

♦ Дæ цæсты исты куы бахауа, уæд æй аууæрд æмæ зæгъ: «Мæ цæсты цы ис, уый мæ къахы бын».

♦ Уæлартæй куы хæрай, уæд дæ былтæ фаддзысты, цъутхæлттæ кæндзысты.

♦ Цæмæй сафронæй рынчын сдзæбæх уа, уый тыххæй йын сыстытæ бахæрын кæн.

♦ Дæ къæбæр æрдæгхæрдæй куы уадзай стъолыл, уæд дæ дæндæгтæ рисдзысты.

♦ Ризæгæй рынчын стъæлха куы хæра, уæд сдзæбæх уыдзæн.

♦ Æрвдзавдыл кæуын нæ фæтчы.

♦ Фадынæгæй рынчынæн нæ фæтчы хуыйы дзидза дæттын.

♦ Фадынæгæй рынчын-иу куы амард, уæд ыл кæугæ нæ кодтой, фæлæ æрмæст зарыдысты, кафыдысты, кæннод, дам, мард ссыгъдаид.

♦ Джеры дзуар дзæбæх кæны æрраты.

♦ Тархъæнджын куыдзы дзидза куы бахæра, уæд сдзæбæх уыдзæни.

♦ Мæлæтдзаг тархъæнджын уызыны фыд куы бахæра, уæд æнæмæнг йæ низ фесæфдзæн.

♦ Искæмæн йе ‘взагыл цъутхал куы рауайа, уæд афтæ зæгъæд: «Ме ‘взагыл Сæтти, ме ‘взагыл Бæтти,атылд æмæ мæ къахы бын фæци». Иуцасдæр рæстæджы фæстæ цъутхал æрбайсæфдзæни.

♦ Рынчын хæкъуырцц кæнын куы райдайа, уæд ын йе сдзæбæхмæ æнхъæлмæ мауал кæс.

♦ Давон низты рын у: авд низы суры.

♦ Цы уæнг дæ рисса, кусартæн уыцы хай куы хæрай, уæд дæ рис рогдæр кæндзæни.

♦ Тыхст рынчын куы æхснырса, уæд уый амоны, æмæ йæ низæй кæй фервæздзæни.

*Æрæмбырд сæ кодта*
***Тменаты Дзерассæ***

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО

*(1870–1937)*

*Ацы хъуыддагмæ Цоцкойы цæстæй æркæсын хъæуы.*
***Ныхасæн уыд ирон адæммæ***

*Мæ зæрдæ мын тынг фæцагайдтой Цоцкойы ныхæстæ. Цы диссаджы хорз адæймаг у, æвæдза.*
***Къоста***

*Уый уыди зонгæ-зонын амæй-ай æвзаргæдæр æмæ хуыздæр лæгты рæстудæй сафыны сау дуг. Æмæ семæ куыд хъуамæ нæ бахаудаид Æмбалты Бицойы фырт разагъды Цоцко дæр, кæд æмæ йæ фæрнæйдзаг хъуыддæгтæн кæрон нæ уыд!..*

*1937 азы 7 декабры Цæгат Ирыстоны АССР-ы МАК-ы Тройкæ Цоцко æмæ Зæнджиаты Бæбуйæн иннæтимæ фехсыны тæрхон рахаста, уыцы «хъуыддаг»-æн йæ номыр у 666! Дæлимоны нымæц æй хонынц. Куы йæ фæфæлдахай, уæд та – 999. О, ахæм Руймон дзы дардта йæ уынаг æмæ æгъатыр цæст советон империйы Тройкæ-тæрхондæтты куыстмæ – нæдæр дзы æвдакат æмбæлыд, нæдæр хъаст бадæттын. Æмæ-иу рæстаг лæг азимаг сси æмæ йæ 15-20 минуты фæстæ агæрах кодтаиккой, Бутырин æмæ Ленины уынджы тигъыл цы хæдзар лæууы, уый ныккæнды...*

*Цоцко райгуырд Ирыстоны рухстауæг хъæу Æрыдоны. Йæ фыд Бицо æмæ Къостайы фыд Леуан уыдысты хорз зонгæтæ, сæ дыууæ дæр куыстой Хæххон милицæйы. Уæдæ Цоцко æмæ Къоста кæрæдзийæн куыд зынаргъ уыдысты, уый та иуæй цины хос у, иннæмæй – зæрдæйы низ: Къоста уыйбæрц аргъ кæмæн кодта, уыцы адæймаджы байсаф...*

*О, Къостайыл Цоцко сау фæдардта 31 азы – йæ царды тыхыскъуыд кæронмæ...*

*Цоцко аргъуаны скъола каст куы фæцис, уæд бацыд Æрыдоны семинармæ, æрмæст ын кæронмæ сахуыр кæнын нæ бантыст: уæдмæ Бицо амард, æмæ йæ цыппар сывæллоны сæ мады æвджид баззадысты. Фæлæ æрдзæй стыр курдиаты хицау кæй рахаста, уый йын ахъаз фæцис йæ дарддæры царды!*

*1904 азы Цоцко ацыди фæсарæнтæм æмæ Парижы Æхсæнадон наукæты уæлдæр скъолайы хъуыста лекцитæм, базыдта францаг æмæ немыцаг æвзæгтæ. Тæлмацгæнæджы куысты йын уый æвæджиауы пайда фæцис.*

*Ирон дзыллæйы ‘хсæн нымад лæгæй зыдтой Баситы Михайы дæр. Æмæ Цоцко уыимæ 1907 азы куы фæраст уаиккой Ясная Полянæйы Лев Толстойы фенынмæ. Тынг сæ сбуц кодта стыр фыссæг, кавказæгтæ кæй сты, уый уæлдай æхсызгон уыди «Хаджи-Мурат»-ы авторæн. Зонгæ уыди Цоцко Горькиимæ дæр. Къоста йæ адзалы къахыл куы ныллæууыд, уæд уымæ дæр Лабæмæ ныццыди рынчынфæрсæг æмæ йын ирон адæмæн йæ фæстаг ныстуан фехъусын кодта: «Кæрæдзи уарзгæйæ цæрут, ме ‘фсымæртæ!»*

*Ирон æвзаджы дæсны уæвгæйæ, Цоцко аст азы бæрц удуæлдайæ фæкуыста Всеволод Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат»-ыл: бирæ хъæздыгдæр æй фæкодта хицæн дзырдтæ æмæ æмбисæндтæй, рæстырдæм сын æвзæрста сæ ахадындзинад æмæ мидис. Уæдæ цæмæй ирон аивадон литературæ фидарæй йæ къæхтыл слæууа, уый сæраппонд дæр тæлмац кодта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг фысджыты уацмыстæ – М. Лермонтовы, Л. Толстойы, В. Вересаевы... Иронау сдзурын кодта Г.-Х. Андерсен æмæ Шиллеры.*

*Цы цæстуарзонæй йæ сфæлдыста йæ раттæг Стыр Хуыцау, цы! Уынд æмæ кондæй дæр саджы фисынтæ-нывтыл карст-амад, цæхæрцæст, дзырдарæхст, æмбисонды кафаг æмæ зараг. Бетъырбухы Университеты ирон æвзаджы ахуыргæнæгæй куы куыста, уæд та йæм ахæм миниуæг уыд: райстаид-иу мызд æмæ зылдаид горæты уæлдæр скъолаты æмдзæрæнтыл æмæ ирон студентты фæйнæ цалдæргай сомтæй зæрдæрухс кодта... Тынг бахæлар уыцы азты йæ хорз кæстæр Абайты Вассоимæ дæр.*

*Цоцкойы ахæстонмæ куы бакодтой, уæд, дам, уым чи бадт, уыцы ирон лæппутæм бадзырдта: «Иры фарн фæцæуы, Иры фарн, лæппутæ!»*

*Æмæ нæ бынтон куыд нæ фæцæуа-фæлидза, фарн дæр, кæд æмæ нæм абоны онг фæсмон нæма ‘рцыд, цы æбуалгъы хабæрттæ ‘рхастам нæ сæрмæ уыцы тугмылазон азты, уый тыххæй!..*

*Ирон налхъуыт-налмас дзырды ад ма чи ‘нкъары, ууыл бæрæгбоны хур скæсдзæни Цоцкойы рæнхъытæй.*

# ÆЛДАРЫ ЧЫЗГ, КÆНÆ ДЫУУÆ ÆРДХОРД ÆЛДАРЫ

*Аргъау*

Тынг адджынæй цардысты дыууæ æрдхорд æлдары. Стыр æууæнк уыди сæ астæу, кæрæдзийы цæра кодтой, афтæмæй æрвыстой сæ бонтæ. Сæ хæрд дæр, сæ нозт дæр – иу: айк дыууæ 'мбисæй хордтой; сæ иуы маст, сæ иуы циндзинад аннæмæн уыдысты мæт æмæ циндзинад.

Æлдæрттæй сæ иуæн уыди лæппу æмæ чызг, аннæ та уыдис æнæзæнæг. Уыцы хуызæнæй ацардаиккой иу къорд азы, афтæ зæнæгджын æлдарæн амард йæ ус. Æлдар уыйадыл дзырд радта, иуæй сау кæй бадардзæн афæдзы бонмæ, аннæмæй Чабæмæ кæй фæцæуздзæн, цæмæй дзы басгара Мæхæмæты зæппадз æмæ дзы ракура пехуымпарæй удыбæстæ йæ мард æфсинæн.

Йе 'рдхорды хæдзары ныууагъта йæ чызджы, йæхæдæг æд фырт араст Чабæмæ.

Цæрынтæ систа чызг йæ фысымтæм. Буц æй дарынц æлдар æмæ йæ ус, чызг дæр, раст зæгъын хъæуы, сæ зæрдæхудт ницæмæй исы.

Уæд æлдар æмæ æлдары ус хъазт скодтой, цæмæй сæ уазæг хъыг ма кæна. Бирæ фæсивæд æрæмбырд сты хъазтмæ, хъæлдзæг кæнынц адæмы дæр, сæхи дæр. Чысыл дзы нæ уыди рæсугъд чызджытæ, фæлæ дзы уазæг чызгæй рæсугъддæр æмæ аивдæр нæ разынд. Фæсивæдæй иу къорд лæппуйы зæрдæмæ тынг бацыди, курын æй байдыдтой æмæ дзырд ныууагътой æлдармæ.

Сæ цæст æрæвæрдтой адæм æлдары чызгыл, уымæй æппæлынæй фылдæр нал уыдысты алы ран дæр æмæ-иу дзырдтой: «Уындæй дæр, лæджыхъæдæй дæр нæ уазæг чызджы хуызæн нæма уыди, гуыргæ дæр нæ ракæндзæн. Ничи скæндзæн, ничи бахуыйдзæн уый хуызæн, уый кæрдзыны скондæн æмбал нæ уыдзæн; уæд æфсармæй, æгъдауæй та у ахæм æфсармджын, ахæм уагджын, æмæ бафæзминаг у алы чызгæн дæр».

Æмæ та æлдар хъазт сарæзта. Фыццаг хъазтæй дзы фылдæр фæсивæд æрæмбырд æвзаргæ чызг æмæ 'взаргæ лæппуйæ. Хъазты дзыллæйæн сæ акаст уыди уазæг чызг. Хистæрæй, кæстæрæй сæ зæрдæ пиллон арт уагъта йæ уындæй; кафынæй нал фæллайынц йæ кафынмæ, хъусынæй – йæ зардмæ.

Ноджыдæр та йыл фылдæр адæм фæсивæдæй дзурын байдыдта.

Æлдары хæдзар фæфидыдта уазæг чызгæй. Кæстæриуæг кæны æлдары чызг хæдзары хицæуттæн – лæг æмæ усæн, зæнæджы ад ыл базыдтой уыдон дæр.

Базмæлæнтæ нал уыдис æвзаргæ фæсивæдæй æртыккаг хъазты: арвæй æхсидав куы æрхаудаид, уæд зæххыл нал сæмбæлдаид. Нæ разынди ныр дæр уазæг чызгæн æмбал утæппæт чызджы рæгъауæй. Хъазт райхæлд, фæсивæдæй та бирæтæ дзырд ныууагътой æлдармæ чызджы тыххæй.

Æрæнкъард æлдар, сагъæсыл сси. Бон æм арвы рухс нал зыны, æхсæв æй хуыссæг нал ахсы. Катайыл сси йæхинымæр. Хæдзары хъуыддæгтæм нал дæтты йæ зæрдæ; хæринаг ын ад нал кæны. Бинонтæ уынынц, æлдар йæхиуагыл кæй нал у, фæлæ цæмæн афтæ æрæнкъард и, уый бафæрсæг æй нæй; ничи йæм хæссы йæ ныфс.

Бирæ хъуырдухæн кодта æлдар, фæлæ ницы бафæрæзта, æрæгæй ардæм йæ зæрдæйы мидæг цы æндавындзинад сæвзæрди, уый басæттынæн.

Хæйрæджы хай йыл фæуæлахиз.

Æлдар æмæ йе 'рдхорд æфсымæры астæу цы æууæнк уыди, дзыллæйы æхсæн дзы цы 'фсарм, цы кад уыди – се 'ппæтæй дæр уарзондзинад тыхджындæр разынди. Йæ уазæг чызджы бауарзта æлдар.

Фадат ран æлдар ской кодта чызгæн йæ сагъæстæ, йæ фæнд. Арв æй цыма æрцавта, уыйау фæци чызг, фæлæ ма афтæ равдисын йæ бон баци, цæмæй йыл æлдар нæ фæгуырысхо уыдаид, йæ зæрдæйы æууæлтæ йын нæ бамбæрстаид.

«Зондæй саразын куы ницы бафæразон, – дзуры чызг йæхицæн, – цæмæй æлдары уарзондзинадæй баиргъæвон мæхи, уæд рæстырдæм нæ ауырдыг сты мæ хъуыддæгтæ».

Æмæ дзуры æлдармæ:

– Æлдар цæра, мæ фыд ам нæй, мæ иунæг æфсымæр дæр уый хуызæн; хорз уыдаид, уыдон æрбаздæхынмæ куы фæкæсис.

– Хорз чызг, уымæн амал не 'рцæудзæн: мæ бар мæхиуыл нал цæуы. Дæхæдæг дæр æнæ уынгæ нæ дæ, мæ сæрæн кæй нал дæн, кæд уыцы ранмæ цæмæн æрцыдтæн, уый дын æргом нæ уыдис, уæддæр. Ныр уый бамбар, æз дæ афтæ бауарзтон, æмæ мын, æвæдза, исты зæрдæ нæ бавæрдтай, уæд мæ царды сæр нал райсдзынæн.

– Мæ фыд уый куы базона, æз дыккаг усæн фæцыдтæн, уæд ын куыд маст, куыд уайдзæф уыдзæн уыцы хъуыддаг, уый йе 'рдхорд æмгарæй хуыздæр ничи бамбардзæн, стæй æз дæр аккаг куыд скæндзынæн мæхицæн, æмæ мæ разагъды фыд, мæ иунæг æфсымæрмæ уайдзæф æрхауа, æмæ дзыллæйы 'хсæн ныххъуырдæй цæрой мæ сæраппонд? Аннæмæй, уыйбæрц кæимæ фæцардтæ, дæхицæн адджынæн, уарзонæн кæй бацагуырдтай, дзырд кæмæн радтай, уый бафхæрын хъуамæ ма бахæссай, ма, дæ сæрмæ, Хуыцауæй дæр æй нæ бауæнддзынæ.

– Лыггонд мын у уыцы хъуыддаг дæр: кад æмæ йæ радæй арвитдзынæн йæ фыды хæдзармæ, æгъдау куыд амоны, афтæ.

Уыйадыл æлдар усы арвыста йæ цæгатмæ. Чызг бамбæрста, зын фадаты кæй бахаудта, зынтæй кæй фервæзын кæндзæн йæхи, зынтæй кæй нæ бачъизи кæндзæн йæ фыд æмæ йе 'фсымæры цæсгом дæр. Уæд ма йæ сæрæн уыцы хос ссардта æмæ 'лдары галуаны бамбæхсти, авд дуары дзы сæхгæдта йæхиуыл æмæ нал касти æддæмæ.

Æлдар куы тызмæгæй, куы сабырæй æвзаджы хатт æруадзы, хатын æм сисы, лæгъстæ йын кæны, фæлæ чызг ком нæ дæтты.

Зындзинæдтæ æвзары чызг мæсыджы авд дуары фæстæ: тыхсы æнæ хæринагæй дæр, дойныйæ дæр, уыцы уынгæг ран æй фыдæхсæвтæй сыст бахордта; фырмæстæй хаттæй-хатт кæуын байдайы, æмæ йæ цæссыг налхъуыт-налмас фæрдгуытæ абузын сисы.

Иу бон æлдарыл дзырд сæмбæлд, йе 'рдхорд Чабæйæ кæй æрбаздæхы, стæй дзы кæй куры, цæмæй æлдар чабæдзауы размæ сæмбæла иу бонцау, цæмæй уыцы ран бацин кæной кæрæдзиуыл. Уацхъуыдæй æлдары зæрдæ цанæбæрæджы барухс уыдаид, фæлæ йын уæддæр æдзæугæ амал кæм уыди.

Кæрæдзийæн салам радтой дыууæ 'рдхорды, æмæ чабæдзау дзуры:

– Цæй тарæрфыгæй кæсыс, цы кодтай? Дæхи хуызæнæй дæм куы ницыуал баззади æппындæр. Бирæ мæгуырдзинæдтæ бавзæрстам мæ фыртимæ: кæм æххормаг, кæм æнæ дон, кæм тасы бын абырджытæй, æдзæрæг, æнтæф бæсты. Фæлæ, бауырнæд дæ, бауырнæд, ахæм рæстæг мыл никуы скодта, мæ зæрдыл кæд нæ лæууыдтæ, кæд дæ нæ мысыдтæн. Мæ хæдзармæ, мæ иунæг чызгмæ афтæ не 'хсайдта мæ зæрдæ, дæумæ куыд æхсайдта. Ныр дæр дæм ме 'рвысты сæр уымæн уыди, цæмæй дæ федтаин тагъддæр. Уæд мæм уый цы цæстæй кæсыс!

Афтæмæй та мыл, Хуыцау ме ‘вдисæн, æрхъæцмæ нæ хъæцыдтæ, дæ цард дын ад нæ кодта æнæ мæн.

– Мæ хæлар, хатыр дæ курын, дæхицæн уыцы зын скæн. Иу чысыл мæм æрбайхъус, æз дын радзурдзынæн, мæхи хуызæн цæмæн нал дæн, мæ зæрдæ дыл цыма сивтон, афтæ дæм цæмæн зынын, уыдонæн сæ аххосаг. Фæлæ дæм бахатин, дзурынмæ дын кæй хъавын, уыдон арф æвæрæны мæхимæ, мæ риуы, мæ зæрдæйы мидæг куы баззадаиккой, уæд бирæ хуыздæр уыдаид. Нæ сæ тæры нæ мæ зæрдæ дæуæн дзурын: стыр низ дын куы скæной, уымæй дын тæрсын.

– Сомбон кæй базонон, фæстæдæр кæй фехъусон, уый мын ды, мæ иунæг æрдхорд, раздæр куы радзурай, уæд растдæр æмæ пайдадæр уыдзæн. Сæинаг цы низæй уон, уымæй хъуамæ раздæр басæйон, мæ хæс зынæй дæр раздæр хъуамæ бафидон. Зæгъ мын дæ зæгъинаг! Æз дæм хъусын.

– Уæдæ фæуæд дæ фæндон. Дæ иунæг чызг царди мæ хæдза--ры йæхи хæдзары хуызæн. Дыууæ уыдыстæм æмæ ныййарджытæ сæхи хъæбулмæ афтæ нæ бафæрæзтаиккой кæсын, зилын, афтæ йæм зылдыстæм, кастыстæм. Нæ хæдзары цы ардтам, уымæй йын ницы бацауæрстам. Чызг, раст зæгъын хъæуы, иу-дыууæ боны рæсугъдæй равдыста йæхи. Фæлæ стæй... стыр зын мын у йæ зæгъын дæр… стæй æвиппайды афæлывта йæ хуыз. Зæххыл нæ разындзæн ахæм æнæгъдаудзинад, ахæм æгаддзинад, уый йæ сæрмæ цы не ‘рхаста. Ус æмæ лæг уыдыстæм æмæ нæ кæрæдзийæн кард æмæ фыд фестын кодта йæ фыдæвзагæй: мæнæн иу дзырд, нæ хæдзары ‘фсинæн аннæ дзырд. Уый дын йæ иу хъуыддаг. Аннæмæй афтæ суагъта йæ цæсгом, æмæ фæсивæдæй бирæтæн ныфс æвæрдта, аккаг цæмæй нæ уыди, ахæм хъуыддæгтæй. Цу, цу! æмæ цæйбæрцытæ нæ бахъæцыд йæ цæсгом! Мæнæн дæр, дæ иунæг æрдхорд æфсымæрæн, баздæхт æмæ кæд хъардта йæхи. Дæ цæсгом бахæрай, зæгъгæ, йын æз бауайдзæф кодтон, бартхъирæн æм кодтон дæ номæй. Уыйадыл нын афтæ фæтæргай æмæ бацыди мæсыджы, авд дуары сæхгæдта йæхиуыл, нæ размæ нал æвдисы йæхи. Уыцы ран цы мигæнæг у, цæмæй цæры, Хуыцау йæ зонæг. Дæ иунæг чызджы бавæрын дын кæй нæ бафæрæзтон, мæ хæдзары дын æвзæр уаг кæй райста, уымæй дæ стыр къæмдзæстыг фæдæн, мæ иунæг æмгар, стыр зылын хонын мæхи дæр, мæ хæдзары æфсины дæр.

Уæд чабæдзау æлдар баздæхт æмæ æрвнæрæгау байдыдта дзурын йæ иунæг фыртмæ:

– Мæ фырт, де ‘фсымæр хо æмæ мæ иунæг чызг цытæ бакодта, уыдон фехъуыстай мæ хæлары дзыхæй дæхи хъустæй. Цæугæ тагъд ме ‘рдхорды хæдзармæ, мæнæ ацы сылыхъ дæр айс демæ. Аргæвд де ‘фсымæр хо æмæ мæ иунæг чызджы. Йæ тугæй мын æрхæсс ацы сылыхъы дзаг. Æз цалынмæ мæ иунæг чызг, мæ хъæбулы тугæй мæ дойны басæттон, уалынмæ нæ басабыр уыдзæн мæ маст, уалынмæ фæцæуинаг нæ дæн мæ хæдзармæ, адæммæ нал равдисдзынæн уалынмæ мæ цæсгом. Цæрынæй-хæрынмæ уыцы æвæрд фæкодтон мæхи, никуы ницæмæй бачъизи кодтон мæ цæсгом, кад æмæ радæй дзыллæты астæу фæхаттæн. Ныр мын мæ иунæг чызг, мæ уарзон хъæбул мæ сæр ралыг кодта зæрондырдæм, фæхудинаг мæ кодта, цæрдудæй мæ бафтыдта мæрдтыл. Къæмдзæстыгæй баззад мæ иунæг æрдхорд дæр æнæ аххосæй... Зæнæджы мæт, цæй зын уромæн дæ, цæ!.. Тагъд бакæн, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн ацы ран.

Цæхæртæ калгæ, фыр мæстæй балæууыди ‘лдары фырт йæ фыды æрдхорды хæдзары. Тызмæгæй дзуры чызгмæ, дуар ын куыд бакæна.

Чызг хъуыды циу, уый, дæр æй нæ кæны.

Уæд æм æфсымæр байдыдта лæгъзæй дзурын:

– Ма тæрс, мæ хо, ма тæрс, дуар мын бакæн, æз де ‘фсымæр дæн.

– Кæд æмæ æцæгæй дæр мæ иунæг æфсымæр дæ, уæд мæ мады къухдарæн æрбаппар, намæ дæм фæстæмæ дæр нæ акæсдзынæн, дуар дын нæ бакæндзынæн!

Æфсымæр æм къухдарæн баппæрста, чызг æй бакодта йæ къухыл æмæ уæладзыгæй рагæпп ласта йе ‘фсымæры хъæбысмæ.

Æфсымæр æй уыцы хуызæнæй ракусарт кодта зæххыл, кард ын æрбавæрдта йæ хурхыл æмæ ныр сæргæвда чызджы, афтæ йæм уый дзуры:

– Цы кæныс, цы, ме ‘фсымæр, цы Хуыцау дæ ныццавта?! Дæумæ æмæ мæ фыдмæ кæсынæй куы сурс сты мæ цæстытæ, æз мæ былыцъæрттæ куы хордтон уæ уындмæ; зæрдæ сымахыл куы дардтон, мæ зындарæнæй мæ фервæзын кæндзыстут, мæ мæт мын райсдзыстут, зæгъгæ, уæд мын ай цы хъуыддаг у?

Лæппу ‘руагъта йæ кард, чызджы слæууын кодта йæ къæхтыл. Чызг сæрæй-бынмæ радзырдта йæ зындзинæдтæ иууылдæр,

æфсымæры зæрдæ фæтасыди, фæтæригъæд кодта йæ хойæн. Кæрты иу карк рацахста, æрбаргæвста йæ, сылыхъ карчы тугæй айдзаг кодта. Бæхыл сбадт, чызджы йæ фæсарцмæ сæргъæвта æмæ араст æлдары галуантæй.

Цæуы, цæуы æмæ фæндагыл фæсвæд иу пыхсы ныууагъта йæ хойы. Йæхæдæг уыцы тæргæбæхæй ныххоста йæ фыдмæ. Æрхызт бæхæй, сылыхъ балæвæрдта йæ фыдмæ. Уый «бисмил-ла» загъта, сылыхъ сдардта йæ дзыхыл æмæ уыйадыл сугъта йæ тыппыртæ, стæй араст сты сæ хæдзæрттæм.

Æлдары чызг пыхсы бады æмæ сагъæс кæны, цы уыдзæни, ууыл. Уалынмæ йыл цуанон куыйтæ рамбырд сты æмæ йыл рæйынц. Куыйты рæйынмæ цуанонтæ æрбалæууыдысты æмæ дзурынц чызгмæ, фæлæ сæм уый фæстæмæ дæр нæ кæсы. Сæ уæлвæд пыхсы астæумæ йæ бæх æрбатардта æлдар дæр. Цуанæттæ æмæ куыйтæ дæр цуан кодтой уыцы ‘лдаримæ.

Æлдар хъуыддагмæ куы ‘ркаст, уæд дзуры чызгмæ:

– Цы дæ, цавæр дæ? Тагъд мын дзуапп ратт, намæ дæ мæ куыйтæ куыд акъабæзтæ кæной, ахæм ми дын кæнын!

– Хорз æлдар, æртхъирæнæй никуы ма ничи амарди, стæй æртхъирæнæй чи фæтæрса, уыцы адæймагыл нæ сæмбæлдтæ; ды цы дæ, ахæм чызг бæргæ уыдтæн æз дæр, кæд мæ ацы сахат зынвадаты ссардтат, уæддæр. Мæхи та дæм уый тыххæй не здахын, æмæ дарæсæй рæвдз нæ дæн: æфсæрмы кæнын.

Æлдар цыдæртæ фелвæста йæ дарæстæй. Чызг сæ ‘рбакодта йæ уæлæ æмæ, цы уыдысты, уымæй араст сты æлдары хæдзармæ.

Чызгæн уæлæдарæсæн цæй бæрц хъуыди, уый бæрц æлдар алыхуызон зынаргъ хъуымац уайтагъд балхæнын кодта. Барвыста хуыйджытæ чызгмæ, цæмæй йын сбарой йæ гуыры конд, йæ ас.

– Мæ гуыры конд баринаг нæу, – загъта чызг, – æз искæй хуыд мæ уæлæ не скæндзынæн. Мæхимæ мын рахæссут мæ фæлыстæн цы хъæуы, уыдон; рахæссут мын хæсгард, судзин æмæ æндæхтæ.

Æрбадти чызг. Болат хæсгард райста, хъуымæцтæ акарста æмæ уайтагъд йæхи сфæлыста йæ къахæй йæ къухмæ.

Уыцы аив дарæсты æлдары чызг равдыста йæ конд, скалдта йæ хуыз. Йæ даргъ  дзыкку, саулох бæхы дымæгау, йе счъилтыл хоста йæхи.

– Хъуаз фæрæтмæ ‘рцыди – загъта æлдар, – рагæй-æрæгмæ кæмæ бæллыдтæн, уымæй ма хуыздæрыл дæр фæхæст дæн.

Чындзæхсæв сарæзта æмæ ус æмæ лæгæй цæрын байдыдтой æлдар æмæ ‘лдары чызг. Цæрынтæ байдыдтой кæрæдзи уарзгæйæ, кæрæдзи нымайгæйæ, цыкурайы фæрдыджы хуызæн дыууæ лæппуйы сын райгуырди.

Иу ‘хсæв йæ хуыссæн уаты æлдары ус ныуулæфыди йæ къæхты бынæй.

– Уанцон нæу, æмæ уагæры уыцы улæфт цæуыл кæныс? – бафарста йæ ‘лдар.

– Цæуыл улæфын, цæ, мæ сабитæ дæр дæ хуызæн куы разыной – æнæмбаргæ, æдылы: уыдон дæр дæ тугæй равзæрдысты. Сындзы бынæй сындз æвзæры.

– Æмæ мын ахæм стыр уайдзæф цæй фæдыл бафæрæзтай, усай?

– Æмæ дæ æфхæргæ дæр куыд нæ бакæнон: хъаст хъæствæндагæй чындæуы. Ацал-ауал азы цæрын дæ хæдзары; дæ дыууæ фырты тагъд дæ сæрты акæсдзысты, фæлæ дæуæн дæ хъуыдыйы никуы ‘рцыди мæн бафæрсын: æвадатæй дæ цы ран ссардтон, уырдæм уæларвæй æрхаудтай, пыхсы иу къудзийы бынæй сæвзæрдтæ æви дуры хуылфæй рацыдтæ?

– Дæ хорзæхæй, мæ хорз æфсин, æмæ кæд дæуæн ныййарджытæ ис, уæд ма мæн стырдæр хорз цæмæн хъæуы? Мæ амондыл ма уæлдай амонд бафтыд.

– Фыдæй æмæ мадæй райгуырдтæн æз дæр, ис мын æфсымæр дæр. Мæ мад амард, фæлæ мæ фыд æмæ ме ‘фсымæр – цардæгас. Фæнды мæ, куы сæ басгарин, мæ сабиты сын куы равдисин.

Æлдар цæуылнæ барæвдзытæ кодтаид йе ‘фсины: хæрд, нозт, лæвæрттæ цы хъуыди æмæ цы ‘мбæлди, уыдон иууылдæр. Кæуыл æууæндыд, иу ахæм æмбаргæ адæймаджы йын сбадын кодта йæ фарсмæ, фондзыссæдз барæджы сын бафтыдта сæ фæдыл; дыууæ сабийы дæр арвыста сæ мадырвадæлтæм.

Цæуынтæ байдыдтой, цæуынтæ. Дзæвгар-дзæвгар куы ацыдысты, уæд иу ран доны былмæ бахæццæ сты.

– Ацы ран нæ фæллад суадзæм, исты дæр ахарæм, стæй та нæ фæндаг дæр дардзыстæм, – загъта ус.

Æрæнцадысты, бахордтой, банозтой. Барджытæ æмæ лæппутæ доны был аууон ран нæууыл сæхи æруагътой æмæ æрфынæйтæ сты. Бæхтæ астæумæ кæрдæджы хизынц.

Ус æмæ æлдары хæлар лæг бадынц æмæ сæ цæст дарынц сæ адæммæ. Уæд лæг дзуры усмæ:

– Рагæй дæр мын уыдтæ тынг адджын, мæ зæрдæмæ дæуæй фылдæр сылгоймаг никуы бацыд. Аккаг скæн æмæ æмуд куыд æрцæуæм кæрæдзимæ.

– Ард дæ фæдыл æфтыд фæуæд, кæд дæ мæ сæрыхицау уый тыххæй нæ рарвыста мемæ! Ахæм æнаккаг ныхас дæ куыд нал сирвæза, афтæ. Æрдхорд та ма дзы хуыздæр цы вæййы…

– Мæ фæндон мын сæххæст кæн, намæ дæ хъæбултæй ацы ран иуы æргæвдын.

– Сæ дыууæйы дæр мын куы æрбаргæвдай, уæддæр, мæ сæрмæ бахæссинаг цы хъуыддаг нæ уа, уый нæ бахæсдзынæн мæ сæрмæ. Нæ фегад кæндзынæн мæ сæрыхицауы!

– Уæдæ ком нæ ратдзынæ, зæгъыс?

– Ницæй тыххæй!

Лæг фестад, кард фелвæста æмæ дыууæ лæппуйы къубæлттæ æрбаргæвста. Ус барджыты дарæстæй лæджы фæлыст рамбырд кодта æмæ доны уыцы фарсмæ аленк кодта. Уыцы ран йæ сæрыхъуынтæ æрбамбырд кодта, худæй сæ æрæмбæрзта æмæ лæджы дарæстæ æрбакодта йæ уæлæ.

Уыцы хуызæнæй араст, иу хъæумæ бафтыд, æххуырсты бынат агуры. Сæмбæлди йыл иу ацæргæ лæг.

– Хорз, æз дæ бауромдзынæн, – загъта лæг. – Мæ фосмæ мын зилынц мæ уæтæры иуæндæс лæджы, иу лæг ма мæ хъæуы, ныллæуу мæм, мыздыл бафидаудзыстæм.

Æлдары ус сразы.

Цæрынтæ байдыдта. Æркаст фыййæуттæн сæ хъуыддæгтæм, уæтæрты рæвдзытæм. Уайтагъд сын раиртæста сæ хъуæгтæ æмæ уынаффæ райста йæхимæ. Фос адихтæ кодта, алы фыййауæн дæр бæрæг куыст радта, хуыздæр сæ чи цæмæ арæхсти, ууыл æй бафтыдта, уаг сын сæвæрдта сæ цардæн.

Ноджы баздæхт æмæ фыййæутты цæрæнтæ, уæтæртæ цадæггай аивта. Уыдон уыдысты уисæй быд, æмæ сæ уый хъæдæй æмæ дурæй ног сарæзта.

Бирæ фæхуыздæр фосгæсты цард, бирæ фæхуыздæр фосмæ зылд. Бæрæгдæр уыдысты аннæ уæтæртæй, аннæ фосгæстæй.

Цух нал кодтой уазæгæй. Ахæм уазæг сæм нæ сæмбæлдаид, кусарт кæмæн нæ акодтаиккой, хорз кæй нæ федтаиккой. Фæлæ сæ фос уыйбæрц сысты хорз зылдæй, æмæ сыл бирæ хардз дæр нал зынди.

Фыййауы кой дæрдтыл айхъуысти. Фосджын æлдæрттæ, уæтæрджынтæ хæлæг байдыдтой, æлдары ус æххуырсты кæмæ уыди, уыцы фосджынмæ, ахæм адæймаг кæй уæтæрты уынаффæ кодта.

Æлдæрттæ иуахæмы кæмдæр баиу сты. Сгуыхт фыййауы кой æрæфтыдтой. Дзырд радтой уыцы ран, цæмæй басгарой æлдары уæтæр æмæ феной сæхи цæстытæй, цытæ бакодта разагъды фыййау, уый. Фæхабар кодтой æлдармæ, æнхъæлмæ сæм куыд кæса бæрæг афонмæ йæ уæтæры.

Æлдар худын  байдыдта йæхиуыл: «Кæйдæр æвджид бакодта йæ ис, йæ бис, дзыллæтыл айхъуыст йæ фосгæсты хорзы кой, фæлæ сæ иу сгæрст нæма бакодта уый йæхæдæг, цы гæнæг сты, уый нæ федта».

Æмгъуыды бон æвиппайды ‘рхызтысты уæтæры æлдар æмæ йæ уазджытæ.

Фыййæутты хистæр зилæнтæ кæны, лæггад кæны уазджытæн. Иу нард гал аргæвста, барæвдзытæ кодта алы хæрд, алы нозт æмæ хорз цæуылнæ федтаид йæ буц уазджыты.

Фæсхæрд уæтæры арæзтытæм, фосы дардмæ æркастысты уазджытæ. Кæрон нал уыди сæ дисæн, уыйбæрц хорз сæм фæкастысты, цы федтой уæтæры, уыдон.

Уæд уазджытæ фæрсынц сæ фысым æлдары:

– Чи у дæ фыййæутты хистæр, кæм федта, кæм базыдта, бакæнын цы бафæрæзта, уыдон, æви сæ йæхи сæрæй сарæзта йæхæдæг?

Æлдар сын ницы дзуапп радта, уый тыххæй æмæ ницы зыдта йæ фыййауæн. Æлдæрттæ ‘рбасидын кодтой уæд хистæр фыййаумæ æмæ йæ фæрсынц:

– Зæгъ-ма нын, зæгъ, чи дæ, стæй, кæй сарæзтай, уыдон дæхи сæрæй райстай æви сæ искæуыл базыдтай? Чысыл нæ федтам мах, ис нæ алкæмæ дæр фос, уæтæртæ, фыййæуттæ, фæлæ, дæуæн цы бантысти, уый никæмæн ма бантысти, фосы кондæй æмæ уæтæры арæзтæй. Стæй дæ фæнд, дæ куыст куыд фæзынди дæ хицауы хæдзарыл, афтæ никæй фæнд, никæй куыст фæзынд иу хæдзарыл дæр. Кæрон нал ис дæ хицауы фосæн.

– Хорз адæм, сымах цы бафæнда, уый сæххæст кæнын хæсыл нымайын æз мæхицæн. Фæлæ уын, цалынмæ чи дæн, уый сæргом уа, уалынмæ уæ курын, куыд мæм байхъусат, афтæ. Æз уын æрхæссон иу чысыл таурæгъ. Æрмæст мын æууæнк раттут, мæ ныхас мын къуылымпы чи кæна, æргом мын æй чи фауа, уый

ацы ранæй куыд арвитат, æмæ æндæр ран урæд куыд æрцæуа, цалынмæ нæ радзурон, уалынмæ.

Фыййауы ныхасыл сразы сты.

Уæд, æлдары усыл цы ‘рцыди, уыдон радзырдта, цыма æндæр кæуылдæр æрцыдысты, уыйау. Ус йæ таурæгъ куыд кодта, афтæ фыццаджыдæр æддæмæ рарвыстой æмæ бæрæг ран баурæдтой уымæн йæ фыды ‘рдхорды, йæ фыд Чабæмæ куы цыди, уæд кæй хæдзары царди æмæ йын уыцы ‘фхæрдтæ чи бакодта, хæтæгхауæг кæй руаджы фæци.

Уый фæстæ рарвыстой уымæн йæ мойы хæлары, йæ лæппуты йын чи аргæвста доны былыл, ус йæ цæгатмæ куыд фæцæйцыди, афтæ.

Таурæгъ фæци дзырд. Фыййау систа йæ худ æмæ уый хуызæн сæры хил æркалдысты худы бынæй.

– Стыр æфсæрмы кæй фæкодтой, лидзæг чи фæци, йæ фыды хæдзарæй, йæ хъæбултæ саузæрдæ лæг кæмæн сæргæвста, уыйбæрц зынтæ чи федта, уый æз дæн. Ныр у, æмæ мæ хъаст хæссын сымахмæ – тæрхонгæнæг сымах фæут.

Тæрхоны ‘рбадтысты, уæдæ цы кодтаиккой.

– Хъæдын хырхæй сæ цыппæргæйттæй афадæм, æндæр тæрхон сын нæй.

– Уый нæ уыдзæн, – загъта иу æлдар. – Цыппæргай дихæй дæр мард мард у æмæ уæ агурдзæн йæ хай: марды кæнд, нығæнын, фæллой сыл ис. Мæ бæхрæгъаумæ ис æнæдомд уырсытæ, саргъ æвæрд кæуыл нæма уыди. Уыдонæй сæ дыууæйы къæдзилтыл бабæттын хъæудзæн, куыйхъæд, куыйдур сæ куыд бакæной æмæ се стæгдар дæр куыд нал сбæрæг уа! Уый та сын мæ тæрхон.

Æлдæрттæ фæстаг тæрхоныл сразы сты.

Дыууæ ‘лдары уырсыты дымджытыл ныббастой, æмæ сæ уыдон ныппырх кодтой.

Кæрæдзийыл фæцинтæ кодтой æлдары ус, йæ фыд, йæ мой. Ус æмæ та йæ мой цæрынтæ байдыдтой, зæнæг дæр та сын рацыди æмæ та амондджынæй æрвыстой царды бонтæ.

# АРВИСТОН

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Æппæтæй фылдæр знæгтæ фæзыны, сæр сæрмæ чи хæссы, æнæхин, æргомзæрдæ, фырнымд чи у, ахæм адæймагæн. Уый алкæй дæр хоны йæ номæй – рæстудты дæр æмæ, мæнгдзæсгом чи дары, цы нæу, ахæмæй йæхи чи 'вдисы, уыдоны дæр.

* * *

Фылдæр хатт æхсæнад адæймаджы æгъатыр скæны. Æгъатыр суæвын кæй бон не свæййы, уый та хъуамæ йæхи афтæ дара, цыма æнкъарæнтæй цух у, ома аразгæ митæ хъуамæ кæна, науæд ыл нæлгоймæгтæ дæр æмæ сылгоймæгтæ дæр сайдæй цæудзысты. Хæрзæгъдау адæймаг æхсæнады цыбыр рæстæг куы фæвæййы, уæддæр йæ зæрдæйы баззайы маргхъæстæ æмæ æрхæндæг æнкъарæнтæ. Уый та хорз æрмæст уымæй у, æмæ йæ иунæгæй баззайын уæлдай тынгдæр æрфæнды.

***Никола Шамфор***

* * *

Кæд историйы дзырдыл æууæндæм, уæд дыууадæсæм фæлтæры (æнусы. – *Ред.*), цæвиттон, авд фондзыссæдз азы размæ ирон адæм уыдысты дыууæ миллионы. Иухатт Гуырдзыстоны паддзах Тамар-дедупали Ирыстонмæ уазæджы хуынды æрцæйцыд, æмæ уæд йæ размæ ирон адæмы лæппулæгтæ рацыдысты дыууæ мин барæгæй. Афтæ бирæ уыдысты уыцы рæстæджы ирон адæм, фæлæ æртындæсæм фæлтæрæй фæстæмæ куынæгдæр кæнын байдыдтой æмæ ныртæккæйы рæстæджы хæрз цыбыр сты.

Исчи мæ бафæрсдзæн, ирон адæм цæмæн афтæ сцыбыр, скуынæг сты, зæгъгæ. Æппæты фыццаг: æндæр æмæ æндæр тыхджын адæмтимæ быцæу хæстытæй. Истори кæй не 'рæййæфта, уыцы рагон рæстæджы хæсты быдырты дæсгай æмæ фондзыссæдзгай минтæй задысты. Дыккаг: æндæр æмæ æндæр адæмтимæ

схæццæйы рæстæджы æндæр адæмтæм алæдæрстысты. Æртыккаг: дины æгъдауæй фæдихтæ кæнынæй æндæр дины адæмтимæ баиу сты, цæвиттон, кæсæгимæ, балхъаримæ, гуырдзыимæ æмæ æндæр тыхджын хæтæг адæмтыл бафтыдысты. (...) Афтæ æнцадæнцады ирон адæм фæйнæрдæм лæдæрсынц. Цыппæрæм: мидæггагон æвзæр æгъдæуттæ тынгдæр сцыбыр кодтой ирон адæмы æмæ сæ ноджыдæр цыбыр кæнынц. Цæвиттон, кæрæдзийы мидæг быцæутæ, чызгыскъæфынтæ, марынтæ, тугисынтæ, æнæгъдау хистытæ, æлæмтæ, бадæнтæ, дугътæ. Иу дзырдæй, бæрæгбонтæн сæ фылдæр ирон адæмæн хистгæнæн бонтæ сты. Хæрзбын та сæ ирæд кæны. Адон сты ирон адæмы хурхылхæцæг æгъдæуттæ...

* * *

Дауыт-Сослан Гуырдзыстонæн бирæ пайда фæци, бирæ зæххытæ сын райста Туркæй æмæ Персæй, ауæрæх сын кодта сæ арæнтæ. (...) Дауыт-Сослан йæ фыдыбæстæ, йе 'мирон адæмы кæй нæ уарзта, уый уымæй бæрæг у, æмæ дыууадæсæм фæлтæры Тамар æмæ Дауыт-Сосланæй фæстæмæ паддзахады куыстыты иууылдæр гуырдзиаг хицæуттæ уыдысты. Афтæмæй та хъуамæ Дауыт-Сосланæн йæ бон уыдаид, – уыйбæрц бирæ фæллой чи фæкодта Гуырдзыстонæн æмæ уыйбæрц хъæбатыр чи уыд, – ирон адæмы Гуырдзыстоны сæрты куы нæ акæсын кодтаид, уæддæр сæ æмрæнхъ уæддæр æрлæууын кодтаид...

* * *

Дауыт-Сослан ирон лæг, ирон туг уæвгæйæ, Ирыстоны территори ничердæм ауæрæхдæр кодта, афтæмæй та... уый хъæбатыр хæстытæн æмæ тухæнтæн æмбал нæ уыди. Гуырдзыстонæн цас бæстæтæ æмæ сахартæ райста, ирон адæмы та хохы цъассыты ныууагъта.

***Гæдиаты Секъа***

* * *

Æвзаг у, фыдæлтæй цы бынтæ баззад, уыдонæн сæ тæккæ ахсджиагдæр, зынаргъдæр. Мах зæрдиагæй ныхъхъуыды кæнын хъæуы йæ сусæгтыл, хъуамæ уарзæм æмæ буц дарæм уыцы диссæгты диссаг.

***Энтони Берджес,*** *англисаг фыссæг, критик*

* * *

Æппæтдунеон аренæйы, чи ссæрибар, уыцы адæмтæ сæ бынат куы бацахстой, уæд фæзынд ахæм хъуыды, æхсæнады æвзаг, дам, у æхсæнадæн йæ хæдбындуры ахсджиагдæр тых, æмæ йын ахъаз кæны йе 'ппæт рæзтæн дæр. Диглосси (дыууæ 'взаджы) цы бæстæты ис, уым уæлахиз кæны, адæм кæрæдзиимæ цы 'взагыл дзурынц, уый, хаттæй-хатт та фæуæлахиз вæййы æмæ йæ фæндагæй аиуварс кæны иу кæнæ цалдæр бындурон æвзаджы.

***Клиффорд Файл,*** *фыссæг, педагог, африкаг æвзæгтæ иртасæг. Сьеррæ-Леоне*

# ÆЦÆГ ЦАУТÆ, ÆМБИСÆНДТÆ, ХЪУЫДЫТÆ

## Хæрджыты æвзаг

Иу фæлдурæджджын æвзæр дзыхæй хъæр кодта хæрæгыл. Фæлæ хайуан йæ коммæ нæ кастис. Æндæр лæг æм иуварсæй кæсы æмæ йæм дзуры: «Хъус-ма, æдылы къоппа! Хæрæг дын де 'взаг никуы бамбардзæн. Цæмæй дæ бамбара, уый тыххæй фæлтау дæхæдæг хæрджыты æвзаг сахуыр кæн».

## «Мæ зонд мын фæцæуын кодта»

Иу стыр хицау йе 'дылыдзæф фырты ахуыргонд лæгмæ барвыста, цæмæй йын æй уый схъомыл кодтаид, йæ сæры йын зонд бауагътаид. Бирæ фæцархайдта ахуыргонд, фæлæ йæ хъуыддагæй ницы рауад. Æмæ йын йæ фыдмæ барвыста: «Дæ фыртæн йæ сæры зонд нæ бацыди, уыйхыгъд мын мæхи зонд фæцæуын кодта».

***Ширазаг Саади***

## Хæтæгхуаг æмæ хæйрæг

Царди, уыди хæтæгхуаг лæг. Иуахæмы фæндаггæрон æрбадт æмæ йæ мидхъуыдыты анығъуылд. Уалынджы дын йæ цуры хæйрæг куы фегуырид æмæ йæ алыварс куы силлæг уаид.

«Цы ралли-балли кæныс мæ фæйнæфæрсты? Исты æвзæр хъуыддагыл цæуылнæ ныххæцыс?» – фæрсы йæ лæг.

Хæйрæг æм æнкъардæй бакасти: «Бæстæ алыхуызон теоретиктæ æмæ фæлитой зондамонджытæй куы байдзаг, уæд ма дын мæнмæ исты хъуыддаг хауы?»

***Аджмал***

## «Кæмæй истай зонд?»

Иу зондджын лæджы бафарстой: «Кæмæй истай зонд?»

Уый ахæм дзуапп радта: «Куырмытæй. Куырм йæ къах ахæм бынаты не 'рæвæрдзæни, рагацау йæ лæдзæгæй кæй не сбæрæг кæна».

***Санои***

## Фæхæцæг

Натаниел Хоторнæн йæ иузæрдион цардæмбал æмæ хæлар София куы нæ уыдаид, уæд, æвæццæгæн, дунейы литературæйы номдзыддæр адæймæгты фарсмæ йæ ном нæ фæзындаид.

Иуахæмы Натаниел сæхимæ æрбацыди ныфссастæй, уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй æмæ йæ усæн загъта, мæ куыстæй мæ ратардтой, зæгъгæ. Кусгæ та кодта илциисæны.

– Иттæг хорз, – хъæлдзæгæй загъта ус. – Ныр дын замма
най фадат ис дæ чиныг ныффыссынæн!

– Куыннæ стæй! – æнкъардæй загъта Натаниел. – Æмæ цалынмæ чиныг фыссон, уæдмæ та цæмæй цæрдзыстæм?

Лæг дисæй амарди, София скъаппы лагъз куы раласта æмæ дзы æхцаты стыр цъæпæра куы систа, уæд.

– Кæцæй дæм æрбахаудысты адон?! – фæхъæр ласта Натаниел.

– Стыр курдиаты хицау кæй дæ, уый кæддæриддæр зыдтон, – загъта ус. – Фидарæй мæ уырныдта, иуахæмы адæмæн æмбисонды чиныг кæй ныффысдзынæ, уый. Гъемæ-иу мæм цы мызд радтай, уымæн йæ иу хай мæ рæбыны æвæрдтон. Ацы 'хца нын афæдзы фаг уыдзысты.

Æмæ зондджын, уарзон сылгоймаджы фæрцы америкаг литературæйы фæзынди Натаниел Хоторны æвæджиау роман «Сырх дамгъæ».

***Нидо Кубейн***

## Мадæлтæ æмæ хъомылады тыххæй

Уæ сывæллæттæ сымах не сты.

Уыдон сты цардæн йæхи лæппутæ æмæ чызджытæ.

Аргæ сæ сымах ныккæнут, фæлæ сымах не сты, кæд уемæ вæййынц, уæддæр.

Уæ бон сын у уæ уарзондзинад дæттын, æрмæст уæ хъуыдытæ – нæ, уымæн æмæ уыдонмæ сæхи хъуыдытæ ис.

Уыдон уæ туг, уе стæг сты, сæ уд та хибар у, уый цæры фидæны, сымах уæ фыны дæр кæй нæ фендзыстут, уыцы фидæны.

Уыдоны хуызæн уæвынмæ уæ бон тырнын у, фæлæ ма архайут уæ сабиты уæхи хуызæн скæныныл, уымæн æмæ цардæн сыдзмыдзы цæуæн нæй, ивгъуыд замантæм æй никæй бон у раздахын.

Ды æрдын дæ, дæ сывæллæттæ та – фæттæ.

Фатæхсæг йæ нысан уыны кæмдæр æгæрон тыгъды æмæ æрдынбос йæ тых, йæ бонæй аивазы, цæмæй йæ фæттæ атæхой тынг тагъд æмæ дардмæ.

Уæдæ уæхи æхсызгонæй бакæнут фатæхсæджы бар, уымæн æмæ, уый кæй фехсы, уыцы фаты хуызæн уарзы, йæ къухы чи баззайы, уыцы æрдын дæр.

***Халил Джебран***

## Ныфс

Дыууæ гагайы фæрсæй-фæрстæм хуыссыдысты уалдзыгон бæзнаг саумæры.

Сæ иу загъта: «Мæн фæнды сырæзын! Фæнды мæ, цæмæй мæ уидæгтæ саумæры арф ацæуой, стæй уæлæмæ æвзартæ суадзон... Бæллын къуыбыр рафтауынмæ, æмæ уалдзæг кæй æрцыд, уый дунейæн фехъусын кæнынмæ... Фæнды мæ хуры хъарм тынтæ банкъарын, мæ дидинджыты тæссонд хаутыл раймсомы æрттивгæ æртæх фенын!»

Æмæ гага сырæзыди, дидинæг фестади.

Иннæ гага загъта: «Тæрсгæ кæнын. Саумæры уидæгтæ куы ауадзон, уæд уым, талынджы, сæ размæ цы цæлхдуртæ фæзындзæни – хæйрæг йæ зонæг. Зæххæй уæлæмæ буц æвзартæ куы суадзон, уæд сæ, цынæ вæййы, исчи куы бахъыгдара... Къуыбыртæ мыл куы фæзына, уæд сæ иставæр саск æхсынын куы байдайа. Дидинæг куы ракалон, уæд мын сæ исты æнаккаг куы

‘ртона æмæ сæ йæ къæхты бын куы бассæнда. Фæлтау хуыздæр рæстæджытæм банхъæлмæ кæсон».

Æмæ дыккаг дидинæг æнхъæлмæ кæсын байдыдта.

Иуафон иу æххормаг карк уым февзæрди, гага ауыдта æмæ йæ аныхъуырдта.

Ацы хабар нын амоны: ныфс кæмæ нæй, размæ тырныны хъаруйæ цух чи у, уый кæйдæр амæддаг свæййы.

***Потти Хансен***

## Лæггад мидбылхудтимæ

Иу лæгæн фæллад уадзынафон æрцыд æмæ йæ рæстæг арвитынмæ хъавыди чысыл сахары фысымуаты. Æмæ фысымуаты хицаумæ арвыста мæнæ ахæм фыстæг:

«Тынг мæ фæнды мæ куыдзимæ сымахмæ ацæуын. Мæ куыдз у хорз хъомылгонд æмæ сыгъдæг. Курын, æмæ мæ уæ фысымуатмæ мæ куыдзимæ бауадзут».

Дзуапмæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд:

«Ацы фысымуат мæ бæрны бирæ азты дæргъы ис. Гъемæ мын уыцы азты мæ цæрæнуæттæй иуæй дæр иунæг куыдз дæр хисæрфæнтæ, хуыссæны цъæрттæ, æвзист дзауматæ, къулыл ауыгъд нывтæ нæма адавта. Стæй иунæг куыдз дæр мæ фысымуатæй, æхца нæ бафидгæйæ, никуыма алыгъди.

Æхсызгон мын уыдзæн дæ куыдзы мæ фысымуаты уынын. Æмæ мын кæд фидар дзырд радта, мæ хицау сыгъдæгзæрдæ адæймаг у æмæ йыл бауæндæн ис, зæгъгæ, уæд дæуæн дæр мæ цæрæнуæттæй иуы æрфысым кæнын бар уыдзæни».

***Карл Альбрехт, Рон Зенке***

## Дæ зæрды мын баххуыс кæнын ис?

1989 азы Сомихстоны æрцыд, йæ тых 8,2 баллы кæмæн уыд, ахæм зæххæнкъуыст. Уый йæ фæдыл расайдта стыр бæллæхтæ. Цыппар минутмæ фæмард 30.000 адæймагæй фылдæр.

Уыцы æвирхъау рæстæджы иу лæг йæ цардæмбалы ныууагъта йæ хæдзары, ницы тас ын у, уый зыдта, афтæмæй æмæ азгъордта скъоламæ – уым уыдис йæ лæппу. Скъолайы бæстыхай баййæфта хæдзаруатæй. Лæгæн йæ зæрдæйы тугтæ ныттагъдысты. Æваст æрымысыд, йæ фыртæн цы дзырд радта,

уый: «Цыфæнды хабар дыл куы ‘рцæуа, уæддæр дæм æз æвæстиатæй фæзындзынæн æххуысмæ!»

Лæгæн йæ цæстытæ доны разылдысты. Раздæры скъолайы бынаты – айдагъ хæлддзæгтæ. Фæлæ лæгæй рох нæ уыди, лæппуйæн цы дзырд радта, уый. Цы къласмæ йæ кодта, уый уыди бæстыхайы рахизфарс къуымы. Æмæ уым дуртæ фæйнæрдæм калын байдыдта.

Уæдмæ иннæ ныййарджытæ дæр удаистæй цыдысты хæдзаруаты цурмæ, æмæ-иу сæ уынгæг хъæртæ райхъуыстысты: «Мæ фырт!», «Мæ чызг!», «Уæууау, цы кæнон?!»

Ныййарджытæй иуæй-иутæ сæ зæрдæ ницæуылуал дардтой æмæ-иу сæ дзыхæй схауди:

– Байрæджы!

– Æгас дзы ничиуал у!

– Нæ бон ма сын цы у!

Лæг сын сæ ныхæстæм нæ хъуыста, æрмæст-иу алкæй дæр афарста:

– Дæ зæрды мын баххуыс кæнын ис?

Æмæ фæйнæрдæм калдта дуртæ, бæстыхайы хæлддзæгтæ. Йæ сæры уыд иунæг хъуыды: хъуамæ мæ фырты цыфæндыйæ дæр ссарон.

Уалынджы фæзынди сыгъдхуыссынгæнæг командæйы хицау æмæ архайдта адæмы иуварс атæрыныл:

– Ныртæккæ тынг тæссаг у зынгсирвæзтытæй, рæмыгъдтытæй, æмæ уæхи хъахъхъæнут, алчидæр уæ йæ хæдзар бацагурæд. Хъуыддæгтæ мах бар уадзут.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, лæг афарста зынгхуыссынгæнæджы:

– Дæ зæрды мын баххуыс кæнын ис?

Уæдмæ сæ цурмæ æрбацыди милиционер дæр æмæ дзуры лæгмæ:

– Дæхиуыл фæхæц, хорз лæг, ам тынг тæссаг у, исты фыдбылызы бахаудзынæ.

Æмæ та лæг милиционеры дæр афарста:

– Дæ зæрды мын баххуыс кæнын ис? – æмæ йæ куыст нæ уагъта – цæуыл хæст кодта, уыдон фæйнæрдæм калдта: йæ фырт æгас у æви фæмард, уый цалынмæ базона, уæдмæ йын ардыгæй ацæуæн нæй!

Аст сахаты дæргъы къахта... Къахта 12 сахаты, 24 сахаты,

32 сахаты. 38 сахаты куы рацыд йæ удуæлдай куыстыл, уæд иу стыр дур рахъил кодта, æмæ йæм æваст райхъуыст йæ уарзон хъæбулы ныхас.

– Арманд! – ныхъхъæр ласта фыд йæ хъæлæсыдзаг, æмæ та йæ хъус ацахста йæ лæппуйы ныхас:

– Баба! Мæнæ дæн æз! Ме 'мбæлттæн дæр загътон, ма тыхсут, мæ фыд æгас куы уа, уæд нæ фервæзын кæндзæни, зæгъгæ. Дзырд мын куы радтай, цыфæнды куы 'рцæуа, уæддæр дæм æххуысмæ зындзынæн, зæгъгæ! Æмæ дæ дзырдæн хицау разындтæ, баба!

– Цы ми кæнут, куыд стут? – афарста фыд.

– Æртындæс æмæ ссæдз уыдыстæм æмæ ма нæ цыппæрдæс баззад удæгасæй, баба. Тынг фæтарстыстæм, æххормагæй æмæ дойныйæ мæлæм! Æмæ не 'ппæт дæр дæумæ æнхъæлмæ кастыстæм. Скъола куы ныккалд, уæд нæ къласы къултæй дыууæ нæ афæлдæхтысты æмæ уыдонæй цары 'хсæн нынныгъуылдыстæм!

– Схиз уæдæ, мæ къона!

– Нæ, баба! Раздæр уал ме 'мбæлтты сæргъæвут, стæй та æз сбырдзынæн. Зонын æй, цыфæнды куы 'рцæуа, уæддæр мæ ды фервæзын кæндзынæ.

***Марк В. Хансен***

## Базондзысты йæ

Иу хуыцаубоны мæ фондзаздзыд хæрæфыртимæ аргъуаны уыдыстæм. Хæдзармæ куы 'рбацыдыстæм, уæд чызг гæххæтт æмæ къæрандæстæ райста æмæ цыдæртæ ныв кæнын байдыдта. Æз æй афарстон цы кусыс, зæгъгæ. Уый мын дзуапп радта:

– Хуыцауы ныв кæнын.

– Æмæ Хуыцау цы хуызæн у, уый куы ничи зоны, – загътон æз.

Уæд мын уый афтæ:

– Æз æй куы сныв кæнон, уæд æй базондзысты.

***Джеки Холл***

## Лæвар

Автобусы бадæнтæй иуыл бадти тæнтъихæг зæронд лæг. Йæ къухы ногтынд дидинджытæ. Йæ фарсмæ бадт фæцис иу дæсаз-

дзыд къæсхуыртæ чызг æмæ дидинджытæй йæ цæст нал иста. Зæронд лæг æй бафиппайдта, фæлæ дзургæ ницы скодта. Йæ хизынафон куы ‘рцыд, уæд фестади, дидинджытæ чызджы уæрджытыл æрæвæрдта:

– Дæ зæрдæмæ тынг кæй цæуынц, уый уынын æмæ дын сæ лæвар кæнын. Мæнмæ гæсгæ, мæ цардæмбалæн дæр æхсызгон уыдзæни, дæуæн сæ кæй радтон, уый.

Автобус æрлæууыд, æмæ зæронд лæг рахызти. Чызг йæ фæдыл кæсгæйæ баззад, ауыдта ма: лæг уæлмæрдтæм бацæуæн кулдуарыл бахызт æмæ ингæнты ‘хсæнты фæндагыл араст.

***Джек Кэнфилд, Марк В. Хансен***

# АГУЫДЗ – ЮМОРИСТ

## 1. «Уæ капеччытæ райсут...»

Бæциаты Агуыдз хъазаг лæг уыди. Дыгуроны загъдау, уарзта гириз кæнун. Фæлæ гуырымыхъхъ митæ æмæ ныхæстæ нæ кодта, йæ цардуарзон, хъæлдзæг юмор адæмæн цин хаста.

Радиокомитеты Абайтæй Гришæ, зæгъгæ, иу лæг бухгалтерæй куыста. Фæсус хъæлæсæй дзырдта. Хъодзаты Æхсар æмæ Ходы Камал та – «Мах дуджы» редакцийы куыстой.

Гъемæ дын сæм иуахæмы Агуыдз уыцы лæджы хъæлæсæй куы бадзурид:

– Рацæут, мæнæ уæ капеччытæ (ома уæ гонорар) райсут.

Цинæй куыннæ амардаиккой Камалитæ! Цæмæй хæйрæг уыдысты – Агуыдзы гиризæн ницы бамбæрстой, афтæмæй, айтæуыйтæ нал, фæлæ уыцы разæнгардæй Димитровы уынгæй рараст сты æмæ Радиойы хæдзармæ сæ ных сарæзтой. Бахызтысты бухгалтеры уатмæ. Гришæ цыдæр хъуынтъызæй бадтис. Æрлæууыдысты йæ цуры. Дзургæ ницы кæнынц, ома се ‘рбацыды сæр æнæуи дæр бæрæг у.

Бух сæм уæлæмæ скаст æмæ афарста:

– Цы зæгъдзыстут?

– Дæхæдæг нæм куы дзырдтай телефонæй, рацæут уæ капеччытæ райсут, зæгъгæ, – цырд æм фæлæууыди Камал.

– Æз никæмæ дзырдтон, – уыцы хъуынцæстæй йæ сæр дыууæрдæм аратил-батил кодта бухгалтер.

«Уазджытæ» иуцасдæр сагъдауæй аззадысты, стæй бамбæрстой, Агуыдз сæ кæй ахъазыд, уый.

Æмæ сæргуыбыр-уæнтæхъилæй сæхи райстой уатæй.

## 2. Минуты æрдæг

Æгъуызарты Æхсарбег Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынæны комитеты сæрдарæй бирæ фæкуыста. Йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзы æмбис хауд уыд. Иухатт йæ кусæнуаты цавæрдæр уазæгимæ бадт, æмæ зæрдиаг ныхас кодтой. Уыцы рæстæг Агуыдз тыргъы фæзынд: Æхсарбеджы йæ цæмæйдæр афæрсын фæндыд. Йæ уаты дуар ын базыхъхъыр кодта æмæ фæрсы: «Бауайæн ис?»

Æхсарбег ын йæ амонæн æнгуылдзы æмбисæй ацамыдта:

– Одну минуточку.

Агуыдз дуар бассыдта. Стæй йæ ногæй базыхъхъыр кодта æмæ бадзырдта:

– Ахсарбек Татарканович! Де 'нгуылдз куыд амоны, афтæмæй хъуамæ минут ма 'нхъæлмæ кæсон, фæлæ минуты 'рдæг.

# «МАХ ДУГ» 2012 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:


### ÆГЪУЫЗАРТЫ ÆХСАРБЕГ: 90 АЗЫ

*ÆГЪУЫЗАРТЫ Æхсарбег.* **Хæххон доны уынæр.** Скъуыддзаг романæй. V. 6.

### БАЛАТЫ ТЕМБОЛ: 100 АЗЫ

*БАЛАТЫ Тембол.* **Миниатюрæтæ, æмдзæвгæтæ.** X. 6.

### БЕСТАУТЫ ГИУÆРГИ: 80 АЗЫ

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги.* **Дæ фæдтæ агуырдтон...** Æмдзæвгæтæ. V. 15.

### БИЦЪОТЫ ГРИШ: 80 АЗЫ

*БИЦЪОТЫ Гриш.* **Зæды зæрдæ.** Роман. IV. 8; V, 20; VI, 11.

### БУДАЙТЫ МИЛУСЯ: 60 АЗЫ

*БУДАЙТЫ Милуся.* **Æмдзæвгæтæ, новеллæ.** XI, 71.

### ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 80 АЗЫ

*ГАДЖИТЫ Георги.* **Хæрзбон, нæ хæхтæ.** Æмдзæвгæтæ. V. 85.

### ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ: 130 АЗЫ

*ДЗЕСТЫ Куыдзæг.* **Гæдиаты Цомахъ.** Мысинæгтæ II. 26.

*ГÆДИАТЫ Цомахъ.* **Æмдзæвгæтæ II. 34.**

### АЛЕКСАНДР ГЕРЦЕН: 200 АЗЫ

**Герцены базырджын ныхæстæ, уацтæй скъуыддзæгтæ, фыстæг** IV, 107.

### ГУЫРДЗЫБЕТЫ ИРИНÆ: 75 АЗЫ

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ.* **Поэзийы дзæнгæрæг.** Æмдзæвгæтæ. XII, 69.

### ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР: 75 АЗЫ

*ДЗАСОХТЫ Музафер.* **Арв æмæ зæххы астæу.** Æмдзæвгæтæ. I. 14.

**ЭЖЕН ИОНЕСКО: 100 АЗЫ**

*Эжен ИОНЕСКО.* **Хъæлдзæг хабар, хъуыдытæ.** XI, 105.

**КОЦОЙТЫ АРСЕН: 140 АЗЫ**

*ЦÆЛЛАГГАТЫ Тæтæрхъан.* **Ахæмæй йæ зыдтон.** II, 6.
*КОЦОЙТЫ Арсен.* **Тохы бон.** Радзырд. II, 12.

**МЫРТАЗТЫ БАРИС: 95 АЗЫ**

*МЫРТАЗТЫ Барис.* **Æнæ дæу хур дæр нæй.** Æмдзæвгæтæ. I.6.

**АБУ НУВАС: 1250 АЗЫ**

*Абу НУВАС.* **Æмдзæвгæтæ.** IV, 103.

**ВЛАДИМИР ПАЛЬЧИКОВ: 75 АЗЫ**

*Владимир ПАЛЬЧИКОВ.* **Алы азты фыстытæ.** VI, 97.

**ЖАН-ЖАК РУССО: 300 АЗЫ**

*Жан-Жак РУССО.* **Хъуыдытæ.** VI, 92.

**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 90 АНЗИ**

*ТЕТЦОЙТИ Таймураз.* **Царди дæргъæн тох.** Æмдзæвгитæ. IX. 66.

**УЫРЫМТЫ ПЕТКА: 80 АЗЫ**

*УЫРЫМТЫ Петка.* **Уды зынг.** Æмдзæвгæтæ. VIII. 83.

**ДУ ФУ: 1300 АЗЫ**

*Ду Фу.* **Æмдзæвгæтæ.** XI, 99.

**ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ: 75 АЗЫ**

Фысджытæ Зинæйы тыххæй. XII, 6.
*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ.* **Фæлæуу хæрз чысыл, хур!..** Æмдзæвгæтæ. XII, 16.

**ХУЫБЕЦТЫ РАИСÆ: 90 АЗЫ**

*ХУЫБЕЦТЫ Раисæ.* **Сценæтæ пьесæтæй.** X. 14.

**ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ: 70 АЗЫ**

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Зынгхуыст бæллицтæ.** I, 29; II, 36; III, 18.

**ЧЕДЖЕМТЫ ÆХСАР: 75 АЗЫ**

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар.* **Дæ ном.** Æмдзæвгæтæ. III, 9.

**ХЪАЗБЕГТИ ХЪАЗБЕГ: 100 АНЗИ**

*ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег.* **Уæлахези турусатæ.** Æмдзæвгитæ, финстæгутæй скуддзæгтæ. VI, 6.

ПОЭЗИ

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Авд æмдзæвгæйы.** IX, 5.

*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Сæрдыгон райсом.** Æмдзæвгæ. IX, 85.

*БАСИТЫ Зæлинæ.* **Кæддæры рухс бæллицтæ.** Æмдзæвгæтæ. IV, 79. **Æртæ æмдзæвгæйы.** X, 62.

*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Арв æмæ зæххы хорзæх.** Æмдзæвгæтæ.VI, 8. **Фæззыгон мæйдары.** Æмдзæвгæтæ. XI, 86.

*БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег.* **Дæттæ фурдмæ тындзынц.** Æмдзæвгæтæ. VII, 76.

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.* **Æмдзæвгæтæ сабитæн.** III, 92.

*БЫРНАЦТЫ Барон. Рубаитæ. I, 76.* **Мæ бæллицтæ.** Æмдзæвгæтæ. X, 22.

*ГАДЖИТЫ Барис.* **Дардмæ фæцыдтæн.** Æмдзæвгæтæ. IX, 77.

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Уæддæр æз бузныг дæн хъысмæтæй.** Æмдзæвгæтæ. III, 75.

*КОКОЙТЫ Махар.* **Ахæм у нæ цард.** Æмдзæвгæтæ. VI. 89.

*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Алæмæты уидаг.** Æмдзæвгæтæ. V, 96.

*НАФИ.* **Хурмæ фæндаг.** Æмдзæвгæтæ. VIII, 5.

*НОГЪАЙТЫ Хазби.* **Мæ ис.** Æмдзæвгæ. VI, 88.

*ТЕДЕТЫ Ефим.* **Агуырдтон дæ булæмæргъты зарды.** Æмдзæвгæтæ. II, 81. **Уарзондзинад.** Æмдзæвгæ. III, 5.

*ХÆМЫЦАТЫ Албег.* **Мæ уд æнцойдзинад нæ ары.** Æмдзæвгæтæ. II, 70.

*ХÆУЫТАТЫ Къоста.* **Дæлимон нæ дуджы – æлдар.** Æмдзæвгæтæ. X, 33.

*ХОДЫ Камал.* **Æрвон дзæнгæрæг.** Æмдзæвгæтæ. VI, 76.

*ХУЫДЖЕТЫ Азæ.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** IV, 91.

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Азæ.* **Дыууæ æмдзæвгæйы.** III, 90.

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Мæ урс сæры сæрибар.** Æмдзæвгæтæ. I, 63.

*ЦХУЫРБАТЫ Сергей.* **Ирон цагъдмæ хъуыстон.** Æмдзæвгæтæ. VII, 107.

## ПРОЗÆ

*АГЪНАТЫ Гæстæн.* **Темыры кæстæр чызг.** Роман. VII, 5; VIII,12; IX, 10.
*ÆЛХЪАЦАТЫ Аслæнбег.* **Хъæдгæеройнаг хабæрттæ.** III, 95. **Æрыхъусæггаг хабæрттæ.** X, 67.

**Базырджын ныхæстæ.** III, 6.
*ГУСАЛТЫ Барис.* **Æви?** Радзырд. VII, 80.
*ДЖУСОЙТЫ Майæ.* **Новеллæтæ.** IV, 83.
*КОБЕСТЫ Зауырбег.* **Чысыл нывтæ.** IX, 73.
*МАМИАТЫ Таймураз.* **Амондджын ирвæзт.** X, 64.
*ФИДАРАТЫ Булат.* **Хамырзæйы сыхбæстæ.** Радзырд. X, 36.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Айсет.** Уацау. XI, 5; XII, 16.
*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Тыхæй тыхджындæртæ дæр разыны.** Таурæгъ. V, 93. Усбирæгъ. Таурæгъ. XII, 76.
*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр.* **Рагбонты артæй.** VIII, 87.
*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Радзырд, этюд, новеллæ.** III, 82. **Дæ райсом хорз.** Этюд. VI, 79.

## НОГ НÆМТТÆ

*АСЛÆМЫРЗАТЫ Дзерассæ.* **Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн.** Æмдзæвгæтæ. VIII, 96.
*КАРСАНТЫ Еленæ.* **Шекспирæй.** VIII, 99.
*МУЛДАРТЫ Мурат.* **Кæстæры сагъæстæ.** IV, 93.

## НÆ ЧЫСЫЛ ХУРТÆН

*ТОМАЙТЫ Адæ.* **Хæларзæрдæ дидинæг.** Радзырд. II, 88.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ГАДЖИТЫ Георги.* **Æртæ новеллæйы.** IX, 86.
*ЦÆЛЫККАТЫ Ахмæт.* **Æмдзæвгæтæ æмæ таурæгъ.** X, 69.

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**Аргъæуттæ.** IX, 93; XI, 89.

## ОЧЕРК, ПУБЛИЦИСТИКÆ

*ПАГÆТЫ Хъазыбег.* **Лæджы фарн.** X, 95.
*ДЗУЦЦАТЫ Къоста.* **Æнусы сæрты акаст.** Уацхъуыд. XII, 79.

### ХОСГÆНДЖЫТÆ

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **«Дохтыры куысты лыстæг хъуыддæгтæ нæй...».** X, 78.

*МАХЪОТЫ Мæдинæ.* **Табуйаг къухтæ.** X, 85.

### РÆСТÆГ – РÆСТÆВЗАРÆН

*КЦОЙТЫ Астемыр.* **Хæдзархæлд.** XI, 79.

### ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*ЦОПАНТЫ Ритæ, ПЕКАТЫ Надеждæ.* **Синонимтæ Джыккайты Шамилы æмдзæвгæты.** Уац. VII, 20.

### АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*Еленæ ТОЛОКОННИКОВА.* **Актеры хъысмæт.** Уац.VII, 128.

### УИДÆГТÆ

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Цæрæнбоны гаджидау.** V, 125.

**Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ.** III, 119; XII, 111.

### НЕ 'ВЗАГ – НÆ ФАРН

*ДЗАРАСАТЫ Альберт.* **Сагъæс ирон æвзагыл.** X, 74.

### АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Англисаг зæгъы – Шекспир...».** I, 123.

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ.* **Æвзаг базоныны ахсджиагдæр фæрæзтæй иу.** III, 127.

### ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

**Нарты кадджытæ.** I, 84. **Даредзанты таурæгътæ.** II, 96. **Царциаты таурæгътæ.** III, 101. **Аргъæуттæ.** IV, 114. **Таурæгътæ.** V, 104. *ГÆДИАТЫ Секъа.* **Хъуды Цыппу.** Радзырд. VI, 104. *КОЦОЙТЫ Арсен.* **Радзырд, новеллæтæ.** VIII, 114. *ТЛАТТЫ Хох.* **Фын.** Радзырд. IX. 112. *БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо.* **Цад. Ацырухс.** X, 114. *БАЙАТЫ Гаппо.* **Новеллæтæ, эссе.** XI, 128. ÆМБАЛТЫ Цоцко. **Æлдары чызг, кæнæ дыууæ æрдхорд æлдары.** Аргъау. XII, 118.

### «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Афæдзы дæргъы журналы уыд ахæм нывгæнджытæ, скульптортæ æмæ къамисджыты куыстытæ: Харебаты Давиды – **I, 108;** Хайаты Владимир æмæ Ибрагимы – **II, 116;** Никъо Тер-Степановы – **IV, 126;** Вла-

димир Майоровы, Гæздæнты Зарæйы фæсныхасимæ – V, 111; VI, 121; Гаппуаты Натальяйы – VII, 109; Дзиуаты Земфирæйы – VIII, 100; Гасситы Хсары – IX, 101; Гусалты Барисы – X, 112; Чеджемты Георы – XI, 118; Зыгъуытаты Русланы – XII, 80.

## АРВИСТОН

I, 133; II, 136; III, 131; IV, 134; V, 133; VI, 134; VII, 134; VIII, 131; IX, 132; X, 134; XI, 118; XII, 128.

## УÆЛÆМХАСÆН

*Гульнара БЕКИРОВА.* **Григорий Токаев и его работа «Усмирение Северного Кавказа». Разныхас. VI, 127**

*Григорий ТОКАЕВ.* **Усмирение Северного Кавказа.** VI, 132.

Цъары фæрстыл:

*2. Къæдзæх Пыл (сакъадах Сардини).*

*3. Къæдзæх Наупæлæз (Геленджикмæ хæстæг).*

*4. Къæдзæх Зæронд лæг Хой (Шотланди. Йæ бæрзæнд у 137 метры).*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 16.11.12. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 422. Цена свободная.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компют. – 25-22-47.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247